# БЛЫН ЩХЪУАНТІЭМ ТЕТ ТХЫГЪЭХЭР

Маргъущ Везир




Хабзэр тфІэкІуэдыху тхобзэ.
25 Ara 2020 18:50

"Хьэт!" жедмыгъаlэ ипэ "Черкес" зыжетlэн хуейщ.
23 Ara 2020 15:19

Жэмэlат зимыlэ мэжджытщ КАФКАС цlэр. Адыгэм нэхъ зыри щlэскъым.
23.07.2019 01:05

Псоми къаугъуей ди пащхьэм, сэ мыпхуэдэ мыпхуэдэхэр сощlэри сэр хуэдэ
Адыгэ щыlэкъым жоуэ. Ауэ,
"фщыщlагъуэкlэ иlэ тlэкlуи лъэпкъым хуэдывгъэугъуей." жытlэмэ зыми зы
хьадзэи къэугъуейкъыми зэбгырофтхэр.
22 Aralık, 15:06

ЧЕРКЕС цIэр хыфIырагъэдзащи щызырадзэ хэхэсым Адыгэ Iуэхур.
Е кавказ цIэр фыIыгъ е Черкесым адрей лъэпкъхэри хэдывгъабжэ жаIэр.
ЖызыIэри Адыгэщ. Я гугъэри Адыгэм ейр зезыпхъуэхэм телъхьэ яхуэхъунращ,
къыдэху ныдэхухэмкIэ я ныбэ из щIынращ.
ЧЕРКЕС жытIэху зи шейтIан къызтехьа Адыгэ напцIэхэр Адыгэ лъапсэ гъэгъум и
нобэрей телъхьэхэщ.
Фызыгуэудынуми ЧЕРКЕСыр Адыгэ закъуэращ, ЧЕРКЕСИЯри Адыгэм ди хэкущ.
Адыгэм и къэрури фэдгъэгъэхьэулейынукъым.
Адыгэм езым ейр къищтэжынущ.
Пэжыр зэIусэр къоушыри къэушари шыпсэкIэ ягъэжейижыфыркъым.
Маргъущ Везир

20 Ara 2020 10:41

ХЭКУРЫСХЭ:

Хэхэсымрэ хэкурысымрэ гупщысэкӀэ зылъэдгъэӀэсын хуейщ.

Хэхэсыр нэхъ зыщыщӀэу щытыр и бзэкӀэ зэрмытхэу зэр щытрат. Мыбы къыбгъэдэкӀыуи хэкурысхэм зыпащӀэу ахэм дэгъусэу зы еплыкӀэ къытырагъэхъуэфакъым дунейм. Ауэ дыкыздэса нобэм мащӀэми ибзэкӀэ тхэуэ и гупщысэхэр зыгъэлъагъуэ хэхэсхэр къытхэтхэщ. Мы Ӏуэхур лъэпкъымкӀэ дызщыгуфӀыкӀын зы Ӏуэхущ.

Иджы хэкурысхэмрэ дэрэ зыр зым дызлъэӀэсыну амалыгъуэ къыдетыр Ӏинтернетым. Хэхэсымрэ хэкурысымрэ цӀыхугъэ зэхуэухъухэри зызэпащӀа махъур. Ӏинтернетым нэхъыбэу зым зым я псалъэ кӀэщӀхэр зэрапэсынрэ, зым зым я сурэтхэм щытхъунрэ, зым зым фӀыщӀэ хуэщӀынрэ нэхъ я зыпыщӀэныгъэр къэгъэсэбэпкъым.

“Си лъэпкърэ си лъэпкъым и къэкӀуэнымрэ” жызыӀэ си хэкурыс шыпхъухэмрэ си къуэшхэмрэ сынyволъэӀур. Ди лъэпкъым и къэкӀуэнур дахэ зэр хъуныр зэпхар и хэкуращ. Фэ хэкум щекӀуэкӀ пэжымкӀэ хэхэсыр щыгъуазэ фыщӀыныр фи пщэрылъщ. Дэ хэхэсхэр сытым теухуауэ дауэ хэкум ди лъэр тедгъувэжыфынуми зы гъуэгу къыздэдгъуэтын хуейщ. Ди лъэпкъ мащӀэр зауэмрэ банэмрэ хэдмыдзэу и пщэдейм хэкум нэху къыщекӀын щхьэ сыт тщӀэнуми зыдэдубыдыурэ дыщӀэн хуейщ.

“Мор къытщыщӀат, мыр къэхъуат”ым дыкӀэрыкӀыу “мыращ ди гъуэури абы дытэтщ”ым дыхуэныкъуэщ. ЦӀыхум и Фэр Ӏувщи куэд дохуэр. Куэд ди щхьэ къырикӀуами дунейм псоуэ дыщытеткӀэ ди фэ дэдгъэхуам дыкӀэрыкӀыу ди пщэдейр къэдлэжьын хуейщ. Ди пщэдэйр къэдлэжьымэ мис абдеж дытӀысынщи ди щхьэ къырикӀуахэр лъэныкъуэ едгъэзижынщ.

Хэкурыс ди шыпхъу, ди къуэшхэ; ди хэкум сыт хабзэм теухуауэ дылъэӀэсынуми ар утыку къыздитлъхьэн хуейщ. Къэралыгъуэ хабзэкӀэ, хэт сытым епхауэ сыт ищӀэнкӀэ, хэтыр дэнэ дауэ сыт ищӀэу щыпсоункӀэ гъэтэрэзауэ тщӀэн хуейхэр къэтпсэлъу икӀи унафэм икӀи щӀым къытегъувэн хуейщ.

Аращи ди хэкурыс ди лъэпкъэгъухэ, фэ фи Ӏэр къэвмышиймэ дэ дынебакъуэу фи дрыщӀмкӀэ дызпырыкӀыныр гугъущ. Къэфщий фи Ӏэхэр, зи гур абыкӀэ нэбакъуэхэм ягу-Ӏэпэхэр къэвубыд.

Маргъущ Везир

**15.11.14**

**20:48**

14 Ara 2020 23:39

Адыгэбзэр гум и бзэщ.
Къыбдэмыбзэжмэ
Уи гур Iэрзейхьэщ.

18 Ara 2020 23:52

Уи жылэм зи къудамэхэр дыгъэпсым еIусэурэ дэкIейуэ жыг хъун щIэныгъэ илъщ. Уэ зыми и жьауэм жыг ущыхъуфынкъым Адыгэ. Жьауэм къыщIэшийыкI уи къудамэхэр. Уафэм ебоу, дгъэпсым ефэ!
Уи жылэм зи къудамэхэр дыгъэпсым еIусэурэ дэкIейуэ жыг хъун щIэныгъэ илъщ. Уэ зыми и жьауэм жыг ущыхъуфынкъым Адыгэ. Жьауэм къыщIэшийыкI уи къудамэхэр. Уафэм ебоу, дгъэпсым ефэ!
14 Ara 2018 17:45
14 Ara 2020 08:42

Уи лъэпкъ Iуэху зомыхуэжмэ узэрахуэу укъэнэнщ.
9 Ara 2020 08:35 güncellendi

9 Ara 2020 08:35

Дунейм демыкIумэ ар къытхурикъунущ.
АдыгагъэкIэ декIуижын хуейщ лъэхъанэм.

5 Ara 2020 22:49

ГъащIэр къытхуэмыупсэми дэ усэкIэ абы и сурэтыр къыдотхъыхь...

28 Kas 2020 23:03

Адыгэр хуит хъумэ удафэу РФр зэхигъэзэрызыын къызфIэщIхэ фэ нывжызоIэ: Адыгагъэм тет зыри удафэкъым, цIыхугъэм мамырыгъэфэ къытырегъауэр.

27 Kas 2020 00:04

...КІЭЩІ КІЭЩІЫУ.....
2021'м екІуэкІыну щыт Переписьым ЧЕРКЕС(АДЫГЭ)уэ зегъэлъытэн хуейщ.
РФ къэралыгъуэр мыбы къыпэувкъым. Зы фlэщыгъэцlэклэ дызэрыубыдыжыну
lэмал дэгъуэ къэралым къыдитащи мы Іэмалыр гъэсэбэпын хуейщ.
Адыгэр дунэйпсом къызэращІэр ЧЕРКЕСщ.
Адыгэ хэкур къызэращІэ цІэр ЧЕРКЕСИЯщ.
ЗыкъэтщІэжын щхьэ дыкъызэращІэ цІэм гъащІэ еттижын хуейщ.
Хэхэсыр КАВКАЗ цІэкІэ ягъэхьэулейри мыбы кІэ зэригъуэтынур Хэкурысхэм
ЧЕРКЭС цІэкІэ языгуэхьэжынращ.
Адыгэм ейр Адыгэм традмыгъэхын щхьэ ды Черкесу утыку дитын хуейщ.
Пэжыр зэфІомгъувэмэ узпкъырауд. Ди пэжыр ЧЕРКЕСИЯмрэ ЧЕРКЕСымрэщ. Ар
зигу темыхуэм я гугъэр дызпкъырухууэ Іэхьэ дахуэхъунращ зыщомгъэгъупщэ.
ЦІыхур Іурихьмэ шхыІэн трапхъуэ, лъэпкъыр Іурихьмэ ятІэ тратхъуэржи иІауэ
хъуари щІэхыу зрапхъуэр. Абы щхьэ Черкес, абы щхьэ Черкесия жытІэн хуейщ.
МВ

22 Kas 2020 20:36

"Жы1э да1уэ" псалъэракъым Адыгэр дызыхуэныкъуэр. "ЖИ1ЭР ЗГЪЭЗАЩ1Э"
псалъэращ Адыгэр нобэ зхуэныкъуэр.
"Жы1э да1уэ" псалъэракъым Адыгэр дызыхуэныкъуэр. "ЖИ1ЭР ЗГЪЭЗАЩ1Э"
псалъэращ Адыгэр нобэ зхуэныкъуэр.
4 Kas 2020 16:39

Адыгэ фэ зытемыуа гъащІэм уифэр треуд икІи гъащІэр къыптоуэри ущІепІытІэр.

26 Eki 2020 13:18

Укъырадзэкъым.
Ипэ зыбодзэ.
Узэрадзэр...
Сы Адыгэщ жыпІэурэ зыкъыхубогъэхъу Адыгэм.
Ауэ, хъукъым. У тхьэмыщкІэ къудейщ.
(хэхэс щытыкІэм щыщщ)

24 Eki 2020 23:14

# ЧЕРКЭСРЭ ЧЕРКЕСИЯ ПСАЛЪЭМРЭ КЪЫЗЭФIЭДМЫГЪУВЭЖЫФМЭ ХЭХЭСРИ ХЭКУРЫСРИ ЗЫ ЩIЫПIИ ДЫНАГЪЭСЫНУКЪЫМ

Дызэкъуэтмэ дылъэщщ жыдоIэ.Ауэ ыздызэкъуэувэн хуей махуэм пкъырыпкъу дызэпкъырохур хэхэсыр нэхъыбэм.
Адыгэ лъэпкъым и бжыгъэм %90ыр хэхэс ящIу щыракъухьам адрей Кабказ лъэпкъхэм нэхъыбэ дыдэу хэхэс хъуам я бжыгъэр я бжыгъэ псом и %10ым нэс лъэпкъ щыIэтэкъым. А хэхэс хъуа лъэпкъхэр адыгэхэр хэхэсу зыдыхэс щIыпIэхэм дэри ды Черкэсщ жаIэурэ я щхьэхуэныгъэр яхъумащ Адыгэм и цIэу дунейр къазэреджэ я цIэмкIэ. Адрей лъэпкъ псори Адыгэм еплъытэмэ дунейм къэмыщIэ зэр лжэпкъхэм къыбгъэдэкIыу мы Iуэхур мыпхуэдэу екIуэкIащ. Адыгэхэм Черкес цIэкIэ хасэ яухуэну хуиттэкъым абы щхьэ Черкесияр къыхэзубыдэ щIыпIэцIэ КАВКАЗкIэ хасэхэр яухуащ. Адрей лъэпкъыу Шэшэн, Iосет, Лезги, Апхъаз, Карщей, Балкъар, Авар, Кумук хуэдэ лъэпкъхэм щыщхэри хасэхэм къекIуэлIащ. Я нэхъыбэри Черкес зыфIэщIижурэ ды Черкесщ жаIэурэ Адыгэхэм къытхэтахэщ. Ди къафэхэр ди щытыкIэхэр езбы зыдырагъэкIууэ теплъэкIэ къыдэщхьахэщ.
Шэшэнрэ Апхъаз зауэмкIэ Шэшэнымрэ Апхъазымрэ зэрымы Черкесыр, ахэр зэры щхьэхуэ лъэпкъхэр утыку къихьа щхьэ Адыгэр яIэ къызэрихькIэ ядэIэпыкъуащ а лъэпкъхэм. Зауэ нэужым хасэ щхьэхуэхэр яухуэри псори Кавказ хасэхэм гуэкIри я Iуэху еплъижахэщ. Адыгэхэми кавказ хасэхэр къаIэщIэна щхьэ Адыгэ Iуэху жызмыIэф зы тегъэпсыхьыгъуэм ирагъахуэри Адыгэ Iуэхур сыткIи иужь къырагъэгъэнащ. АдыгэцIэкIэ Iуэху езыхьэжьэм и Iуэхум къыпэрыуэхэурэ “Кавказ цIэкIэ Iуэху фыщIэмэ фи Iуэхур нэхъ зекIуэнщ”ыр къэралыгъуэ хабзэ щэхуу Адыгэм къыраухылIащ. “Дэ ды Черкесщ Черкесия дырилъэпкъщ икIи Адыгэмрэ Черкесымрэ зыщ.” жызыIэхэми хасэхэм къэпэрыуэн, гъэпщкIуакIэ зыгъэшынэн, е я тIасхъэ щIэзыхын куэди хасэхэм къытхагъэзэрыхьащ. “Хасэхэм Адыгэ Iуэху зырахуэкъым Адыгэ Iуэху зэрахуэн хуейщ!” жытIэхукIи “Фэ фы микро фаюистщ. Ди къуэшхэм дауэ фыIукI яжетIэну!” хуэдэ псалъэкIэ пэжыр ягъэпыудыну хущIэкъуахэщ, иджыпстуи ар дыдэр ящIэр.
Апхъаз хасэхэм Адыгэ Iуэхур яфIэмIуэху щхьэ дэ Абази къытхэтщ жаIэурэ Адыгэр Адыгэ Iуэхум ирамгъэплъ щхьэ Апхъаз Iуэхур дэни ипэ къыщырагъэщ. Абазину Черкесия лъэпкъыу щыт Абазэхэм я щхъэр зэхагъэзэрыхьри Адыгэмрэ Апхъазымрэ я зэхуаку къыданэ. “Абазэ” цIэр зэры Адыгэ цIар ябзыщIыри Шапсыгъ, Убых, Абэзэхэ хуэдэ Адыгэ лэпкъхэм я щIы цIэуэ щыта Абазэр “Адыгэ хэкум Абазэ цIэ зезыхьа лъэныкъуэр Мэгало Апхъазям хагъэхьэн” гупщысэм щхьэ къэгъэсэбэпыр.Ауэ нобэм АбазэкIэ дызэджэ Абазин лъэпкъым Черкесиями хэхэсыми щызэрихьэ хабзэри Адыгэ хабзэщ, я хэкури Черкесхэм(Адыгэ) я хэку Черкесиящ.
Кавказ хасэхэм Черкес льэпкьым сытри къыхырагъэубыдэ, Черкесым(Адыгэм) ейр кавказ ящIыурэ Адыгэм(Черкес) IэщIырагъэх...
ЖысIэр аращи зы лIэпкъыр и хэку IэщIэпхын папщIэ зэтекъутэныр зэры гэноцидым хуэдэу Адыгэ лъэпкъым ЧЕРКЕСРэ ЧЕРКЕСИЯ цIэхэмрэ яIэщIэхынри нобэм и гэноцидщ. Мыр дэ ди цIыхум дэ къыдещIылIэж.Ди хэкум тепщэ хуэхъун щхьэ ди лъэпкъыр зэтезукIахэмрэ дэдейуэ щытыр кавказ щIыуэ зэрегъэпхъуэн Iуэхугъуэр зыщ.
Аращ ди хэкуэгъухэ кIэщIу жысIэнщи дэдейр зэредмыгъэгъэпхъуэн щхьэ Черкесрэ Черкесия псалъэхэмрэ гъащIэ яттижын хуейщ. “Адыгэрэ Адыгэ хэку” псалъэмрэ ткIуэцIылъ дигущ. “Черкесымрэ Черкесиямрэ” ди Iэпкъ лжэпкъщ, ди IэштIымщ, ди лъэщ дунейм тщызезхьэну.
Дэ Черкесрэ Черкесиярэм зеттыхукIэ дыздырикIуэну ди гъуэгури нахуэ хъунущ. Фэ хэкумкIэ къэвгъаблэ нэхур. Нэхм тщызхуэвгъэсиж.

**22.11.2020**

22 Kas 2020 12:05

Адыгэбзэм дызыхуэныкъуэ сытри къыджиӀэ щхьэ дэ ды жыӀэ мыдаӀуэщ.

21 Eki 2020 16:28

ЦӀыхухэр зытетын хуей хабзэм я щхьэр къуэлэн пщӀыуэ пэжыжьэ пщӀым зыхуэкӀуэнур пэж ящыхъу ектремист щытыкӀэщ.
Налщыч 2005ым къэхъуар Адыгэ хабзэр цӀыхум къэщтэжмэ Адыгэ лъэпкъыр лъэщ зэрыхъуным щхьэ Адыгэ хабзэр цӀыхухэм Ӏэпэдэгъэлэл язгъэщӀыу екстремизмыр зыгъэгушхуахэращ. МыбыкӀэ Адыгэм фи щхьэр къэвӀэтмэ фищхьэ къырикӀуэнур мыращ жыхуаӀэуэ къэхъуахэр щапхъэ ирехъу я гугъэт.
Адыгэ хабзэр ягъэгушхуэу Адыгэм жьы къырагъашатэмэ зыри къэхъунутекъым. ЦӀыхур быгъэгуӀэ е ипӀэ ипшкӀэ фӀыр кӀуатэкъым. Адыгэ хабзэр зытеухуар мамырыгъэщ. Адыгэр Адыгэ хабзэм текӀмэщ мамырыгъэр щыбзыхынур. Абы щхьэ Адыгэр Адыгэ хабзэм тетыныр хэткӀи нэхъыфӀщи гъэгушхуапхъэр Адыгэ хабзэращ.

13 Eki 2020 22:50

Зы симболри,
зы цӀэри нэхъ лэщщ!!! Ди Хэкури, ди Адыгэри ирилъэщынущ!!!
ЧЕРКЕС, ЧЕРКЕСИЯ

7 Eki 2020 20:06

Нэрыбгэ закъуэм пэжыр къигъэхъеймэ дунейр егъэхъейыф.

7 Eki 2020 09:32

Сигу узэрихьым дахэ къытхуихьыну сфӀэщӀт ауэ гур сыӀипхри гурымыхь щысхь зимыӀэр зыдэхьын къудейщ къысхуэбгъэнар.

5 Eki 2020 19:20

Лъэпкъыр фгъэгушхуэмэ мамырыгъэщ зыхуэкӀуэнур. Абы фпэрыуэмэ фгъэлъэпэрэпэнкӀи хъунщ ауэ джэлэнур зыгъэлъэпэрапэхэра хъунущ.
Лъэпкъым и гугъэр фыкъутэмэ мамырыгъэм текӀыни къэхэкӀынущ, ахэми лъэпкъым къыхуахьыну зэтекъутэщ.
Псори Адыгэщ ткъысхэкӀари псоми дызыхуейр пэжым тет пщэдей дахэр къэгъэунэхунращ.
Ди пэжым фщымшынэ. Дэ ды Адыгэщ ды ЧЕРКЕСщ.
20 Eyl 2020 22:21

ТХЬЭРЫ1УЭ
Тхьэ дэвгъау1э зэр Адыгэу
Къыдэмзэгъым дезэуэну!
Ди ф1эщ къидывгъэх зэр Адыгэу
Ф1эщ1ыгъэхэр дэвгъэгъэт1ылъ!
Тхуабза фащэр тхуэхъуркъым,
Хабзэр хуэфащу дэвгъэгъэбзэж!
Ди дэрбзэрыр дэраижщи
Гъащ1э щгъыныр дэ дэвгъэдиж!

Маргъущ Везир
26.07.2018
Мэхуэку 01:36
19 Eyl 2020 12:13

Къэнжал зауэми ди бжьыгъэр мащ1эт. Нобэми ди бжьыгъэр мащ1э къэщыхъуу къыщ1эк1ынщи арагъэнщ зыкъыщ1ыдауштыр. Къэнжалыр къэзыхьар хьэ банэм игъэщтефынкъым.

19 Eyl 2018 22:16

ЦӀыхур Ӏурихьмэ шхыӀэн трапхъуэ, лъэпкъыр Ӏурихьмэ ятӀэ тратхъуэржи иӀауэ хъуари щӀэхыу зрапхъуэр

14 Eyl 2019 23:25

Къэвубыд Адыгэ Ӏуэхум и къуапэр!
ФыутӀыпщ зымзым и пщафэр!

28 Ağu 2020 16:57

Абазэ жыхуэтӀэ Абазинхэм хэкукӀэ дызэрызыр, Апхъазхэм лъыкӀэ я лъэпкъэгъуми я пщэдейр зэрыдигъусэр, Апхъаз я къуэщхэм Абазэр лъыкӀэ я зэркъуэщым щхьэ мыр я щхьэусыгъуэу Абазэ зэрысхэмрэ, АбазэкӀэ зэджа Адыгэ щӀыгу зэрыщыӀамкӀэ, я цӀэр абы къытекӀа щхьэ исар зэр АдыгэмкӀэ щыгъуазэ щӀыуэ Апхъазхэр гъунэпкъ лъэпкъыу лъытэу ди Ӏуэху деплъын хуейщ.

24 Ağu 2020 13:41

ПСОМИ ДИ ГУЗЭВЭГЪУЭЩ
Дыгъуасэ хъуам зыри етщIэжыфынкъым ауэ пщэдейр мамырыгъэкIэ дыухуэфынщ.
Черкесия нобэ ис лъэпкъхэр Черкес Iуэхумкlэ къэгъэунэхун хуейщ. Ди щIыгухэм тепщэ тхухъуижу абы исхэр зэхэзехуэ тщIыуэ ахэм ятеткъузэу жэгъуэгъу дахуэхъуну ди гугъэкъым.
Дыгъуасэм зэтракъутэу зи пщэдей зытыраха ди лъэпкъыр мамырыгъэкIэ и хэку ешэлIэжу пщэдей игъуэтынращ дызыхуейр. Урысхэми, Абазэхэми, Карачайхэми дыгъуасэр ямыбзыщIу зи бжыгъэм и %90ыр хэхэс ящIу зэтракъута Черкесхэм я хэку гугъэр къыдаIэтын хуейщ. Черкесхэм ягъусэу Черкесиям щызэгуэхьэу пщэдейр мамырыгъэкIэ яухуэжын хуейщ. Урысей Федерацэми мамырыгъэкIэ Европэм хуэдэу зэпхауэ ядэкIуэтэн хуейщ.
Дыгъуасэр бзыщIа хъууэ Адыгэм(Черкес) къытыракъузэурэ кIуэмэ, Адыгэм ейуэ щыт сытри Адыгэм пщэдей къыхуамгъанэу зэбгырахмэ мыбы къилъхунур пщэдейм губжьрэ зэтекъутэрэщ. Хэхэсым щыIэ цIыхубэм щыщхэм ящыщу мамырыгъэм кIэрагъэкIынухэмкIэ пщэдейр зэтезкъутэ зыщIын зи гугъэхэм я гугъэр Адыгэ Iуэхур лъэныкъуэ ирамгъэгъэзу Адыгэр пщэдейм и мамырыгъэ зэхэкъутэ ягъэхъуфын щытыкIэм хуэкIуэнращ.
Аращи Адыгэмрэ пэжым ирителъхьэхьэмрэ мы Iуэхур зэфIахын хуейщ. Краснодарми, Адыгэ (Черкес) республикэхэми мыр цIыхубэм ягурыгъэIуэн хуейщ. Мыбы щхьэ Адыгэбзэ зыщIэ Урысхэр ипэ зэриту мы Iуэхум тележыыхьу мы Iуэхур Черкесиям ис лъэпкъхэмрэ РФм ис лъэпкъхэмрэ я пащхьэ илъхьэу Адыгэ Iуэхур зэфIэтхын хуейщ мыпхуэдэкIэ.
Дэ Адыгэми РФ лъэпкъхэми Европэм къэгъэхъуа зэхэтыкIэр къыщIэдмыгъэхъуфын щыIэкъым. РФр дэнэкIи Iэбэми зыхуейм щыздылъэIэсыфын сытри иIэщ. И цIыхухэми я гур зыришалIэмэ Европэ тIыуащIэ хъунущ.

Маргъущ Везир

22 Ağu 2020 21:28

"Лыгъэ тхэмылъым ди пщэдейр дылIыфынт." Лlыгъэу зетхьэр мыра хъуащ.

12 Ağu 2020 03:28

Хэкурысхэм цIыхуу зыщIыпIэ тщивгъувэкIэ къыдэфплъыну фэр фызэупщIам жиIэ къудеймкIэ къыдэвмыплъ. Фкъытлъэlэси дызытетыр фигурэ фищхьэрэкIэ фэр фэру флъытэж. Апщыгъуэм нэхъ дызыхуэпэжынщ.

9 Ağu 2020 16:40

Къыпхуагъэфащэу щыуагъэтIэгъа псор къыуэкIукъым. Дуней жылэм уи ЧЕРКЕС цIэр зщытIагъэжи яхэувэж Адыгэ. Уи жьантIэм итIысхьэж

3 Ağu 2019 19:30

Gerçek düğün vatanda nefes almaktır.
ХьэгъуэлIыгъуэм и пэжыр Хэкум къыщыпсэ жьыращ.

31 Tem 2020 12:21

Адыгэ лъэпкъыр и кIапсэр зэпичу дзэкъан хьэ зыфIэщIхэри апхуэдэу фIэзгъэщI бзэгузейхьэхэри а яхъумэуэ жаIэ РФм и бийхэщ. Ахэм яхъумэ къудейр я ныбэмрэ я бэкъу фIеймрэщ. ЦIыху епхакIэ къэралыгъуэ зэтезIыгъа щыIэкъым. Къэралыгъуэр зэтезIыгъэр цIыхугущ, цIыхугъэщ. Адыгэри цIыхугъэр зи хабзэ зы лъэпкъщ. Дэ демократие щIыжытIэр хуиту мамырыгъэм дегъуу ар зэпытчын папщIэкъым. ЦIыхур хуиту щыбэуэфрэ и пщIэнтIэпскIэ дахэу щыпсэу зы щытыкIэ щхьэщ.
ТекъузэкIэ къэралыгъуэр мамыр хъуркъым. И цIыхухэм цIыхуфэ езыплъ къэралыгъуэхэращ лъэщыр.

30 Tem 2020 03:23

ДИ БЗЭГУПЭМ ПЫЛЪЩ
Гууз хэтщ адыгэр
ГуфIэкъым и нэгури
Езэшащ и псэр
Лъэхъаным егъэтхьэджэр...
Узым еIэзэн
Нэгур гъэгуфIэн
Псэр гъэпсэхун
ЦIыхур гъэгушхуэн хуейщ...
Гум жьы дэзых
Пшагъуэм зылъызIуезгъэх
Псэм и хьэлъэр тезых
Гужьейыгъуэр цIыхум хэзых
Ди бзэм хэлъщ мис а къэрур...

Маргъущ Везир
29.07.2020
19:27

29 Tem 2020 19:30

Адыгэр адыгэбзэ дыхъухукӀэ дызэгурыӀуэнукъым.

29 Tem 2020 22:23

ӀулъхьэкӀэ псэуным фкӀэрыкӀ. Къэвгъази цӀыхугъэм жиӀам фщӀэдэӀукӀ!

27 Tem 2019 15:55

ӀускӀэ ягъэудэфахэр нэхъыбэу къилъ хъуамэ; мыр, Іусыр къагъэмэщӀэнкӀэ зэрагъэшынам къыбгъэдокӀ.

26 Tem 2019 08:33

ХАБЗЭ...
ХА: "хэ"м="купсэ"м="Тхьэ ек1уэк1ык1эм" къыхэк1ыу щы1агъэрэ фэрэ зыгъуэтам и ц1э
Бзэ: зек1уэу, лэжьэк1э зи1эм и ц1э
Хабзэ: купсэм/Тхьэ ек1уэк1ык1эм къыхэк1ыу щы1агъэ зыгъуэту ек1уэк1ыу щытым и ц1э
Ц1ыху: ц1ыр зыхущ. Ц1эр щы1эм и лэжьэк1эу абы и теплъэмрэ и къыднэсыгъэмрэ и щ1эныгъэщи "ц1ы"ри а щ1эныгъэр зезыхьэ псэущхьэщ.
Ц1ыхур щы1агъэ псэум я щ1эныгъэм гу лъызытэ псэущхьэщ.
Тхьэ: Хьэм=зэрзейхьэм=космосым и хьэныр=и зек1уэныр езыТращ.
Бзэ: Космосым и ек1уэк1ык1эм и щ1эныгъэм и макъщ.
Хабзэ: Хэм=зэмык1уэк1 щ1эныгъэм къыбгъэдэк1ауэ щыт, псэущхьэр зытет щ1эныгъэ у щ1ыналъэм щек1уэк1ым и ц1э
Ха: Тхьэми ц1ыхуми яхэлъ "ф1ыуэ лъагъун"ыгъэ
Ф1ыуэ лъагъун: Нахуэу зэхэхугъэ пхуэхъун, ар зэрыф1ыр лъытэн, т1анэ абы къыбгъэдэк1ыр къегъэблэгъэн е абы ф1к1э зыхуэгъэзэн.
Маргъущ Везир
11.03. 2018 19:34
25 Tem 2020 14:51

Лъэпкъхэр къызэращӀэ цӀэр Адыгэм имгъэбиярэ пэт Адыгэр къызэращӀэ ЧЕРКЕС цӀэр згъэбийм Адыгэ Іуэхур егъэбийр.
.
23 Tem 2019 00:41

"ЗЫ"р космосым езыращ.
Космосыр зыщ.
Зы>>> из мэхъу дэнэи зиубгъурэ, дэнэи щыIэгъуэ игъуэтурэ
Зы>>>дэнэ щыIэри зы щIыпIэм щызохуэсиж, дэнэкIэ зызубгъуауэ щытри зэхыохьэж
Зыр космосращ. Тхьэр "зы"м хуэдэкъым ар "зыгъэз"ращ, ар зыныр зыгъэхьэращ,

Хьэн: зекIуэн, зы систэмэ иIэу абы ирикIуэн
Тхьэр зезгъахьэщ, зехьэуэ щытым и цIэр "зы"щ(космосращ)
Тхьэр "зы"къым ар "зыри"щ.

"Зыри" "зыр=космосыр" зыгъэзращ, зым и зыныр зэпхаращ, зыр зэрыз хабзэр зейращ, зыр зынкIыфын папщIэ зэпхаращ, зыр зыгъахьэщ, зым емыщхь щыIагъэщ
Зым и хабзэр зырим бгъэдэлъщ, икIи зыр къэзгъэхьур зырищ. Зырир Тхьэращ.
Зым езэкIыу хэтым зым и хабзэращ ищIэр, зым щыщIэ(щыхъу/щыIэ)м зырир ищIэкъым.
Зым щIыэм зырир зым и хабзэкIэ хузэхэхукъым, зырим зым и хабзэр зырим пелъытэри "зыри" пэлъытэ=Тхьэ пэлъытэ ирэгъэкIу. Зыр Зырим ирэгъэщхьри мэIуэщхъу.
Зым Зырим и лъагъуэр зым къыщитхъыхьыфкъым Зырир зым ещхькъым.
Зырир=Тхьэр цIыхум зэрилъытэфыну и нэр игуращ.
Гу(ы): Зезгъахьэр зыщыздехьэ, Тхьэ щIэныгъэм и лъэ.
Гур, Тхьэр, Зырир зыр зыгъэзу щытым и цIэхэрщ.
Гу=Тхьэ=Зырим и лъагъуэ закъуэр "фIы"щ.
Тхьэм Зым ещхьыкIэ хуиIэкъым.
Гум и щIэныгъэр Тхьэ щIэныгъэщ, щхьэм и щIэныгъэр зым(космосым) и щIэныгъэщ. Щхьэм и Тхьэр фIэфIыныгъэщи гум и щIэныгъэр "фIыгъэ"щ.

Адыгэ хабзэр гум къыжиIэм/ гум и хьэкIэм и хабзэщи фIыгъэм и сурэту зым Iэпкъ лъэпкъ щызгъуэтаращ.

Адыгэныр "Гум/Тхьэм/Зырим и хабзэкIэ ЩIыгум фIым Iэпкъ лъэпкъ щегъэгъуэтын"щ.

ЩIыгу:ЩIэныр щекIуэкI
ГъащIэ: Тхьэ хабзэр гъэхьэн, абы щIэныгъэ/хъугъэ егъэгъуэтын
ЩIэ=хьэ>>> хьэр Iэпкъ лъэпкъщи щIэр псэщ :)

25 Tem 2020 14:51

Адыгэ Iуэхур "ЧЕРКЕС" цIэкIэщ дунейм лъагъуэ яхуэтщIыуэ зэрзэфIэтхынур.
Мыбы нэмыщIым ди къэрур псы хэкIуадэ ещIыр.

15 Tem 2019 23:24

ЦIыхухэр дэпкъузэурэ къэралыгъуэ лэщ ухъуфкъым. ЦIыхур зыгъэбауэращ лъэщ хъур.

15 Tem 2020 01:33

Пэжыр зепхуэм пцIыупсхэр зэхэзехуэ махъу.

13 Tem 2020 00:16

Фызбгырыжмэ зэрызурэ фи пщафIэ яубыдыр, фыкъызэщхьэщыжмэ йоуэри щIопхъуэжхэр.

30 Haz 2020 08:35

И лъэпкъым щхьэ банэр бланэщи (Лашын хуэдэ) хэтри иреуд, и лъэпкъ ебэнижыр хьэ удэфаши цIыхур зэгуегъэуд...
Аращи, етIыуэнэрейм феуи и щхьэр зэгуэвуд!
21.04.2019
02:52

29 Haz 2020 22:02

ТIасхъэщIэхым нэхърэ тIасхъэфIэгъэщIыр нэхъ и бийщ Адыгэм нобэ.

28 Haz 2020 17:56

Зи цIэ зымытхижыф щIэныгъэншэ тхьэмыщкIэрэ, зи цIэ жызмыIэжыфымрэ зэхуэдэщ. ТIуми уагъатхъэнкъым.
Черкесымрэ Черкесиямрэ Адыгэ Iуэхумкlэ щIэныгъэ лъэщ япылъщ...
22 Haz 2020 23:28

Уи Iуэху зепхуэжкъыми арақ ущIызэхэзехуэр хэхэс Адыгэ!

21 Haz 2020 22:44

Дунейр дыгъуэсэрей дунейкъым. Мы дунейм Адыгэу дытетынумэ
"Черкес(Адыгэ), Черкесия" жытIэжынущ лъэщу!
ТщIэшынэн щыIэкъым.

20 Haz 2020 12:30

Пэжыр къыздезмыхьэкIыфыр пцIым ирилъэщыджэщ и нэхъыбэми,
зыгъэлъэрымыхьыр арақи къилъхунум цIыхугъэр щихъумэ.

16 Haz 2020 13:56

ЗэрыцIыхур фщыгъупщэуэ тхьэм ипIэкIэ цIыхум феубзэмэ ари тхьэпэлъыту
тепщэ фхохъу.

7 Haz 2020 16:03

Зы цIэ закъуэ(ЧЕРКЕС) зетхьэу зы унафэр псэуми ди зэхуэдэу щыдгъэзэщIам
дейщ тщыуардэнур.
И1э!!!
31 May 2020 16:37

Адыгагъэр кIуэду щытмэ ар дэ ди гагъэщ.

18 Mar 2020 12:54

1эщэк1экъым ди пщэдейр къызэрытхьынур, тхуэфащэк1эщ си лъэпкъ уардэ!!!

15 Mar 2020 01:12

Мыгъым быдз лъыскъым жа1э Тыркум.
Гъынанэми гуф1эгъуэ лъыскъым же1э Адыгагъэми.

15 Mar 2020 00:24

Ди бзэр ди унэщ... Уэрамыр зэгъкъым...

14 Mar 2020 23:46

Тхьэм пк1уэц1ылъ нэхумк1э сыт щыгъуи у1уну, уздынэс гум укъиунэхук1ыну, ц1ыхугъэр сыт щыгъуи ц1ыху тхьэк1умэм уи1ущащэну къыуэхъул1эну Тхьэм къыщ1игъэк1 Адыгэбзэ дахэ.

14 Mar 2020 15:46

Уэ KAFFED,
унэр дэдейщ. Хьэщ|эр хьэщ|эщи унэм и унафэмк|э ечэнджэшырхэкъым.

1 Mar 2020 17:10

Къафкъасыр зезылъафэ KAFFED,
жыжэ фхунэхьэсынукъым.
Хьэдэр куэдрэ зеплъафэмэ къэхъур фэри фощ|эр. :)

1 Mar 2020 16:58

Шапсыгъри, Къабэрдейри,
Беслэнейри адрейхэри |эпхъуамбэщ. "Адыгэр" |эшт|ым уэзгъэщ| гущи ЧЕРКЕСри |эшт|ымщ.

1 Mar 2020 14:23

ЗЭГУРЫ||УЭН
Зыри уи к|уэц| къиплъэкъым, уи нэгу къыщ|оплъэр.. Уи псалъэм уи псэр хэплъхьэфмэ уехъул|эжащ.. Уи гум къипсык| уи псэр тхьэк|умэмкэ йохьэри, ц|ыхум абдей щызэхэхри абы къыхиха псэм дахэ къыхещ|ык|ри уи гум ирегъэ|уэжыр. Уи гум и|ук|ар адрей гум и|уа махъу. Мис абдеж узэгуры|уа махъур.
26.02.2020
13:44

26 Şub 2020 15:40

Нобэ зызущэхур пщэдей къыттыремгуауэ.

25 Şub 2020 23:28

Къуэжыхь:
Хэхэсым, пэжыр жыпIэхукIэ зэIэпыху, пэжыр быбзыщIмэ зэщIэтхъыхьижыр сыт?

21 Şub 2020 15:06

Хъухъуми бжьыбжьми дунейм тщытетынукIэ ды Черкесу ди цIэмкIэ щIыхь зхуедгъэщIу лIэу тщIытемтынур !!¡!!!¡!!¡!

18 Şub 2020 08:19

Пэжыр зыгъэпцIым нэхъ нэхъ удэфа сыт щыIэ!!!!!

12 Şub 2020 09:01

ЦIыху зислъэфыхькIэ е цIыху зелъэфэнкIэ лъэпкъ Iуэху зекIуэкъым.
Жьы зыщIэт цIыхущ лъэпкъыр зыхуэныкъуэр.

12 Şub 2020 08:56

Хьэ зызыщIу банэу зизычыр пщIоуэ щыщIэпхъуэжи махъур.

9 Şub 2020 20:11

.

Адыгэм я тхьэмадэм зэтыреIыгъэ,
адрейхэм яхэм къыттыраутIыпщхьэр.

9 Şub 2020 20:09

Черкесия и бынхэу Адыгэ Iуэхум щIэбэнхэмрэ Черкесия и бынхэмрэ Черкесиямрэ ебэнхэмрэ щыIэщ.
Банэм тщышынэкъыми ди пщIантIэм дэтхунухэщ.

6 Şub 2020 13:34

Ирагъэукӏуэтыхын хуей куэдыр Адыгэ лъэпкъым и дамэм тесу дырагъэкӏуэтей!!!!
Дэр щхьэ я псэ зытахэм я нэлатыр мис мыращ къызэрыкӏыр!!!!!
Зыкъэщӏэжи уи ӏуэху щӏэж Адыгэ!!!!
Кӏэрыкӏ Шамилым, кӏэрыкӏ Къафкъасым, кӏэрыкӏ Филистиным... Укӏэрымыкӏмэ нэлатым узэрихуэнущ!!!
П'ӏэщӏэхуар зыӏэщӏэлъхьэж... Черкесми Черкесиями псэ ет!!!!!

4 Şub 2020 22:24

Лъэмыж томылъхьэм, загъэурэ узерейр къыхомгъэщым псым адрей и дырыщӏ дахэр е птырах е бобгынэж.

24 Oca 2020 12:37

Лъэпкъ ӏуэхур хьэху яубыдкъым, ар быдэ быдэущ зэрыбубыдын хуейр.
Лъэпкъ ӏуэхур зэраӏохуу ялэжькъым, лъэпкъым и хабзэм тетущ зэрагъэзащӏэр.

21 Oca 2020 01:16

ӏэщэкъым дэ Адыгэр дызыхуейри, дызэджэри. Дэ дызыхуейр ХУЭФАЩЭращ. Ари дыгъуасэм нэс тхъумам нобэ псэ игъуэтижынращ.

15 Oca 2020 09:18

Псэм лъэ игъуэтмэ ар псалъэщ, Лъэ зыгъуэта псалъэ щыгъуазэри лъагъуныгъэщ...

2 Oca 2020 22:53

Шхын емыхым и къурмакъейм, махуэ 40м дунейм охиж цӏыхур...
Цӏыхугъэ зи къурмакъейм емых цӏыхур, къытенэми дунейм емыхижу, и кӏуэцӏ лӏам мэ щегъэу дунейм...

25 Ara 2019 12:08

"Къафкъас Къафкъас" жызыӏэхэм я гугъэр Адыгэр и унэм ирамшэлӏэжу щӏыбым и уагэм дагъэлӏыхьынращ.

18 Ara 2019 15:27

Адыгэ Iуэху зезыхуэ щыIэщ, зыи емынэм и Iуэху зезыхуэу емынэм зырихуэхэр щыIэщ.

15 Ara 2019 10:13

Уеплъмэ Адыгэщ ущIэдэIукIмэ е Кемалистщ, е Тырку фашистщ, е Сосялистщ, е аращ е мыращ... Зы пкъым шэйтIан дапщэ ивгъахуэрэ!!!

13 Ara 2019 10:42

Фызыхэдгъэхьа щхьэ ди унафэр фыIэщIэтлъхьакъым. Ди унафэр зыIэрыфлъхьэ фыфIэфIщ ауэ фыхуиткъым. ЧЕРКЕСри ЧЕРКЕСИЯри дэ Адыгэм дэдейщи и унафэри ткъывэупщIынукъым!!!

10 Ara 2019 15:08

У Адыгэу ЧЕРКЕСрэ, ЧЕРКЕСИЯмрэ я политик къэрум укIэрыкIыу дунейм укъызэрамщIэн хуэдэурэ утыку уитымэ апщыгъуэ уэ къыуащIар уэ бобзыщIижри Адыгэ лъэпкъыр ислъэщIыкIын зи гугъэхэм уарителъхьэщ!!!
Дэ жыдоIэр:
--ЧЕРКЕС--ЧЕРКЕСИЯ---Зы Бзэ-Зы Хэку--Зы Хабзэ--

9 Ara 2019 23:01

Ди Адыгэ Iуэхур Iуэху щхьэхуэщ хамэ дызыхэсым згурамгъаIуэу щыт... Ди Iуэхур щхьэкIуэ хуэдэу фымыбзыщI. ЗыгурызмыгъаIуэм и щхьэ и псэм иривгъакIуэ наIуэ фыщIи... ЗызфыщIижым зырефыщIиж.

6 Ara 2019 11:09

Пщэдей АдыгэбзэкIэ дытхэуэ щIэддзэмэ къытхэзэрыхьа хьэкIэкхъуэкIэхэр тхэфтижынущ хэхэсым :)

5 Ara 2019 22:36

Дэ нобэ л1ы дыхъумэ, пщэдейр махуэ тхуэхъунщ.
Аракъэ!

29 Kas 2019 08:58

Черкесхэр; лъапсэкӏэ икӏи Тыркукъым, икӏи Урыскъым икӏи Хьэрыпкхыми я бзэкӏэ, я хабзэкӏэ щхьэхуэу щытхэщ, я хэкур ЧЕРКЕСИЯу дуней лъэпкъхэм ялъыта, я бзэмкӏэ "АДЫГЭ" цӏэкӏэ зэджэж зы лъэпкъ уардэщ.

28 Kas 2019 22:09

Ткъизмыдзэм щхьэ ипэ зиддзэнукъым. Хыфӏэддзэнущ мыхъумыщӏэу тхэлъу хъуар.

24 Kas 2019 23:45

Фӏыщӏэкъым щӏэтщӏэр ауэ фӏыр зэхэзмыщӏэм щхьэкъым икӏи щӏэтщӏэр.

24 Kas 2019 14:45

Загъурэ (зэзэмызэ) къыпфӏэщӏмикӏ, пэжыгъэ щӏыӏэм щӏэхыу зыкъыуегъэщӏэж.

20 Kas 2019 13:11

Псалъэр "псэр зэрылъраши" псалъэ псэ зэрымылъым уи цӏыхугъэр елъахъэри гъэрым иредзэр...

19 Kas 2019 22:14

Фызэхъуэн икӏи фызэшхыдэ, содэр!!! Ауэ ипэ ӏуэху фщӏам тӏэкӏу фрегъэпщӏантӏэ.

19 Kas 2019 17:59

Дэ дызыхуейр нэщӏэбжьэкъым.
Дэ дызыхуейр, Адыгэу етхьэкӏ гъащӏэр гум зэртехуэнращ.

17 Kas 2019 17:14

Игу зэкӏэлъымыкӏуэ щхьэ зи жьэ зэкӏэлъыкӏуэм фкӏэлъымыкӏуэ.

15 Kas 2019 22:21

Зри зэржыдмыӏам щхьэ ды делэ фыфӏэщӏрэ!!! Къыфӏэвгъэкӏащ!!!
Фи ӏуэху феплъиж!!!

9 Kas 2019 21:31

Çerkes toplumunun ekseriyetinde müthiş bir sancı var. Hiçbir şey eskisi gibi değil.
Hedefi net koyunca istismarcılar tutuşuyor...

7 Kas 2019 20:18

Занщӏу псори жыпӏэ нэхърэ загъурэ и щхьэм хишыфын хуэдиз жепӏэмэ нэхъыфӏщ.
:)

5 Kas 2019 11:35

Бзэ,Хабзэ, Хэку, Лэжьэн, Пщӏэнтэн, И Цӏыху Зыщӏэгъэкъуэн, Зэдэгушхуэн: АДЫГЭ ХЪУН
:) :) :)

31 Eki 2019 17:19

Пэжыр зи тхьэмадэм щыщ фищӏ псори.
Thamade bolluğunda tek thamadeniz gerçekler olsun.

30 Eki 2019 19:49

Укъизмыдзэм щхьэ ипэ зибдзэурэ укъырамдзэж зыпщӏащ тхьэмыщкӏэ.

29 Eki 2019 23:25

Цӏыху: тӏзыху
Тӏзэ: щыӏагъэ хабзэм и унэхукӏэм и фӏэщыгэ
Тӏзы: Щыӏагъэм и хабзэ
Тӏзыху: щыӏагъэм и хабзэр щащӏэ щӏыпӏэм къырахуа, щыӏагъэ хабзэр зыӏэщӏаха
...
Тӏзыху: щыӏагъэ хабзэр къэзгъэунэхуурэ, абы щӏэныгъэ хэслъхьэурэ, абы тетурэ гъащӏэр зыху
....
Тӏзыху: щӏыгур щӏапӏэщи(ӏэпкъ лъэпкъ егъэгъуэтыпӏэщ), тӏзым(щыӏагъэм и хабзэм) тӏзэ фӏэзыщурэ щӏыгум щӏэныгъэ щезгъэгъуэтурэ гъащӏэ зыхуэхъуу гъащӏэ зыхур цӏыхущ
....
Тӏзыху: щыӏагъэ хабзэр къысхэунэхукӏыу абы щыщым щӏыгум гъащӏэ щезыт

28 Eki 2019 22:59

Гухэр быгъэхъейыфмэщ зэгъусу дунейр щыбгъэхъейр.
:)

27 Eki 2019 17:48

Гум щызэщIэхъэмэщ дунейр щыбгъэхъейр.

27 Eki 2019 17:47

Anadilini ciddiye almayan kendi ruhunu ciddiye almamaktadır.
И анэдэлъхубзэр къизмыдзэм и псэ хэтращ къыримыдзэр.

27 Eki 2019 17:39

"Дызэкъуэтмэ тлъэщщ." жаIэ ауэ ипэ гухэм зыр зыр зэрзыхахын хуейр ящогъупщэ. Гухэр зэкъуэгуэшхукIмэщ цIыхухэр щызгуэувэр.

27 Eki 2019 17:12

Зи гум дэхагъэ къыщымкIижыр
ЩыкIри и гъуэгу, пэжыжэу IукIуэтыкIащ и цIыхугъэм...

26 Eki 2019 16:59

Хэтым и гупщысэр хэсапхъэщ езымкIэи
ЯкIуэцIесэ цIыхум
Псэ хэхыу.
СэркIэи гупщысэр хэсапхъэщ,
ТхьэкIумэр ятIэ вагъэщи
Хэсапхъэр хызоутIыпщхьэ абы и кIуэцI.
Гум и псымрэ и дыгъэмрэ игъуэтымэ
ЦIыхугъэ щIыналъэм къыщыкIынщ жоуэ...
КъэкIымэ Iей хъун!
Пхъэщхьэ мыщхьэу дыугуэшижынщ...

26 Eki 2019 16:52

ЗЭХЭФХРЭ?
Дахэщ ди бзэр
Гур зэлъыIуейх.
УздырикIуэ гъащIэ гъуэгум
ЦIыхуу, бжэхэр пхузIуех.
Гъуазэу уипэ йощыри
Къуршыщхьэхэм уащхьэдех.
Пщхьэщех къыпщхьэрыуау
Пыщхьэщылъ гужьейыгъуэр.
Зэхэпхмэ къыбжиIэхэр
ЗэфIыбох гъащIэм къихьыр.

Маргъущ Везир
25.10.2019
18:58

25 Eki 2019 18:59

Удэфам и цIыхугъэм зкъиуфащ.

24 Eki 2019 22:43

Кафкас цIэр батэщ, шыкъым! :)

24 Eki 2019 21:14

Уфалъэу, пэмыщIрамэ из узщIар уи кIуэцIыр ирафыкIынущ.

23 Eki 2019 14:45

"Жэщыбг"ыр къыдэбгрэ хьэмэрэ жэщым бгы иIэу арау пIэрэ? :)

20 Eki 2019 01:29

"Кафкас" цIэм къуэшхыкIхэм Адыгэм и Iэхьэщ яшхыр.
"Черкес" цIэр шхыныгъуэкъым,
Адыгэм и лэжьыгъэр Адыгэм етижыныгъэщ.

20 Eki 2019 01:22

"КАФКАС"ыр хъуэрыбзэщи къикӀыр, "ЧЕРКЕС"ым и къэрур гъэкӀуэдыныгъэщ... Фыкъэуш!!!!

19 Eki 2019 23:11

Дэ ди фэщ щхьэ зыгуэрхэм джэгуэн яфӀощӀ лъэпкъ Ӏуэхур. ФкӀэрыкӀ хьэулейыным.. ЧЕРКЕСрэ ЧЕРКЕСИЯмрэ лъэщу макъ ефт.

19 Eki 2019 23:03

Ди фэр Адыгэфэу ди кӀуэцӀыкӀыр ифыкӀау,
ЛӀо тетхынур мы щӀыналъэм Адыгагъэм дыпыкӀау!!!

17 Eki 2019 17:31

ЛӀо Адыгэлъ пщӀэт щхьэ Адыгэ жьы пщӀэмтижмэ!!!!!!

17 Eki 2019 16:33

Кафкасрэ, къафэнрэ ефэнрэр ипэ игъэщыным ткӀэрыкӀмэщ фэи лыи къыщыттеуэжынур...
ЧЕРКЕСИЯ АДЫГАГЪЭ АДЫГЭБЗЭ

3 Eki 2019 23:11

Уи цӀыхуу лъэпкъ Ӏуэху къесхьэжьам папщӀэ ушхыдэрэ уубэкӀэрэ хэбутэр уи лъэпкъращ.

2 Eki 2019 16:16

Ди лъэхъаным и уэркъыр ипсэкӀэ Адыгэ Ӏуэху хущӀэкъуращ. ПэмыщӀ Ӏуэху зипщэдэлъ зыщӀар зэлэжь Ӏуэхур зыщхьэпэм и унэӀутщ.

1 Eki 2019 22:02

Хъупхъэр къэщтэжыныр Адыгагъэм щыщщ.
ЧЕРКЕСрэ ЧЕРКЕСИЯмрэ къэщтэжыгъуэщ, Адыгэ!!!

27 Eyl 2019 14:54

Уаукӏыу укъырашэлӏа хуэдурэ ущыткӏэ лъэпкъ ӏуэху зекӏуэкъым. Унафэ пщӏы къудейкӏи ӏуэху зекӏуэкъым. Угуфӏэжу, унафэри кӏэщӏу хъун хуейщ!!!

26 Eyl 2019 21:57

Зы символри,
зы цӏэри нэхъ лэщщ!!! Ди Хэкури, ди Адыгэри ирилъэщынущ!!!
ЧЕРКЕС, ЧЕРКЕСИЯ

24 Eyl 2019 14:23

Иӏэ Адыгэ, щӏэрыӏэ!!!
Хъунущ, умышынэ!!!

23 Eyl 2019 22:19

Унэӏутыгъэр; ижь ижьдыдэ лъэхъанэ къыздипха гупщысэм нэмыплъ епту нэмыщӏ гупщысэхэм ущӏэувэу я жыӏэ даӏуэ ухъунращ.

19 Eyl 2019 13:58

Лъэпкъым щхьэпэн ӏуэхугъуэ къэзублэ ди лъэпкъэгъу псоми дакъуэтщ.
Си цӏэкӏэ, къывдызощтэр.
18 Eyl 2019 17:22

Цӏыху щыӏэщ, цӏыхугъэ зиӏуэху зыи "пцӏыху" щыӏэщ цӏыхугъэр згъэпцӏ.

16 Eyl 2019 23:14

Пэмыщӏым къыджиӏэм демыплъу Адыгэбзэм къыджиӏэм деплъатэмэ куэд щӏат псори ипӏэ зэридгъувэжрэ.

16 Eyl 2019 21:16

Пэжыр ипӏэ изышращ шынэр. Черкесымрэ Черкесиямрэ дэ ди пэжщ.

16 Eyl 2019 21:11

Цӏыхур ӏурихьмэ шхыӏэн трапхъуэ, лъэпкъыр ӏурихьмэ ятӏэ тратхъуэржи иӏауэ хъуари щӏэхыу зрапхъуэр.

14 Eyl 2019 23:25

ФӀыуэ слъагъу си ныбжьэгъу гуэрхэм зыр зыр "Персона нан грата!"уэ ялъытауэ зэрогъэжьыкхъ... Пэжщ, псори тӀэкӀу делэщ ауэ псоми укъэзгъаделэу, езбы фӀыуэ ягъэзащӀэ Ӏуэхугъуэ дахи ябгъэдэлъщ.
Псоми я губжьыр ягъэтӀылъу я фӀэщыр я Ӏуэху халъхьэмэ нахъыфӀт.

12 Eyl 2019 22:32

Гъуэнэдэсрэ, къупщхьэр зи Ӏусрэ ди куэдщ. Аращ дызмыгъэкӀуатэр.

11 Eyl 2019 22:54

Лъэпкъым кърахщӀэр злъагъуу зызущэхур къытщыщкъым...
7 Eyl 2019 22:30

Псыр хуэмурэ къэбгъэхуабэурэ хэс хьэндыркъукъуэр ф1эф1урэ зэрхэжыхьу зэрыл1эм хуэдэщ хэхэс Адыгэм ди 1уэхур. Къытщытхъухэурэ къытщытхъухэурэ ди лъэпкъ 1уэхур дыщагъэгъупщащи зэхэгъэшыпсыхь шыуаным щ1элъ щытхъуныгъэ маф1эм ди ажалыр къигъэсащ дыкъимыфтыфурэ. Дывэу дипсэр дытыным мащ1эщ къыхуэнэжар.
6 Eyl 2019 10:33

Джэгуурэ нэ кърахy жаӀэ. Адыгэм джэгу тфӀэфӀщ. Джэгум динэ къыхоху.
:)

12 Ağu 2019 01:33

Зы цӀыхум къыутиыну щыт нэхъ тыгъӀшхуэр и нэджыджым къипсыкӀ а гулъытэ къабзэращ.

8 Ağu 2019 21:45

КуцӀ зэрымылъ щымыӀэм куэд къизых, псэ гъэхьэулейхэр псэ хэлӀэщ.

8 Ağu 2019 15:11

УызпыщӀам къемыкӀуалӀэм Ӏэщэкӏэ еуэныр, къыуэмыщхьыр гъэкӀуэдыныр Ӏекстемизмщ.

Узпыщlам цlыхухэр игъэунэхъуу икlи узпыщlам цlыху фlы лъагъуныгъэ хэиылъмэ ар lекстремизмщ.
Узпыщlам щхьэ дунер сами, адрейхэм ялъ жам ухущlэгуфlыкlыныр lекстремизмщ.
Узпыщlам цlыхугъэм теухуахэр фlэмыlуэхуу узпыщlам и зэыlэкl нэхъ упымылъмэ ар lекстремизмщи мыхэр дыпэжыжэщ....
Ауэ узмыгъэбауэм зи цlыхугъэр зи дыгъуэса зы лъэпкъым и пщэдейр цlыху хуэду ирихьэкlын щхьэ зомыгъэпщкlуу уапыщlэтыныр цlыхугъэщ.
Пэжыр жыlэу, пэжым тет зы пщэдей схуейщ жыlэныр цlыхугъэщ.
Къыптыракъузэми цlыху мамырыгъэм пэлъыныр цlыхугъэщ.
Псэ зыту напэ къэсщэху дызылъэпкъмэ, напэр пэжым къуэтынращи ди щlалэм фыкъуэт псори...
ЧЕРКЕСИЯрэ, ЧЕРКЕСрэ жазгъэlахэм дарибынщ. Ипэ иту ткъызращlэри ди цlыхугъэрат.
Диз цlыху ткъуэмтижыфыну тхьэмыщкlэ тхъуакъым....

3 Ağu 2019 21:16

Къыпхуагъэфащэу щыуагъэтlэгъа псор къыуэкlукъым. Дуней жылэм уи ЧЕРКЕС цlэр зщытlагъэжи яхэувэж Адыгэ. Уи жьантlэм итlысхьэж

3 Ağu 2019 19:30

Дахэр къыбдэзмубыдыр дахэм и телъхьэкъым.

2 Ağu 2019 00:03

Псалъэр цlыхупсэм и къипсыкlэщ. Цlыхупсэм къипсыкlыр фlыщ. Къипсыкlыр хуит зыщl псэр псощ. Псо псэр псом щыщщ. Зи цlыхугъэр къимыпсыкlым псэ хэткъым, псалъэкъым, лъэхъащ. Псоми щыщкъым.
Алыгэбзэр цlыхупсэм и (къи)псынэшхуэщ. Цlыхугъэр къыхопс. Фlыр уэзгъэлъагъущ, уи лъэм(щыlагъэр) и гъуазэщ. Адыгбзэр псом и бзэщ.

1 Ağu 2019 23:58

Уагъэщыгъуэурэ къыуащlар пщагъагъупщэжынущ Адыгэ, бэлыхь пщызгъэгъупщэжын къыпхуэкlуэнущ. Умщыгъуэ, уищхьэр lэтиж!!!

31 Tem 2019 16:30

Ябжым хуэдэр куэду уиӀэкӀэ уезгъэбж гуэрэкъым хабзэр. Уи цӀыхугъэкӀэщ абы узэригъэбжыр.

31 Тет 2019 14:03

ИпӀэ икӀар ибгъувэжьыныр Ӏуэхушхуэщ ауэ ипӀэ икӀар игъувэжыным уи гъащӀэр хуримкъуну щытмэ ипӀэ икӀар ипӀэ изгъувэжыну уэ уи пӀэ иувэнухэр нэхъ Ӏуэхушхуэщ.
Фигу фымгъэкӀуэд.

30 Тет 2019 15:23

Уэ си лъэпкъ, Е ужейынущ е укъэушижынущ. Ужеймэ жэщтеуэ пщӀыхьэпэм укӀыхэзмыгъэкӀыныр, укъэушми пэжыгъэхэмкӀэ гъуазэ сыкъыпхуэхъуныр си пщэрылъ тхьэрыӀуэщ.
Аращ...

30 Тет 2019 15:20

Напэр зейм ящэф щхьэ мылкукӀэ къащэхуижыфкъым. Напэ уфӀеяр цӀыхугъэкӀэщ зэрагъэкъабзэжыр.
27 Тет 2019 15:59

ӀулъхьэкӀэ псэуным фкӀэрыкӀ. Къэвгъази цӀыхугъэм жиӀам фщӀэдэӀукӀ.
27 Тет 2019 15:55

Лей зехьакӀуэхэм къэщхьэщымыжу пэжым къыщыщхьэщыжам дейщ КъБРм щӀыхь щигъуэтынур.

27 Тет 2019 15:49

Фыгъуэм и цӀыхугъэм мэ щоу.

25 Тет 2019 22:52

Унафэ зимыӀэжыр унэкъым, унэхъуащ!

25 Тет 2019 22:31

Уи Iуэху уэ яужь уимтижмэ адрейхэм я унафэм къыпхуихь щыIэкъым.

24 Tem 2019 12:37

ЖэмэIат зимыIэ мэжджытщ КАФКАС цIэр. Адыгэм нэхъ щIэскъым.

23 Tem 2019 01:05

Псэури я цIэкIэ лъэщ хъуарэ пэт дэ пэмыщIхэм яфIэмIуэху цIэхэм дырихьэлъэзехьэщ. Мыр хъунукъым.

23 Tem 2019 01:00

Ди Iуэхум дибзэкIэ тщеIэзаращ щызыфIэтхынур. Адыгэуэ, АдыгэбзэкIэ. ТIанэ ЧЕРКЕСУ дунейм увыпIэ къэдгъуэтижынущ.

23 Tem 2019 00:56

Iэщэ къэфщти Черкесия дыухуэнущи Черкесия жыфIэ жытIэкъым. Черкесхэм къэщыщIар гурыIуэгъуэ ирехъуи зэфIэдывгъэх жоуэ аращ.

23 Tem 2019 00:52

Дэ дызэкъуэшщи ЧЕРКЕС жыфIэмэ дызэхэффыщIа хъунщ жызыIэхэм я цIэр дэни къыщыхагъэщ. Къыхырагъэщ, дапэрыуэкъым. Къытпыремыуэхэ.

23 Tem 2019 00:48

Лъэпкъхэр къызэращIэ цIэр Адыгэм имгъэбиярэ пэт Адыгэр къызэращIэ ЧЕРКЕС цIэр згъэбийм Адыгэ Iуэхур егъэбийр.

23 Tem 2019 00:41

Дэ къыдащIар къыщыдащIэм ды Черкесу къыдащIащ. Мы Iуэхури ды ЧЕРКЕСУщ зэрзыфIэтхыжынур.

23 Tem 2019 00:36

Хэти зэрылъэщыр зэращIэ цIэращ. Фэ ЧЕРКЕС цIэр зэвмыхьэ жызыIэхэм фи макъ къивмыгъэкIыу фхэкIуадэ къыджаIэу аращ.

23 Tem 2019 00:32

Хэти зырехъумэж лъэпкъу. Дызыхуейр аращ. Дэ Адыгэми Черкес цIэкIэ зытхъумэжынущ. Зыми деупщIижкъым мыбыкIэ.

23 Tem 2019 00:26

ДибзэкIэ, икIи зыми демубзэу, дибзэм ди гъуэгум дигъэбзэу ди гъуэгу ттехьэнущ... КIуэд иIэжкъым.

22 Tem 2019 00:07

Губзыгхэм и гур Iэхьэ Iэхьэу бзыгъащ.

21 Tem 2019 00:41

Уи блэкIар къыпхущIэрыухьыу
КъыпхущIэрыухьым уи гъэлъэпэрапэу
Тет дунейм, тетыгъуафIэм!!!

17 Tem 2019 16:00

ЦIы: цIэ фIэзыщу щыт: цIэ фIэщыфын папщIэ зым(космос) и хьэкIэм(лэжьэкIэм) гу лъытэфын хуейщи хьэкIэм=зэрзехьэкIэм и щIэныгъэ зиIэу зыгъэзащIэ
ЦIэр, зэрзехьэкIэм и лъэуэ щIэныгъэр зэрылъращ
Ху: нахуэ, езгъэху
ЦIыху: Зыр нахуэу къэслъыту абы щIэныгъэ къыхэзгъащIыкIыурэ зыгъащIэ

17 Tem 2019 01:48

Адыгэ Iуэхур "ЧЕРКЕС" цIэкIэщ дунейм лъагъуэ яхуэтщIыуэ зэрзэфIэтхынур. Мыбы нэмыщIым ди къэрур псы хэкIуадэ ещIыр.

15 Tem 2019 23:24

Мэжджыт ебгъэщIыныр, псы къибгъэжыныр псапэуэ зэрыфлъагъум нэхъри нэхъ псапэщ лъэпкъ Iуэху дэхуэхар ядэпIэтыныр. Хэти сыт жыфIэ!!!

14 Tem 2019 01:38

Дызэф1ынущ, дызщыгугъунущ, дызэгуры1уэнущ, дыздэпщ1энт1энущ мис мыпхуэдэк1э дыгъуасэм и у1агъэр дыгъэхъуижынурэ пщэдем лъэщыу дызэкъуэтынущ зым и къэрур адрейм дыхэхъуу, къэрур ц1ыху гъэк1уэд тедмыгъэк1уаду пщэдейм и дыгъэр къыттепсэнущ дригуф1эу, зридгъаф1эу.

13 Tem 2019 20:28

Хэкурыс Адыгэхэ, Черкес цӀэкӀэ фызэгуэхьэ. Фызыгуэмыхьэу РФм зы гуэрэ къыщыхъумэ пщэдей нобэ нэхъри нахъыкӀэм фрагъэхуэнщ. Черкесу зы фхъумэ къэхъунум зыуэ лъэщ фищӀынщи зыри къыфщыщӀынкъым.
Зыри къэиыхъуу мамырыгъэр лъэщ хъуми Черкесу фи гъащӀэр нэхъ уардэ хъунщ.
Мис, Серебреница къэхъуам феплъ. Зы фыхъу.

11 Tem 2019 20:13

Хабзэ зимӀуэхум хабзэ кӀэлъызехьэным Адыгэр куэдрэ игъэунэхъуащ. 1)Урысым къихьа емынэ уз 2)Кавалалы Мехьмэт иригъэукӀахэр Мысырым

11 Tem 2019 00:22

Емыджэрэ емымщахэр фӀыуэ епщэ щхьэ зэ епщэгъуэм мэджалэхэр.
:)

11 Tem 2019 00:11

Хэкумрэ хэхэсымрэ дызэщыумэ ДЫЩЫУЭНУЩ!!!

10 Tem 2018 02:20

Дыкъызэращӏэр "Черкес Дернеги" пэтрэ ди хасэхэр "кафкас дернегъи"щ. Хасэр зезыхьэхэр ЧЕРКЕСрэ пэт Черкес цӀэр яӀумпэмщ. Аращ ди цӀэкӀэ Ӏуэху щӀызэфӀэмыкӀыр.

3 Tem 2019 20:12

Адыгэм нэмыплъ хуезгъэщӀ, ахэр зэтеубыдапхъэ яфӀэзгъэщӀ хэти напэншэу бзэгу зейхьэщи РФм ахэращ и жэгъуэгъухэр.

25 Haz 2019 23:38

Дэ дызэтекъутакIуэкъым. Хэти зэзэгъуу и пщIэнтIэпс ишхижу, зэгурeIуэ тхуейщ.

25 Haz 2019 21:00

ФIы лъагъуныгъэм Iуэху тхьэбзэ бгъэдэлъщ Адыгэ! Уи лъэпкъ фIыуэ плъагъуу щытмэ уи Iуэху тхьэбзэр гъэзащIэ, ущымыту щытмэ уи фIы лъагъуныгъэм ипцIыупсу.

23 Haz 2019 22:22

Адыгэр гукIэ маплъэри цIыхугъэкIэ мэIэбэ.

23 Haz 2019 02:11

Фымбэлэрыгъ... ТщIэшынэн щыIэкъым... Мамырыгъэр пэжкIэщ зэраухуэр.

22 Haz 2019 18:46

ШэйтIан зи пшэгъухэм мэлаIичэ фащэкIэ цIыхухэр щагъауэр.

21 Haz 2019 20:31

Жылэм имыщIасэр жылэ хасэм и тхьэмадэ пфIэхъумэ зкъыпхуресэр

21 Haz 2019 20:27

Хэт и цIыху къуэтынрэ пэт къуэмыту къуагъ къуэтми абы и цIыхугъэр къыкъуэмкIижыну къуэхьэжащ.

21 Haz 2019 20:18

"Лей щызрахьэкIэ зымлъагъу зызыщIу зызущэхур шэйтIан бзагуэщ." (Тыркум куэду щыжаIэ псалъэщ.)

21 Haz 2019 20:11

Адыгэ Iуэхум хуэмгузавэм и гур зэвщ. #FreedomForMartin

21 Haz 2019 19:43

Сыт Iуэхуи и тхьэмадэ урехъу, у Адыгэмэ Адыэгум къыбжиIэ унафэращ(хабзэращ) уи гъазэщIапхъэр.

21 Haz 2019 19:36

У Адыгэу укъэлъхуамэ Тхьэм цIыхугъэр уи пщэм къыдилъхьауэ укъохъур.

21 Haz 2019 19:29

Хабзэм иухыпIэр цIыхугъэм и нэзщи, нэзым фIэкIым къэгъазэжыгъуэ иIэжкъым.

20 Haz 2019 22:29

Е лъэпкъыр къытщьэщыжынщи хабзэ зиIэ лъэпкъ дыхъуижынщи напэ диIэу щIым дытетынщ е, дэ Хабзэ тылейуэ щIыналъэм дикIынщи напэ хужькIэ ди адэжьхэм дахэхьэжынщи Тхьэ пащхьэм дыукIытэнкъым... (адыгэ щIалэ гуэр)

19 Haz 2019 17:45

Зызгъэдэгур гу зыкIуэцIымылъ къэрабгъэщи, уищхьэ фIэзудэгукIми и псалъэм пцIы куэд хэлъщ.

18 Haz 2019 13:37

Нобэ зызущэхур пщэдей сыт напэкIэ псалъэну!

12 Haz 2019 13:05

Узэкуэфэуэжыху Адыгэм и Iуэху яуж ит

12 Haz 2019 13:03

Хым хэхуэм блэм зрешэкI жаIэ Тыркум, гужьейм ищIэнур пцIыхунукъым жхуиIэу. РФм Адыгэр хым щIыхидзэр сыту пIэрэ!?

12 Haz 2019 11:44

Адыгэ Iуэху зыщIэм къыщхьэщыжыныр напэщ.

12 Haz 2019 01:08

Адыгэр дунейм темытиж хуэдэ яфIощ. Дызэкъуэтмэ зэрмы арар ялъагъунущ.

12 Haz 2019 01:05

Адыгэу къэнам и пшэгъур пэжрэ, захуэрэщ. Пэжыр зигу темыхуэ напэншэхэр ахъшэкIэ ягъэхъу тхьэмыщкIэхэщ.

12 Haz 2019 00:28

РФм къэралыгъуэм ищIэ мыхъумыщIагъэм къыщхьэщыж къэрабгъэхэр зщыдгъэгъупщэнукъым.

11 Haz 2019 11:03

ПэжкIэ щакIуэм дахэгъуэщ къихьыри, пцIыкIэ щакIуэм цIыхулщ зыдихьыр.

9 Haz 2019 15:32

Зы цIэ закъуэ(ЧЕРКЕС) зетхьэу зы унафэр псэуми ди зэхуэдэу щыдгъэзэщIам дейщ тщыуардэнур.

31 May 2019 09:44

РФм и унэфэщIхэм дагъэбийыху зэщIэбэгыхьынурэ е екIуэнущ ди къэкIуэнухэм. Псэури мамырыгъэм дыздыщIэбэгым нэхъыфIщ.

29 May 2019 00:29

Адыгэр, Iуэхур лъэпкъ Iуэхум къыщыкIуам деж и лъэпкъэгъур зымгъэбийщ.

29 May 2019 00:2

УIагъэшхуэ ттелъщ Адыгэм. УгуIэкIэ уIагъэр хъуижкъым, уIагъэм деIэзэн хуейщ акъылкIэ.

28 May 2019 20:27

"ЗЫ"р космосым езыращ. Космосыр зыщ. Зы>>> из мэхъу дэнэи зиубгъурэ, дэнэи щыIэгъуэ игъуэтурэ Зы>>>дэнэ щыIэри зы щIыпIэм щызохуэсиж, дэнэкIэ зызубгъуауэ щытри зэхыохьэж Зыр космосращ. Тхьэр "зы"м хуэдэкъым ар "зыгъэз"ращ, ар зыныр зыгъэхьэращ, Хьэн: зекIуэн, зы систэмэ иIэу абы ирикIуэн Тхьэр зезгъахьэщ, зехьэуэ щытым и цIэр "зы"щ(космосращ) Тхьэр "зы"къым ар "зыри"щ. "Зыри" "зыр=космосыр" зыгъэзращ, зым и зыныр зэпхаращ, зыр зэрыз хабзэр зейращ, зыр зынкIыфын папщIэ зэпхаращ, зыр зыгъахьэщ, зым емыщхь щыIагъэщ Зым и хабзэр зырим бгъэдэлъщ, икIи зыр къэзгъэхьур зырищ. Зырир Тхьэращ. Зым езэкIыу хэтым зым и хабзэращ ищIэр, зым щыщIэ(щыхъу/щыIэ)м зырир ищIэкъым. Зым щIыэм зырир зым и хабзэкIэ хузэхэхукъым, зырим зым и хабзэр зырим пелъытэри "зыри" пэлъытэ=Тхьэ пэлъытэ ирэгъэкIу. Зыр Зырим ирэгъэщхьри мэIуэщхъу. Зым Зырим и лъагъуэр зым къыщитхъыхьыфкъым Зырир зым ещхькъым. Зырир=Тхьэр цIыхум зэрилъытэфыну и нэр игуращ. Гу(ы): Зезгъахьэр зыщыздехьэ, Тхьэ щIэныгъэм и лъэ. Гур, Тхьэр, Зырир зыр зыгъэзу щытым и цIэхэрщ. Гу=Тхьэ=Зырим и лъагъуэ закъуэр "фIы"щ. Тхьэм Зым ещхьыкIэ хуиIэкъым. Гум и щIэныгъэр Тхьэ щIэныгъэщ, щхьэм и щIэныгъэр зым(космосым) и щIэныгъэщ. Щхьэм и Тхьэр фIэфIыныгъэщи гум и щIэныгъэр "фIыгъэ"щ. Адыгэ хабзэр гум къыжиIэм/ гум и хьэкIэм и хабзэщи фIыгъэм и сурэту зым Iэпкъ лъэпкъ щызгъуэтаращ. Адыгэныр "Гум/Тхьэм/Зырим и хабзэкIэ ЩIыгум фIым Iэпкъ лъэпкъ щегъэгъуэтын"щ. ЩIыгу:ЩIэныр щекIуэкI ГъащIэ: Тхьэ хабзэр гъэхьэн, абы щIэныгъэ/хъугъэ егъэгъуэтын ЩIэ=хьэ>>> хьэр Iэпкъ лъэпкъщи щIэр псэщ :)
Адыгэбзэр ТХЬЭбзэщ...
24 May 2019 08:58 güncellendi

24 May 2019 08:58

СыЧЕРКЕСщ жыIэныр уи уэрэд жыпIэжынращ. СыЧЕРКЕСщ жомыIэфынри пэмыщIым я уэрэдыр яхужыIэнращ си Адыгэ.

24 May 2019 03:10

Хэт жызыlар ЧЕРКЕСИЯр щымыlэжу!!! Хэт жызыlар ЧЕРКЕСыр кlуэдау!!!
Иlэ Адыгэ, хущlэкъу! Ди пэжым, ЧЕРКЕСымрэ, ЧЕРКЕСИЯмрэ ину гъэlуижынращ гъащlэ езгъэгъуэтынур!
Тщlэшынэн щыlэкъым!

23 May 2019 22:23

Насыпыф1ыр Ипхъуэтащ хьэщхъуры1уэм Маржэ Адыгэгу зезыхьэхэ: Хьэщхъуры1уэм къы1эщ1эдывгъэтхъиж ди насыпри Хьэщхъуры1уэр едывгъэхужьэ

23 May 2019 09:09

Цlэ щlыхь къызэрыпхуащlыр убзыщlмэ а щlыхьыр пэмыщl цlэкlэ къыпхуащlкъым.
Абы щхьэ ЧЕРКЕСИЯ абы щхьэ ЧЕРКЕС жыфlэ.

22 May 2019 15:13

Мазэр из щыхъуам мазэм депъеурэ
и гуфlакlэм дэлъ щхьэцl ухуэнам зи нэпс теткlуэжахэм дарибынщ Адыгэ.
Зщомгъэгъупщэ къыпщыщlар.

19 May 2019 03:41

Узэрымубыдмэ быдэ ухъукъым, уапхъуатэри узэпкъыратхъ.

18 May 2019 21:41

Дызхущlэкъур ящхьщи аращ Адыгэу дакъыщlыхэмщижыр. Дызхущlэкъкъур Адыгэу тхъуэжын хуейщ.

12 May 2019 03:19

Ди Хэкурысхэ: Майым и 21м Урыс лъэпкъым, къытщыщlар я пащхьэ итлъхьэн хуейщ Урысыбзэкlэ...Иlэ маржэ, фытх куэду!!!!

9 May 2019 21:28

Умшынэ Адыгэ! Ушынэху ощри кунэф охъу! Уигури уищхьэри лъэщщ Адыгэу ущыт къудеймэ!

5 May 2019 19:16

Уи цӀэр зомыхьэмэ уи цӀэр къыраӀуэнукъым. ЧЕРКЕС цӀэр зомыхьэмэ лей къудейщ лъэпкъым хузепхьэр!

5 May 2019 19:09

Ӏуэху къехьэжьэкъым, ди Ӏуэхумкӏэ ехьэжьа тщыхъуам дежщ ди Ӏуэху щызэфӀэкӀынур Адыгэм.

5 May 2019 16:35

Бзэгу зейхьэхэм япцӀыхэр пхырымкӀиж хъунурэ бзэгу зыхуахьым къыкӀуэцӀахижынущ, фымшынэ.

4 May 2019 23:29

Ӏущыфэ зтырагъауэу къэзущыхь куэд къытхэтщ Адыгэри Урысри щызгъауэу гуауэм шхын къыдэзуд.

4 May 2019 23:25

Адыгэ Ӏуэхур згъэбий бзэгу зейхьэхэр я цӀыхугъэм ебиижа блым лъэкъуитӀхэщ шэйтӀан бжьакъуэ зытет.

4 May 2019 23:22

Soykırıma uğramışlığın farkındalığıyla ayağa kalkma isteğinin ifadesi değil gazımızı alıp AYNEN DEVAMa hizmet eden KEFKEN'E HAYIR!

3 May 2019 00:39

Gerçekleri söylemekteki gayemiz sadece hayatı insan sıcaklığında rayına oturtmaya yardımcı olmak içindir. Birilerini mat edip kör bir dövüşe girmek için değildir.

3 May 2019 00:06

Tek siyasetim yüreklerin insan sıcaklığıyla hayata dokunması ve hayatta insan sıcaklığına yer açmaktır.

3 May 2019 00:02

Gerçekleri manipüle etmekle sadece öfke yaratırsınız ve öfkeniz de rakiplerinize istismar alanı yaratır, sayın RF yetkilileri!

1 May 2019 01:28

RF yetkilileri, korkmayın!!! Bize kimse fısıldamıyor yüreğimiz dışında. Şizofreninizden sıyrılıp bize gerçeklerle yaklaşın.

1 May 2019 01:23

Yüreğimiz dışında hiç kimseden emir almayan ve sadece gerçeklerin ışığında yürümek isteyen insanlarız.Yürekli olun ey RF yönetimi.

1 May 2019 01:19

Хьэджафэу Адыгэм къеушт хьэхэ фыкъэдаӀуэ: Адыгэр къэущӀэкӀуапхъэкъым, шыну щакӀуэм и Ӏэкуэщ Ӏми ихуэнукъым. Фымбанэ!
(Хэтми фдощӀэ)

30 Nis 2019 18:59

Адыгэмрэ Урысымрэ зэзгъэжьыкхъурэ зи ныбэ из зыщӀхэр Адыгэми Урысыми ди жэгъуэгъущ дизэхуэду. Хэтми ахэр псоми дощӀэр.

30 Nis 2019 18:52

Бзэгу зейхьэм и бзэгур фӀыуэ зэрийхьами цӀыхугъэр хузейхьэкъым. Лей нэхъи къыпыкӀижкъыми лъэпкъымкӀи лейщ.

30 Nis 2019 18:48

Дунейыжьыр щымыджэ щымыпцӀэ лъандэрэ дунейм тета лъэпкъщ Адыгэр. Адыгэр фгъэпцӀыфынукъым РФм и дыгъуэсэрей унэфэщӀхэм!!!;

30 Nis 2019 18:42

Къабэрдейр хуэму гъуэгу тохъэ ауэ зытехьам текӀкъым.Аращи Къабэрдейр къызэщӀэвмыгъастэ, пэжым фкъытехьэ.Баш фыӀыгъым тщышынэкъым!

30 Nis 2019 16:16

Гъэсэныр цІыхугъэм ишу ахъшэ щхьэ псэу, ныбэрыцІэ бэкъу гъафІэу щхьэзыфІэфІ хъуну ирагъэлъытащ цІыхуми аращ дунейр щІэІейр.

29 Nis 2019 19:39

Адыгэл дымыхъумэ далІынущ,
Адыгэ бзылъхугъэ дымыхъумэ бзахуэ дащІынущ.
Адыгэ тхъуфмэ тхъумэнущ напэр.

27 Nis 2019 14:22

РФм и унэфэщІхэ:
Тхэвгъэзыхьми нэхъ лъэщурэ зы тхъунущ...
Бзэгу зейхьэхэм я Іуэхур зэІыхьащ...
Лъэпкъыр къэушащ...
Мамырыгъэр ПЭЖХЭРАКЪЫМ зыкъутэр, фи бзэгузейхьэу къытхэвутыпщхьахэращ.
ПЭЖЫМ фыкъеувалІэмэщ мамыр тщыздэхъунур...

25 Nis 2019 23:15

РФм и унафэщІхэ:
Бзэгузейхьэм и акъылкІэ Іуэху фощІэр. Дэ мис, зри дымгъэпщкІуу пащхьэ дитщ!!!
Бзэгу зейхьам щыгугъур акъылыншэщ!!

25 Nis 2019 15:34

Пэжыр кІапсэкІэ зэтырапхэфкъым.
Ды Черкесщ,
Черкесия дырибынщ.

25 Nis 2019 13:21

Нып махуэм:
ЧЕРКЕС жытІэнущ,
ЧЕРКЕСИЯ ныпыр лъагэу тІэтынурэ ди цІэмрэ дызэрщыІэмрэ ину тгъэлъэгъуэнущ.
ФІэмыфІ зкъэзыщІри зэрытщымыщыр утыку къихуэнущ.

22 Nis 2019 21:05

Зигу хуимтижыр щхьэм хуитщи щхьэзэрыхь къудейщ. Адыгэр гухуитщ, Адыгагъэр хуитыныгъэщ гум. Гум пыкӀар Адыгэжкъым, хуитижкъым.

22 Nis 2019 16:54

Адыгагъэр гум къыщӀэж псыщ. Алыгэр, гур зитьэмадэуэ абы и унафэмкӀэ щӀыналъэр цӀыхугъэм и лъэ зыщӀщ, хуитщ. :)

22 Nis 2019 16:44

Лъыр Ӏурыхуа нэужь зэрагъэсар зщыгъупщэжу мэзым хэхьэжамрэ ахъшэ зыӀухуэу зэӀыхьэу хэхьэжар зэхуэдэщ.

21 Nis 2019 02:43

ӀейкӀэ зекӀуэкӀар бэмпӀэгъуэми абы къыдекӀуэкӀыр зэгуэудыгъуэщ.

17 Nis 2019 18:07

Шхыныр зэкӀуэкӀмэ узэрӀукӀуэтыкӀым хуэду, цӀыхур зэкӀуэкӀмэи ӀукӀуэтыкӀ.

17 Nis 2019 17:53

Ди ЧЕРКЕСИЯ ныпым фзэригушхуэм хуэду ди ЧЕРКЕС цӀэми фригушхуэ. Инышхуэ дыздэхъунущ апщыгъуэм.

16 Nis 2019 23:21

Ди ЧЕРКЕСИЯ (Адыгэ) ныпыр дэни лъагэу зэрытӀэтам хуэду ди ЧЕРКЕС цӀэри лъэщу дэвгъэгъэӀуиж. Адыгэр ЧЕРКЕСИЯм ириьын ЧЕРКЕСщ.

14 Nis 2019 20:46

Ди ЧЕРКЕСИЯ ныпым ЧЕРКЕС цӀэкӀэ фкъекӀуэлӀэж. Ди цӀэр ди ныпым хуэдэу нэхъапэщ.

14 Nis 2019 13:29

Къабардейм, Алыгейм, Шэрджэсым, Шапсыгъым, Хэхэсым ди ныпыр зыуэ зэрытлъытэжам лъэщ дищІижащ, дигухэр къызэригъэгъутижащ.
Иджы Адыгэ псэур ЧЕРКЕС цІэм тщІэувэжмэ ди Іэри, ди лъэри лъэщ хъуижынущ.
Алыгэ ныпым тзэрщІэувэжам хуэду иІэ ЧЕРКЕС цІэми тщІэвгъэувэж.

13 Nis 2019 19:33

Жып'Іэурэ къыхэбгъэщымкІэ уакъыхэщкъым. ІущыгъэкІэ быгъэзащІэращ уакъыхэзгъэщу ипэ уизгъэщынур си Адыгэ.

12 Nis 2019 17:34

Узыгуэмытмэ узэгуащІыкІ.

12 Nis 2019 16:24

ГущІэхьэ куэд щыдиІэкІэ ар тгъэкІуэдынумэ дызгуэвгъахьэ.

12 Nis 2019 16:23

Фи фІэщ фмыщІыр фи Іэпэдэгъэлэл махъур. Ди Адыгэ Іуэхур фи фІэщІ фщІыи фи ІэдакъэщІэкІ псэур къыхэфлъхьэ.

12 Nis 2019 16:19

Ди мифологияр къэтетхижу ди философиямкІэ (гупщысэкІэмкІэ) утыку диувэжмэ феплъ тІанэ Адыгэм изэфІэкІым!

12 Nis 2019 16:14

ТгъэпщкІун тасхъэ димыІэрэ пэт ди тасхъэ щІэзыхауэ жызыІэ абыкІэ я напэ тезхиж ди куэдщ.

12 Nis 2019 11:47

ГъащІэм угурымыІуэмэ уи гур еуІэ.

11 Nis 2019 22:20

Гум хэсар
Къыхэк|ык|ащ инышхуэу.
Куэдамэ къыпык|эри
Къыпыгъэгъащ дэхащэу.
Пыхъэщхьэ мыщхьэм и чэзущ ижды.

8 Nis 2019 22:45

Гур хуэмык|уэм |уэхур хуэмыхущ. Адыгэм и гур Адыгэ |уэхум гу лъегъатэу и гур хуэшэныр |уэху нэхъыщхьэщ.

5 Nis 2019 23:36

Пэж жыпIэм, зи пэжь къыхэзыIум я пэхэр щIым щыхъуапхъэщ.
:)

5 Nis 2019 22:56

Уи жьэм хуэду уи |эри гъэшэрыуэ Алыгэ. Апщыгъуэщ укъыщызхащ|энур. Уи |эр Адыгагъэщи ар гъащ|эм щыгъэшэрыуэ.

1 Nis 2019 23:45

Укъэмыунэхуу уздырик|уэм бзэджэнаджэ |эджэ богъэунэхур.

1 Nis 2019 21:31

Тхэнк|э жан схъуами, псалъэнк|э сыулъиящ.
:(

1 Nis 2019 19:11

Унафэ уимы|эмэ улъэпкъкъым. |этк|э мытк|э е|эр вы мыгъэсащи, бжьыр зэпауд.

1 Nis 2019 10:34

Адыгагъэр ц|ыхугъэщи ц|ыхугъэр къызхэк|ык|ижыну щыт жылэщ. Щ|ыхъурейр аращ зыгъэдэхэжыну щыт |эзэгъуэр.

29 Mar 2019 23:50

Умгупщысэфмэ пэмыщIым я гупщысэм урипсэфщ.

28 Mar 2019 16:07

Уипсалъэхэм зыкъыребгъэхыу тхьэк1умэхэм дахэ зэхебгъэх защ1эк1э уи лъэпкъымк1э пщ1эн хуейр бгъэзэщ1а хъукъым. Уи пщ1энт1эпс зыхэмылъым уи 1уэху хэлъкъыми уи жьэр убыд.

27 Mar 2019 09:08

Хэхэсым, къыдэубзэхэти дыбэлэрыгъри дыIыгъын хуейхэр т'IэщIэбзыкIащ.

25 Mar 2019 16:16

"Адыгэ"р дызезышэ дигущ, "Черкес"ыр дызэрIэбэ ди Iэщ.

24 Mar 2019 23:12

Гугъэм гур кIэлъымыплъу, гур ар зэрыщам щыгуфIыкIыу дыпсоунущ
:)

23 Mar 2019 20:59

Лъэпкъ Iуэхур щыбгъэкIуатэкIэ уи цIэр къибгъэкIуэтын хуейщ. ЛъэпкъыцIэр (Черкес) ину къэIуэн хуейщ.

22 Mar 2019 10:01

"Къабэрдей, Шапсыгъ, Убых..." цIэкIэ псэлъэныр макъ щэхукIэ Iущэщэнщ. "Черкес" цIэкIэ псэлъэныр псоми захебгъэхыу псэлъэнщ.

21 Mar 2019 08:32

Дэр дэру тщызхэткIэ АДЫГЭ цIэр, хамэм я пащхьэм ЧЕРКЕС цIэр дитхьэмадэщ. Хабзэр тхьэмадэм декIунращ.

20 Mar 2019 19:43

Дэ ткӀэрыхуа ткӀэрыщамкӀэ лӀы хъуа зыкъысщыхъуиж дыгъуакӀуэхэр ЧЕРКЕС цӀэм и жьауэм щощтэ.
ИӀэ къэрабгъэм игу идывгъэх!

19 Mar 2019 17:40

Уэуейр зомгъэижмэ пфӀокӀуэдри гъуэйыгъуэр къыпхокӀуэ... ЧЕРКЕС цӀэр уэуейщ Адыгэ, зегъэиж!!!

19 Mar 2019 17:32

"Черкес" цӀэкӀэт цӀэрыӀуэ дызэрыхъуар. ЦӀэ Ӏуар зэхегъэхижыгъуафӀэщи аращ ЧЕРКЕС щӀыжытӀэр.

19 Mar 2019 12:04

Sana ait olmayan adlarla(Kafkas, Kuzey Kafkas..) mücadele yürütmek süvari savaşına atsız katılmak gibidir.
İsim güçtür.

19 Mar 2019 11:56

Уи Ӏэр уӀамэ къыпхутегъутхьэнукъым жыхуаӀэм хуэдэ защӀэ дызэхэхъухьащ.
Ахъшэр(сомыр), Адыгагъэм тфӀытокӀуэ.

18 Mar 2019 21:26

ЩӀэныгъэм уегъэгушхуэри уегъэгъэзащӀэ, шынэм узэхуешэри Ӏэпэ дэгъэлэл уегъэщӀ.

18 Mar 2019 13:04

Адыгагъэр кӀуэду щытмэ ар дэ дигагъэщ.

18 Mar 2019 11:02

ФӀыуэ фырипсэун нэхърэ нэхъыбэ мылку фиӀэу лъэпкъ Ӏуэхум зыри тевмыгъэкӀадэу нэхъыбэ мылку къэхьыным тевгъэкӀуадэу щытмэ кӀуэдыкӀейр къыфхуэкӀуащи зыфщӀэжкъым.

17 Mar 2019 16:01

Компютерым ятырегъэу, егъэудэIу. Я ныбжь ирикъуми дотхьэусыхэ "КъыдэдэIухэкъым." жоуэ.
:)

16 Mar 2019 11:51

ЛIо дыщэ къуэладжэ удэскIэ дыщэм хомщIыкIа нэужь!
Адыгагъэр дыщэщ, Адыгэбзэр дыщэ къуэладжэщ.
Дэ?

14 Mar 2019 16:21

Адыгэбзэр, цIыхугъэкIэ Iэпкъ лъэпкъ уэзгъэгъуэтщ.

14 Mar 2019 12:50

Хэкур яхъумэн щхьэ я джатэ зылъу ялъкIэ хэкур зыгъэфу щытахэм я щIэблэ гуэрхэу хэхэс гуэрхэм я дзэмрэ я псалъэмрэ зыхуалъурэ къолъхэр нобэхэм.

12 Mar 2019 09:06

Мыщхьэхыурэ пцIы яупсурэ манипуляция къагъэхъу. Пэжри мыувыIэу жыIэн хуейщ гъащIэ егъэгъуэтын папщIэ.

8 Mar 2019 18:52

Адыгэр Хэкум ЧЕРКЕС цIэкIэ зы хъуижу лэжьэнрэ пщIэнтэнрэкIэ ипэ ищижмэ лIо къыщIызэфIэмувэжынур!

7 Mar 2019 20:15

ГЪАЩIЭР ГУМ И ХЬЭСЭЩ
Хэумылъхьэфмэ гъащIэм гу,
Уи гур абы дыхыболъхьэр.
ХуэмыкIуэж махъу гур гъащIэми
ГъащIэр мыкIуэжу пфIызIощIэ.
Хэлъхьэ сытми уи гур хуабэу,
Хуапэ гъащIэр умгъэпIыщIэ.
07.03.2019 17:24

7 Mar 2019 17:28

Зыми дэзэуэн щхьэкъым ЧЕРКЕС жыфlэ щlыжытlэр. Лъэщу ди макъ къикlын папщlэщ.

7 Mar 2019 09:47

Фымбэлэрыгъ ди хэкурысхэ 2020м ЧЕРКЕСу зевгъэтхи ди цlэмкlэ зыуэ дыпсэлъэфыну къэру дыреlэ!!!!

7 Mar 2019 09:42

Адыгэ lуэхур хьэдэ? Арамэ фымгъейуэ фыlэт лlы хуэдэу. Мэ щоу.

4 Mar 2019 21:07

Адыгэ lуэхур хьэдэм нэхъри нэхъыкlэ? Хьэдэ тэмэ куэд щlат зэрыф'lэтрэ! Хьэдэмэ мис, зефхьэ!

4 Mar 2019 21:05

Зым зым зыхуэбгъэкlутэкlэ лъэпкъ lуэху кlуатэкъым, лlы хуэдэу фкъекlуэталlи зэдэдывгъэlэт мэу!!!

4 Mar 2019 20:57

Напцlэкlэ къэзгъапцlэм и цlыхугъэр напцlэщ.
Адыгэу напцlэрыгъапцlэм
бжьакъуэри дытетижщ!!!

3 Mar 2019 01:35

Пэжыр зэзгъэкlуэкlым и гур зэкlуэкlащ, и гур кlуэцlыфыхьащ.

3 Mar 2019 00:24

Мы lуэхум къыпэувыр, Адыгэр зэхэсфыщlам я телъхьэщ!
Къэуш Адыгэ, ЧЕРКЕС цlэмкlэ зы хъуиж!!!!!

3 Mar 2019 00:21

Уэуейр зомыпэсмэ къыуапэсыр натӏэ пхохъу.

1 Mar 2019 23:29

Шапсыргъри, Къабэрдейри,
Беслэнейри адрейхэри ӏэпхъуамбэщ. "Адыгэр" ӏэштӏым уэзгъэщӏ гущи ЧЕРКЕСри ӏэштӏымщ.

1 Mar 2019 23:26

ЧЕРКЕС цӏэр диШЫщ, АДЫГЭри ШЫр зейращ. ЧЕРКЕСым дыщӏешэсыр ШЫм ипӏэ зэритращ. Аращ Адыгэр жыжэм зыхьынур, гугъэ дахэм нэсхьэсынур.
Абы щхьэ ЧЕРКЕСым, абы щхьэ ЧЕРКЕСИЯм фешэс АДЫГЭ!!!....

1 Mar 2019 22:19

Зщыдгъэлъагъуэрэ пэт, зкъыщыхэдгъэщкӏэ, пэмыщӏым дызыӏисыр щажетӏэкӏэ, дунейм я пащхьэ тщиувэкӏэ ды ЧЕРКЕСщ. Дэрдэру ды АДЫГЭщ.

1 Mar 2019 12:47

Щхьэзыфӏэфӏу ущыткӏэ лъэпкъ ухъуфкъым... Унафэ зыщӏыфу ар зыпхырыкӏ жылэращ лъэпкъ хъуфыр... Черкесыр Черкес зыщӏар мырат.

28 Şub 2019 13:34

Уезыджэр гум къиипсэлъыкӏыу абы гукӏэ ухэпсэлъыхьыфу щытмэ, умышынэ унэсынущ уздежьам..."Черкес" цӏэм фкъыщӏэувэж...

28 Şub 2019 13:28

Жыпӏэр уицӏэуэ щыт "Черкес"кӏэ жомыӏэфмэ ЛЪЭПКЪу зыуэ укъырадзэкъым.

28 Şub 2019 12:49

Пэжыр дипэ иту кӏэлъхьэужь тщыхъуа махуэращ щыдыгъэпэжэнур.
:)

26 Şub 2019 18:59

"Сэ къезгъэжьа"м фкӀэрыкӀ "лъэпкъым дахэ къыпезхьэжьэ"м ефт фи къэрур.

26 Şub 2019 18:55

Гъыри, гъынанэри пэжыжэ щӀы, нэхъкӀэ гур нэф пфӀохъ, щхьэр щхьэзэ.
:) :) :)
(Пэжщ.)

26 Şub 2019 18:49

ЧЕРКЕС цӀэр щызомпэсу, къепхьэкӀын щызыхомгъэфэщэжкӀэ къыпфӀащ цӀэм къыпхуихьам уримытхьэусыхэ хэхэс Cherkezoğlu!

26 Şub 2019 16:24

Уи цӀэр зомыхьэмэ хьэщхъурыӀуэм птырах уэуеижыр.. Ди цӀэр ЧЕРКЕСщ, ди хэкур Черкесиящ...

24 Şub 2019 18:11

Е Черкесия урибыну у Черкесщ, е Черкесиям урибийуэ у лъэпкъ гъэкӀуэдщ.

24 Şub 2019 18:07

Узгъэудэрэщхъуращ Ӏекстремист узыщӀыр. Пэжыр жыпӀэнращ мамырыгъэр къэзыхьыр. Ды Черкесщ, Черкесиям дырибынщ!!!

24 Şub 2019 18:02

Зтетыр жытӀэу, хуэфащэм тхущӀэкъуурэ Черкесу дафӀытетынущ мы дунейм.

24 Şub 2019 14:23

Гу зыщӀатурэ яхъумэр,
Сом щӀэптым къищӀэхукъым.
Сом щӀэзыту гъащӀэр къэсщэхум,
Гу зыщӀатар фӀэӀуэхукъым.

21 Şub 2019 21:25

ЧЕРКЕС цӀэр жьауэщ, фкъекӀуэлӀэж!
Дыгъэм фисакъэ!

19 Şub 2019 00:03

ЧЕРКЕС цӀэр хуабэщ, фкъекӀуэлӀэж!
ЩӀыӀэм фисакъэ!
Дэ псэум япэ ди цӀэр "ЧЕРКЕС"щ.

18 Şub 2019 23:51

Уи цӀэр ЧЕРКЕСщ, уиблэкӀар Черкесиящ.
Уи цӀэмрэ уи блэкӀамрэ шыпсэкъым!
ШыпсэкӀэ узгъэжейхэр уи жэгъуэгъущ!
ФитхэкӀумэм къиӀущащэхэм фамыдэӀу,
Дызыпылъыр зауэрэ банэрэкъым!
Уи цӀэр къэрущ уэркӀэи,
ЧЕРКЕСу утыку къихьэж!!!

18 Şub 2019 23:34

"ЧЕРКЕС" цӀэр ныпым хуэдэщ. Ныпым ущӀэтмэ улъэщщи, иӀэ фкъыщӀэувэж!

18 Şub 2019 23:15

УицӀэр п'ӀэщӀэхумэ удохуэх! Уи цӀэр лъагэм Ӏэт си Черкес лъэпкъ.

17 Şub 2019 18:06

Плъытэнущ, тӀанэ ар лъагъуэ пщӀыуэ цӀыхуэм ябгъэлъытэфмэ лъэпкъым апщыгъуэщ кънщыбдащтэнур.

17 Şub 2019 18:03

Хэт сы Адыгэщ жиӀэми и гур ЧЕРКЕСым къешэлӀэжу и гур къызэрыгъэгъуэтижын хуейщ. Аращ ди Ӏуэху нэхъыщхьэр.

17 Şub 2019 16:52

Мискъэ, иджыпсту Анкъара Черкес Хасэм сщӀэскъэ... Лъэ куэд къэкӀуа щхьэ гу зэкӀэлъыкӀуэ мащӀэщ...

17 Şub 2019 16:37

Хасэр псалъэ хэтӀапӀэ хэсапӀэуэ икӀи зкъыхэтӀэ зкъыхэсапӀэкъым. Ар лъэпкъым и пщэдей жылэр щхэсапӀэщ. Хьэсэмэ фзыхуейр аращ.

17 Şub 2019 16:28

"Къафкъас"ым къикӀыр унэ ӀункӀыбзэр хэт хуэзэми ептынращ. Псэури я унэ щыкӀуэжкӀэ янэ фӀэфӀыр здахьри зри къытхуэнэжкъым хэхэсым.

17 Şub 2019 16:21

Унэм уекӀуэлӀэжын гугъэ уимыӀэжмэ къэблэжьар зыдепхьэлӀэн зэрыуимыӀэм щхьэ ипкъухьынущ. Абы щхьэщ Черкесиям гухэр щӀыхуэдгъэпсыр.

17 Şub 2019 15:57

Хэт уэ щӀэпшыр! (" Хэт бгъэделэр!" "Kimi işletiyorsun!" жхуиӀэу.)
:) :) :)

15 Şub 2019 17:36

КъуэгъэнапӀэ фочауэхэр я шынэм ирипщылӀхэщ.

14 Şub 2019 17:17

У Адыгэщ ей! У мацӀэ диякъым! Згъэхъей!!!!!

14 Şub 2019 17:09

Укъытохьэ щхьэ, у техьэ текӀ щхьэ пэжым утеткъым. Ущыуащи цӀыхухэр богъэгъуащэ. Ӏуэху къытхуиӀэкъым. (зыхуэфащэм нобэ жесӀащ)

13 Şub 2019 23:40

Уэуейр зыIэщIомылъхьэжмэ п'IащIахри узыIащIалъхьэ!... ЧЕРКЕС псалъэр уи къэрущи зыIэщIэлъхьэж маржэ!

13 Şub 2019 00:43

2019 ИЛЪЭСЫР ЧЕРКЕС'РЭ ЧЕРКЕСИЯ'РЭМ ЯБГЪЭДЭЛЪ КЪЭРУ ДЫЩАГЪЭГЪУПЩАР ЛЪЭПКЪЫМ И ГУРЫГЪЭIУЭЖЫГЪУЭЩ
Мы Iуэхур нэхъыбэу зыхуэсэбэпынур аращи РФм ЧЕРКЕСу зегъэлъытэным къыбгъэдэкIыу мыпхуэдизу дызэрзэбгыратхъам и щхьэусыгъуэр утыку къызэрамылъхьэфынум Iуэхур хуишэнурэ ЧЕРКЕСИЯ пэжыгъуэр РФм иригъэлъытэнущ. Мыбыи РФм щхьэусыгъуэ яримыту Адыгэхэр ЧЕРКЕС цIэкIэ зэгуигъэхьэжынурэ зы ищIижынущ.
ЧЕРКЕС цIэм дияспорами кIуэдижыгъуэм къезгъэлижыну къэру къыритынущ.
Сищхьэкlэ сэ 2019ыр мы Iуэхум тегъэкIуэдэгъуэ хузощIыр. Фэри мы Iуэхум фкъызогъэблагъэр.
Фзигъусэ маржэ!

13 Şub 2019 00:35

Дэр дэр пэтрэ ды Адыгэщ, тщыдуней лъэпкъкIэ ды ЧЕРКЕСЩ. ЧЕРКЕСЫР Iэщэщ, "Адыгэ"р зыхудиIэ хуэбагъэщ. Iэщэ зомыхьэмэ уагъэпсокъыми ди Iэщэр зыпщIыхыдолъхьэж.... ДЫ ЧЕРКЕСЩ.

12 Şub 2019 22:52

ЦIэ уимыIэу щхьэ уиIэкъым политикам, абы щхьэ ЧЕРКЕС абы папщIэ ЧЕРКЕСИЯ!!!!!!!

12 Şub 2019 13:47

Уи гур къызэфIэгъувэж Адыгэ! Гужьейыгъуэ ухэхуами уи гур зэфIэгъувэж. Апщыгъуэм, уи лъэпкъым ипкъри къызфIэувэнщи ипIэ иувэжынщ!

11 Şub 2019 00:03

"Черкес"ымрэ "Черкесия"мрэ янэ щIэт'Iун хуейщ псэуми, нэхъкIэ дагъэпсэунукъым. Мыри Адыгэм фи нэм ныщIызоIу!

11 Şub 2019 00:01

ХЭКУРЫСУ ДИ ЖЫЛЭГЪУХЭ,
РФм 2020 гъэм Федерацием щыпсэу цӀыхухэр ябжынущ. Ди хэкур дунейпсэум ЧЕРКЕСИЯщ зэращӀэр, Адыгэри ЧЕРКЕСущ зэращӀэр... 2020 гъэм Адыгэ псэуми Къэбэрдей, Адыгэ, Шапсыгъ сыту зевмыгъэтхыу ЧЕРКЕСу зевгъэтх РФм и дэтхэнэ щӀыпӀэм фщыпсэуми.
Ипэ ди цӀэмкӀэ зы дывгъэхъу. Черкесрэ Черкесия псалъэмрэ дэни щывгъэӀуи дызэрщыӀэр янэ щӀэдывгъэӀу. НэхъкӀэ янэр мыузым ди Ӏуэху дэкӀынукъым.
МАРГЪУЩ ВЕЗИР

10 Şub 2019 18:55

Фымыпыхьэ Майхэм и 21уэ хъуам, Адыгэ Ӏуэхум фкъыхэхьэ. НэхъкӀэ куэдрэ тхуагъэпыхьэнщ ди зыгуэрэхэр!

9 Şub 2019 21:05

Адыгэм и гур щабэщ, ауэ и ӀэштӀымыр быдэщ.

9 Şub 2019 14:53

ЛӀыгъэ тщӀэмэ лӀыгъэкӀэ дафӀэпсэунущ, мыхъумэ къэтпсэуну къудейр тхьэмыщкӀагъэщ

4 Şub 2019 15:2

ЦӀыхур щхэнрэ цӀынрэ, зэрышхынрэ енэцӀынрэ, цӀыхул ехъуэпсэнрэ нэхъ зыщӀыпӀи хуэзмышэ лъэхъаным Адыгагъэм донэцӀ, дохъуапсэ. :)

3 Şub 2019 19:28

"Черкес"ымрэ "Черкесия"мрэ янэ щӀэт'Ӏун хуейщ псэуми, нэхъкӀэ дагъэпсэунукъым. Мыри Адыгэм фи нэм ныщӀызоӀу!

31 Oca 2019 16:40

къыпщыгуф1ык1ыу къыщыпхуыкъуэк1к1э махуэм уи нэщхъ зэхэук1ауэ укъыхуыкъуэк1ын хуейкъым.
30 Oca 2019 09:37 güncellendi

30 Oca 2019 09:37

Уи гур къызэфIэгъувэж Адыгэ! Гужьейыгъуэ ухэхуами уи гур зэфIэгъувэж.
Апщыгъуэм, уи лъэпкъым ипкъри къызфIэувэнщи ипIэ иувэжынщ!

29 Оса 2019 15:59

Адыгэ Iуэхум игугъу фмыщI къудей, фегугъу фиIэ къызэрихькIэ маржэ!!!

28 Оса 2019 23:56

Мыпхуэдэу ткъырамыдзу, ди Iуэхур яфIэмзыгуэрэу лъапэкIэ зэрадзэу зэрщытыр
дауэ къыфщыхъурэ зкъысщыхъуижу зыми зыри къэщымхъуижхэм?

28 Оса 2019 20:04

ГъащIэр изохьэкI
КъесхьэкIыр хэт ищIэн...
НехьэкI къехьэкI имыIэу гъащIэм
ЗанщIу къыстыребжэ
Зэрибжьэр фIэмIохуу...

23 Оса 2019 01:01

.

НафIэ къыжьэдогургукI.
Уесыр ауэ,
Укъигъэхуабэкъым...

23 Оса 2019 00:55

Угубжьрэ яхуибгъабжьэ къудейкIэ зри лъэужь захуэ ибгъувэфкъым...

22 Оса 2019 21:15

Лъэпкъым хуэпщIэ Iуэхуращ зщIыбгъун хуейр, псалъэм псалъэ щIыбгъукIэ
зыщхьэпэ щыIэкъым.

22 Оса 2019 21:02

И гур къыздэзмыхьам ди Iуэхур къыщинэнущ и гур къызэрщинам хуэдэ къэбзу.

20 Оса 2019 13:10

Фызэгуэудыху фкъафэ,
Сэ си гур хуэкӀуэжкъым.
Фкъэшэшэн, щӀыр къифтӀыкӀ,
Сэ си лъэхэр щӀэкӀыркъым.
Из фыщӀ фэ фи ныбэжьхэр,
Си гум зыри ирихькъым.
Гурымыхьщ фи гъащӀэри,
Гум хуэмыхьижыр къызожьиж.

МВ

20 Оса 2019 00:00

Хэхэс Адыгэм ТЕПЩЭ КЪЫЩӀЫТХУЭХЪУХЭР аращи ЗЫМ ЗЫМ ДЫТЕПЛЪЭ ХЪУКЪЫМ...

11 Оса 2019 16:40

Щымгъуазэр гъуазэ зыхуэхъуам къигъэзэжкъым.

10 Оса 2019 22:04

Зи дзэ зылъымрэ нахътэ зтелъымрэ пэжыр тыгъэ къупхуащӀыфынкъым. :)

10 Оса 2019 20:58

Адыгэ Ӏуэхум къыщхьэщымжыфу адыгэцӀэ зезыхьэм цӀыхугъэкӀэ игу къыдэмжижу сымаджэщи, игур хьэдагъэ унэщ, икӀэщӀыпӀэкӀи ипсэр итынущ

9 Оса 2019 19:28

Дызэрыт Лъэхъанэр БЗЭГУЗЕЙХЬЭХЭМ я лъэхъанщ.... :)
Хуеймэ иробзейхэ, хуеймэ псалъэ къырагъэхьэкӀ бзэгум....

9 Оса 2019 17:37

ЦӀыхуцӀыкӀум ялъыхъуэр ди Адыгэм ягъэкӀуэд.
:(

9 Оса 2019 16:03

ФӀыщӀэ зхуэщӀыпхъэр и жылэм зэхэщӀэ хузиӀэращ, зэхэзыщӀэу зэхэзытхъуэракъым.
:)

9 Оса 2019 14:39

ФеужьэрэкӀ маржэ хъуижын фымбэлэрыгъ!

8 Оса 2019 23:02

Гум игъэӀэпхъэрар гугъэм хущӀэхьэху загъэкъым. Гур фгъэӀэпхъэр ипэ, Адыгэ Ӏуэхур зэрзэфӀэкӀынур аращ.

8 Оса 2019 22:56

ЩӀыналъэ псэум щхьэм щхъэ закъуэмкӀэ псэури зэрекӀуэкӀыпхъэ шыпсэкӀэ цӀыхуцӀыкӀур ягъажей. Гу къилъэтращ, зыдекӀуэкӀыпхъэрӀ

8 Оса 2019 22:50

Дыкъизмыдзэм пщӀэ зыхуащӀыр къелъэфэкӀыныр Ӏулагъэщи хыфӀэдзэн хуейщ къетлъэфэкӀ бзаджэнаджэр.

8 Оса 2019 20:19

Хэку гугъэр, ди нэщи абы тфӀеӀэм я нэ я псэм дафӀеӀэжын хуейщ дэ хэхэсыр.

7 Оса 2019 23:25

"УмтӀэхъуэфахъуэ!"
"ЗкъысщомтӀэхъу!"
Дэ Хьэжрэт Жылагъуэр тӀэкӀу ды пхъашэщ мы Тыркум. КъикӀуэт нэхърэ датегушхуащ сыт щыгъуи. Ди малъхъэм соуэршэр... Пхъашэ куэд сигу къокӀиж, мис. Хамэм ятщӀылӀа зауэхэр, дэдейуэ щытыр ди хъумэкӀар... Си ядэ, ди малъхъэм я кӀуэцӀылъа гур... ЯукӀа къэукӀахэр, зпыухьахэр... Зауэр дыгъэтӀылъа иужь къалэм дигу щхьамрэ дифэ дэкӀамрэ...
Мис псалъитӀым срахьэжьащ ныджыри...

5 Оса 2019 15:56

Зы щӀыпӀэ бгъэтӀысу бгъэпсалъэмэ 'зэкӀкӀэ иныжь укӀщ'." (Адыгэ Псалъэжь щхьэщытхъур ауан ещӀ.) :) :) :)

5 Оса 2019 15:02

Адыгэ Лъапсэ ГъэкӀуэдыр хэти я пащхьэ итлъхьэнущ. ЗыбзыщӀым деубжьытхэнущ.

1 Оса 2019 23:12

Дахэу хъуар щыщӀэрэщӀэжын зы лъэхъан тхъэгъуэ фхухъу илъэсыщӀэр Адыгэпсэ псэум.

31 Ara 2018 21:27

У АдыгэлӀмэ
Упылъын хуейщ дахэм,
Пылъщ си гур дахэу хъуам...
Дахэр, гурыхьу
ЦӀыхугур дахэм зыхьщ.
Дахэр лъытапхъэщи,
Дахэр иригуфӀапхъэщ...

30 Ara 2018 17:34

КъыуащӀэр политику, къызэруащӀэр политикрэ пэт сы политиккъымыр щхьэ гъапцӀэжщ хэкурысхэ, фкъэуш... Хуейр згуэудыху ирежей.

28 Ara 2018 20:45

Апхуэдэу уи цӀэр Адыгэуэ пкӀуэцӀылъ гур мыадыгэу, уи пэ къырихур мы адыгэу нэмыщӀрэ щхьэхуэмэ домгъэхьэулей.

28 Ara 2018 20:38

ЗрагъэкӀуэкӀау щыт сытри, АдыгэбзэкӀэ къыщыжып'Ӏэм деж ипӀэ йоувэж и нэхъыбэм

27 Ara 2018 10:34

Мыцlыхум цlыхуфэ епплъмэ уи фэри трех, уи напэри трех, уи цlыхугъэри птырехри пфlырехьэжьэ. Хуэсакъ си Адыгэ, умбэлэрыгъ!!!

26 Ага 2018 21:21

Бзаджитlыр зоуштри, лажьэ зимыlэр дашхыхь... Ар къытщыщlащ дэ хэхэсым...

26 Ага 2018 17:49

Дгъэкlуэдыр lуэхутэкъым дгъэкlуэдым дыдокlуэд мыхъумэ.

22 Ага 2018 16:14

Зэржыт'lам изныкъуэ делэжьам Адыгэ lуэхур куэд щlэнт зэрыдэтхрэ.

22 Ага 2018 14:03

Адыгэбзэ тщыхъуижам щыгъуэ "къытщызгъэхъуу дызгъэунэхъуа" гупщысэ псэури Адыгэ гъащlэм хэдзижа хъунущ.

21 Ага 2018 17:43

Адыгэбзэр гу зэфlэнар зэфlэзыхрэ, цlхугум жьы дэзыхщ... Уэхуху'хуху.

19 Ага 2018 23:15

Аращи,
Фи гур нэхурэ фыздырикlуэ гъуэгур нахуэ фхуищl сыт щыгъуи ди Тхьэм, хэт игу дахэ хуилъми цlыхум.

19 Ага 2018 23:04

Сырым шхыныр нэхъыфlу уегъэшх. Псалъэми уи гур исымэ; нэхъыфlу, къыпхуищlу уи гупщысэр егъанщl.

18 Ага 2018 17:44

Уишкlэ къурыкъу пфlэщl щхьэ утхьэмыщкlэщи уздэджэлам упсэху пфlощl.

18 Ага 2018 17:38

"Уэ зыри зомыпэсу, къыуапэс нэхъ зыри умлэжьыфу..." Мыра узэр Адыгэнур?!! Мыр тхьэмыщкӏагъэщ!!!!

18 Ага 2018 17:35

Ипэ дэ дызэзэгъын хуейщ ди ехъулӏэныгъэр фӏым кӏэ дыгъазэн папщӏэ.

17 Ага 2018 22:16

"Дызэкъуэтмэ тлъэщщ." жысӏати хэти зыр зым зыкъуагъэпщкӏухьащ. :)

16 Ага 2018 22:47

Зауэмрэ банэмрэ ипэ урадзу, зауэр ухмэ укъырамыдзэу, икӏи дзэ къыпхуалъу щытмэ лӏэу уищхьэр къыщӏэбгъэпцӏэжыр Адыгэ? Уи Хэкур мес!

16 Ага 2018 22:11

Уи ӏуэху зхэмылъ уи бэлагъ хомылъхьэу, уи ӏуэху еплъиж си АДЫГЭ!

16 Ага 2018 22:04

Ухущӏэкъурэ, ущӏэрыӏэмэщ лъэпкъ ӏуэхур щыкӏуатэр. УӏумкӏуэтыкӀ, щӏэрыӏэ!

16 Ага 2018 21:45

ӏулэр зыпытшэнкъым жоуэ зыри зэржыдмыӏам щхьэ ды ӏулэ ффӏэщӏрэ! Ды ӏулэкхым ауэ ди делагъэм фщышынэ!

16 Ага 2018 18:45

"-къэ"кӏэ сыпсалъэм гъащӏэр зэфӏэкъэти жылэр зэщӏэзгъэӏэн щхьэ "-ӏэ"кӏэ сопсалъэ ныджы... Хъуаӏэ :)

15 Ага 2018 22:54

Уи гум и гъуэгу уримыкӏуэмэ уищхьэ уипсэм ирокӏуэ гъащӏэр.

15 Ага 2018 21:33

"""Къыдэхуэхэмрэ, къелхэмрэкӀэ зи ныбэр из зыщӀу зейм къырипэса бзэджэнаджэхэм щхьэ къыӀухьэм ебэну зейр зыхъумэр, зейр къешхыдэмэ и кӀэр и бэкъу дэзгъэзыхьу и макъ пызычыр унэхьэращ.
Уэ у АдыгэӀэ си къуэш! Уи банэ макъым ирeч щӀыхърейр, богъаӀэ!"""
зыжыребгъаӀэ нэхъри сытри нэхъыфӀ'Ӏэ!!!

15 Ara 2018 18:50

Уи цӀэмрэ уи щхьэмрэ зигу темыхуэм жаӀэмрэ ящӀэмрэ уигу тебгъахуэмэ уи хьадэ дахэр пхурагъэхуэнущ, укъэушынуӀэ Адыгэ!

15 Ara 2018 18:22

ПэмыщӀым яйым къыдэбгъэхуэмкӀэ лъэпкъ Ӏуэху зепхуэфынкъым.Лъэпкъ къэрур къэлъэӀухукъым ар лъэпкъым и тыгъэщ и Ӏуэху хущӀэкъумкӀэ

14 Ara 2018 22:57

Уи жылэм зи къудамэхэр дыгъэпсым еӀусэурэ дэкӀейуэ жыг хъун щӀэныгъэ илъщ. Уэ зыми и жьауэм жыг ущыхъуфынкъым Адыгэ. Жьауэм къыщӀэшийыкӀ уи къудамэхэр. Уафэм ебоу, дгъэпсым ефэ!

14 Ara 2018 17:45

Мыщэм ущыдэджэгукӀэ бгъэлеймэ уеущыр.

14 Ara 2018 12:23

Лъэпкъ Ӏуэху къехьэжьар дэ ди напэщи ар хуэфащэкӀэ дымгъэтэрэзми нэпэ текӀщ псэумкӀи.

10 Ara 2018 17:38

Ӏуэху къезыхьэжьэм "нэхъыфӀыр апхуэдэкъым, мыпхуэдэщ"ыр певмыхтэжьэ. Дэвубыд къудей. :)

10 Ara 2018 10:42

Къытхуэзыщэхэм я нэхъыбэм я гури, я цӀыхугъэри ящагъэхэщ.

9 Ara 2018 16:58

Уи лъэпкъ Iуэху зомыхуэжмэ узэрахуэу укъэнэнщ.

9 Ara 2018 15:52

Зи гур мыIуэм у-гуры-Iуэкъым/дыжыпIэкъым-псалъэр... Зи гур мыIуэм и жьэмкIэ уеуIу къудей... :)

9 Ara 2018 14:41

Ирикъункъэ нэщIэбжьэ къыремыкI жыт'Iэурэ зызэрыдIэужьар!! Ди Адыгагъэр утыку щимылъижкIэ, ди бзэр щыкIуэдакIэ мыхэм нэхъ нэщIэбжьэшхуэр сыт!!! ФщылIыкIмэ ди Адыгагъэм, дилIыкIынущ псэури динэр къижу!!
6 Ara 2018 10:54

ЛIэу пIэрэт ди цIэр зэрийхьэкIэ, и гур зэIыхьэ нэужь!!!

3 Ara 2018 18:25

Гупщысэ хьэху есхьэкI лъэпкъым и псэри хьэхущ. Пщэдейр хьэхуу ятыркъым. Дэхуэхар и гупщысэкIэщ къызэрзэфIэувэжынур.

1 Ara 2018 22:51

Гупщысэ хьэхукIэ уежьэмэ уигури уищхьэри пфIокIуэд. Аращ Адыгэм къытщыщIар. Мэл-уанымрэ ныкъуэмрэм щIигъу адыгэм и гупщысэр гурщысэ хьэхути аращ дызтекIуэдар. Гупщысэ хьэхум лъэпкъыр токIуадэр...

1 Ara 2018 19:15

"Дуней" псалъэр Хьэрыпыбзэкъэ, лIо абы и Адыгэбзэр щIэвмытхар... Адыгэри адыгэбзэри нэхъыжьщ а псалъэм нэхъри... Адыгэбзэ фщIиж а псалъэр.

1 Ara 2018 19:00

Делэр губжьынущ жоуэ абы гурызгъэIуэн папщIэ зижьэ езгъэзэшыр нэсмэ къэсижауэ Iулэщ.

29 Kas 2018 16:46

Зым зым ткъыщхьэщыж тщыхъуижа махуэм зыри къытпэлъэщыфынукъым Адыгэм. Зищхьэ Iуэху илъым и щхьэщыжыгъуэр къэсащ Адыгэмэ ар.

28 Kas 2018 20:56

Фи нэхъыбэр ФСБм фщошынэри лъэпкъ 1уэхур фи 1эпэдэгъэлэлщ. ФСБр т1асхъэм яужь итщи пэжыр и 1эпэдэгъэлэлщ. Фэ лъэпкъ 1уэхум зефт ФСБм пэж 1уэхум зырет. Псэуми фи 1уэхур еф1эк1уэнущ, фмышынэ! :)

25 Kas 2018 22:53

Фэ фи хьэлъэр жывмы1эфращ, сэ си хьэлъэр сызлъэм1эсращ.

25 Kas 2018 22:56

И пэжыр мыращ дып1эурэ уи пэжыр хомы1у сытми.

24 Kas 2018 22:16

Къызобэн.
ИкIи къызодзакъэ,
Икlи среуд.
Къыстокlуэ дауи ищlми.
Хьэщи лъэщщ,
Цlыхугъэкlэ спэлъэщкъым.

21 Kas 2018 10:53

Тlэкlуи уделэнущ, тlэкlуи лейуэ упсэлъэнущ загъэурэ/зэзэмызэкlэ.

15 Kas 2018 17:32

Щхьэгъусэ къэзышам щхьэусыгъуэ ди куэдщ...
(Гушыlэщ)

14 Kas 2018 20:50

Зызэбгъэщlэжын хуейм зомыгъэщlэжмэ зкъыпхуегъэщlагъуэри щlагъуэ укъыридзэжкъым🎧

11 Kas 2018 22:00

Сщыгушы1эк1э зызошы1э нэхъ занщ1эу т1эу сноуэн нэхъ зыри схуейтэкъым. 😃😃😃😂😂😂😈😈😈😎😎

11 Kas 2018 00:55

"Адыгэрэ мац1э диярэ" къытхужа1эн хуэдиз дыхуэмыхущ Адыгэ 1уэхумк1э. Жан дывгъэхъуижи АДЫГЭ УЕЙ УЕЙ! жедывгъагъа1эж :)

10 Kas 2018 21:43

Лъэпкъ 1уэху дахэ къезыхьэжьэм 1уэхум и акъыл певмыхьэжьэ, дэвубыд! Акъылымрэ ф1ыщ1эмрэ фэфеиж, лэжьыгъэр лъэпкъым ей ирехъу.

7 Kas 2018 20:30

Си 1эр къыбнэм1эсми си псалъэр къыплъо1эсыр Хьэф1ыц1э, сытк1э а уи напэ тек1ар зэрщ1эпхъумэнур!!! Щэхурыдзакъэу дапщэ узэдзэкъар!!! Адыгэ дамщэм бэлыхь ятеплъхьэн щхьэ ФСБм пц1ы хуэбупса!!! Пхуэфащэр пщыттагъэнурэ шыдым утесу укъетшэк1ынущ!!!

6 Kas 2018 22:10

Я 1усыр прамгъэупщ1ын щхьэ Адыгэ 1уэхум пэрыуэ, Адыгэм пц1ы тезылъхьэ бзэгу зехьэхэм я бзэгур къигъэжу, нахътэ ятелъхьэн хуейш. Ахэр хэт дыф1эмэ зи гумрэ зищхьэмрэ щыуауэ Адыгэ 1уэхур зымыгъэбакъуэ, зи ныбэ зи бэкъу хуэпсэу хьэ1уцыдзхэращ. Ди ц1эмрэ ди хасэхэмрэ дэдеижщи ахэм я1эщ1эдгъэк1уэдэнукъым.

6 Kas 2018 21:51

Куыгъуу, Адыгэм и дуней еплъык1эр щ1эзыфык1 гупщысэу хъуами я къежьап1эр Адыгэм гупщысэ жьант1эм хамэ еплъык1эр тхьэмадэу зэригъэт1ысам къыбгъэдок1ыр.

4 Kas 2018 14:49

"Жы1э да1уэ" псалъэракъым Адыгэр дызыхуэныкъуэр. "ЖИ1ЭР ЗГЪЭЗАЩ1Э" псалъэращ Адыгэр нобэ зхуэныкъуэр.

4 Kas 2018 14:42

Хабзэр зыхузрахьэр хабзэр зф1э1уэхуращ, хабзэмыщ1эм хабзэ хузэрахьэурэ хабзэр зэ1ырагъащ1экъым.

2 Kas 2018 20:45

Адыгэр къизмыдзэр щхьэдэдзын хуейщ.

1 Kas 2018 18:24

Паштыхьыр паштыхьщи, къызгурымы1уэр паштыхьым пащ1 "тыхь"ращ. :)

31 Eki 2018 18:11

Пф1эщрэ, ф1эпщк1эрэ хъукъым. Гъэунэхун хуейщ ик1эщ1ыпк1э. :)

31 Eki 2018 18:07

Умгъэунэхумэ ц1ыхур зтетыр пщ1экъым.

31 Eki 2018 18:06

Хабзэм фызышышынэ зэрыщы1эм папщ1э фемык1у, абы ц1ыхум щ1ыхь зэрхуэфщ1ым щхьэ фек1у.( Иджыпсту эгзэминам пэрыс еджак1уэхэм яжес1ащ.)

30 Eki 2018 09:47

Гум хуэмыхь защ1эщи псэм хэлъыр, е къижьижынущ псэм ахэр е псэури къщинэнурэ ежьэжынущ псэр.

28 Eki 2018 22:26

Скъызэрыхъурэ сипсэр зэхэзейхуэщи зезыхуэр ныжэбэ зэхэсхунурэ есхужьэжынущ... Езмыхужьэжыфмэ сипсэм сызэрихуу къыщ1эк1ынщ.

28 Eki 2018 22:15

Схуея къудейтэмэ пэжт къыщ1эмхъуар гуры1уэгъуэнт, ауэ сызыхуейм ик1и схущ1экъуу ик1и къыщымыхъуак1э абдеж зыгуэрэ щщы1эщ..

28 Eki 2018 22:06

Нэалатышхуэ дытемылътэмэ гъащ1эр зэ мыхъуми зэ дахэк1э къыдэ1усэнт.

28 Eki 2018 21:50

Гъащ1эр сырмэ сырыр блэбгъэк1ын щхьэ умышхыпхъэ куэдым удодзакъэ....
Сырым зыри дэшхын хухъуфкъым....

28 Eki 2018 21:47

Гъэм гъэр дищ1ащ
Илъэсым лъэсу дыкъигъэнащ...

28 Eki 2018 21:16

Псэуми ухэпыджэк1э бгъэхъуижыфкъым уе1эзэн щхьэ хэпщ1ык1ын хуейщ.

26 Eki 2018 21:38

Тхьэм и ф1ы лъагъуныгъэмк1э 1э къыдырелъэ а уипсэ лъэтам.

25 Eki 2018 11:04

Фэ дгъужьышэ фефами, дэри дгъужьыгу тшхащ.

22 Eki 2018 20:04

Леуэ укъэслъагъум егъэлеяуэ ф1ы къыпхуищ1энукъым. Леуэ ткъэслъагъур
егъэлеяуэ л1о мыпхуэдизу щ1эдгъэпсалъэр!

22 Eki 2018 16:33

ПхузэфIэмыкIмэ кIэрыкI, зэхомыуцIапIэмэ нэхъыфIщ!!!

20 Eki 2018 20:11

ПэмыщIым уахъуапсэм къикI щыIэкъым, Iуэхур пхуэмщIэнуи аракъым си лъэпкъ,
уемхъуапсэ зыми уи Iуэху гъэзэщIэж.

20 Eki 2018 19:23

Зэфыгъуэр зэдофыр.

18 Eki 2018 22:25

Гупсысэ жабзэу, нахуэу, гум зызхуигъэзам; щ1ыналъэм 1эпкълъэпкъ щегъуэтри гъащ1эм хоувэр.

18 Eki 2018 21:13

Гъащ1эр гупсысэм егъэпс. Уи гупсысэр ф1ык1э гъэпси уи гъащ1эми уи гур ф1аф1эу ирегъэпсижи дэхагъэ тхъэгъуэр къыбнырес.

18 Eki 2018 20:50

Ящымыщыр щ1ым щыщ зыщ1ын нэхъ гугъэ зимы1эхэм зыбгъэ1ущу зыри яжомы1э, уахуэмбэлэрыгъи уи 1эштым гъэпсар ягъэлъагъу...

8 Eki 2018 18:01

Зыгуэрэм щхуейм дей нэпсейуэ зыгуэрэ щ1эн щхуейм дей зислъэфыхьхэр зык1эи къыздевмылъэфэк1. Феуи ефхужьэж.

8 Eki 2018 17:31

Псэуми ящ1эр пщ1а нэужь "Псэури зэрыхъу тхъунщ." ды1э.

8 Eki 2018 17:27

Дунейр фо1эт фымлэжьамрэ фищхьэм химышымрэ папщ1э!!!!
Адыгэм хуэдэу 1уэху зэф1эфхи мис апщыгъуэм деж Адыгэм хуэдэу фищхьэр къэф1этыну напэ хужь фре1э!!!

8 Eki 2018 00:11

Къабэрдейм:
1- КБРм экономикар зы1эщ1этлъхьэнущ
2- Лэжьэнымрэ пщ1энт1энымрэк1э ипэ ищижынурэ зэрызурэ сытк1и унафу хъуари езым ей ищ1ынущ
3- Гъуэйурэ пщ1эурэ, Адыгэм ефтыр къыдэфт жызы1эхэм пэувынурэ ипэ иригъэщынукъым
4- Лъэпкъ унафэ къищтэрурэ унагъуэщ1эу т1ысуну хъуами 1уэхурэ 1уэху щ1ап1э яхузэ1ухынк1э ядэ1эпыкъуныр ХАБЗЭ ищ1ынущ
....

5 Eki 2018 21:19

Ц1ыхухэм уи пэ къэхуриху щы1эуэ а ц1ыху псэум зык1и пашэ уахуэхъуфу я 1уэху дэпхыфынкъым.

5 Eki 2018 16:51

Къэралыгъуэ хабзэхэм ящхьэщихурэ Адыгэм пхирихумк1э пащхьэ ткъиувэнурэ псэури зэхэтхунущ...

2 Eki 2018 18:10

Адыгэр зэрыпсэур гущи ди гур мызагъэу дызтезэгъэнукъым.

23 Eyl 2018 01:22

Сф1эмыф1у къызнэсыр, наф1э щ1эздзу сгъэсащэрэт...

22 Eyl 2018 19:38

КЪЫРЫМ ТЕУХУАУЭ ХЪЫБАР ЗЫТ ЗЫ САЙТЫМ СЕДЖА НЭУХЬ КЪЫХЭСХАР АРАЩИ:
Къырымыр Рфм хэтщ хэтк1э ауэ мыр зымыдэхэм ди дгъуасэм зэращ1ам хуэдэу Черкесияр зэхатхъуэу ц1ыху тек1уадэр яф1эм1уэхуу я1уэху еплъын я мурадщ... Адыгэри Урысри къыреуш...

Илъэсищит1к1э дызэзэуам къытхилъхьа гупщысэмк1э илъэсищэ дазэуащ ахэм яжэгъуэгъуам. Ар сыт хуэдэ гупщысэми езбы тщазауэм къыдащ1ар ди жьэгъуэгъущ1эхэм ящ1ам нэхъ зэрмы нэхъ мащ1эуи дауэми дызащ1агъастэри езым илъэсищит1к1э я гугъэу къыдамщ1эфар къыдырагъащ1эри ди хэкури ди пщэдейри ди жэгьуэгъущ1эм и1эмыщ1э иридагъэлъхьащ. Ипэм тхэмлъауэ къытхалъхьэу дызтек1уэда а гупщысэр зэтеткъутэн хуейщ ткъызэф1эувэжын щхьэ. Т1анэ ди жэгъуэгъущ1эхэм дадыт1ысынурэ ди пщэдейм дытепсэлъыхьынущ. Ди гупщысэ пэжыр къэтщтэжмэ хэк1ып1эри къэдгъэщ1энущ. Лъэныкъуитк1и ц1ыху темык1уадэу хэк1ып1э дгъуэтынущ. дигу илъхэр дымыгъэпщк1умэ.

22 Eyl 2018 16:15

Адыгэ хэкурысхэм я къуэш дунейм ипхъыхьам хуейр Балкархэмрэ
Къаршейхэирэ хуэдэу зэрзагъэзэжыфын къэралыгъуэ хабзэ
къыдырагъэгъэк1ыным хущ1экъун хуейщ...
Балкарым жа1э Адыгэм мор хуэфщ1ащ дэри тхуэфщ1, мыр ящ1ащ дэри тхуейщ.
Адыгэми трикъузурэ жырре1э Мо Балкъархэр къызэрыфшэжам хуэдэу ди
Адыгэри къэшэжыным дери тхуейщ жоуэ.

20 Eyl 2018 23:52

Къэнжал зауэми ди бжьыгъэр мащ1эт. Нобэми ди бжьыгъэр мащ1э къэщыхъуу
къыщ1эк1ынщи арагъэнщ зыкъыщ1ыдауштыр. Къэнжалыр къэзыхьар хьэ банэм
игъэщтефынкъым.

19 Eyl 2018 22:16

Дыкъызэримк1уэтынур, дызэртемгушхуэгъуаф1эр утыку идмылъхьэмэ фэ
зэдмыплъхэр удэфащи дунейм дытырагъэтынукъым.

19 Eyl 2018 20:42

Зыдущэхухук1э Адыгэу дунейм дытырагъэтынукъым. Зэхэзехуэ дымыхъуу ди
1уэхур зэхэк1ынукъым. Къик1уэтыгъуэкъым!!!

19 Eyl 2018 20:09

Уэс хъушэр ди унащхьэм щызэтехъуащи унэр къэмыуэн щхьэ хъушэк1э уэс
хъушэр дытъун папщ1э щ1эры1эн хуейщ.
Хъушэ: 1эщ е пэмыщ1 гуэрэр куэду зэхэлъ/зэхэтмэ
Хъушэ: уэс е ебз зэратхъу пхъэ 1эмэпсымэ

18 Eyl 2018 00:03

Е фкъэдгъэушынущ, е дывмышэчижыфу фкъэтэджынурэ дефхужьэнущ. :) :)

5 Eyl 2018 10:59

Дыздынэсын хуейр нахуэу утыку итлъхьэуэ абы дынэсхьэсунухэр нэрыбгэ
нэрыбгэу пщэдэлъ тщ1ымэ л1о ди лъэпкъыр щ1эмк1уэтэнур!!!

4 Eyl 2018 12:35

ТХЬЭР ЗЫРИЩ
Псэури зыщ.
Зым щыщщ.
Тхьэр зыкъым
Зым и псэр хэзылъхьауэ
Зын хабзэр зыухуаращ.
Тхьэр зырищ
Зыр къызхэк1аращ
Зырир зым хуэдэкъым
Зыгъэм щхьэ зрийыныгъэр къыгуры1уэгъуейщ
Зрир къэзыщ1эр гущ
Тхьэр зылъагъур гущ
Гур Тхьэ щ1эныгъэр щызэрзехьэ щы1эгъэщ
Тхьэр щы1агъэщ
Ар бжыгъэкъым
(Жи ди бзэм)

Маргъущ Везир
06.09.2018 22:52

5 Eyl 2018 23:09

Л1ЫР ЗГЪЭК1УЭДЫР Л1ЫГЪЭРАЩ.(Адыгэ псалъэжь)
Америкам и хэгъэгурысхэм хабзэ я1эт зауэм щыгъуэ я зауэ уэщк1э къыуэ1усмэ напэ уим1эжу, зауэм къыптек1уауэ къырагъэк1ыу. Я жэгъуэгъухэм къак1уэхэти уэщк1э къе1усхэт дыфтек1уащ, напэ фи1эжкъым къырагъэк1ыу. Я щ1ыбхэр ягъазу щежьэжам дейы Европэ щыщ я жэгъуэгъухэм фочк1э зэтыраук1ащ. Абы я хэгъэгурысым и нэхъыбэр тек1уэдащ я жэгъуэгъухэм зауэ хабзэ зэррамы1эр къагуры1уэху.
Адыгэм и зауэри л1ыгъэ щхьэти я жэгъуэгъухэми л1ыгъэ бгъэдэлъ гупщысэк1э язауэт. Ауэ жэгъуэгъум л1ыгъэ нэхъ сыт и1эми Адыгэм къырезэуэн щхьэ зэрихьэт. Зым сымэджэныгъэ къахилъхьэт лъапсэр игъэгъуну зым пц1ы зэхэлък1э л1ыфэ зытыригъауэт Адыгэр утыку иришэти езыр утыку къимыхьэу Адыгэр зэтыриук1эт.
Адыгэр и л1ыгъэм ил1ык1ащ. Зауэр л1ы хуэдэу къэсхынущ жи1эурэ зиухижащ. Аращи уи жэгъуэгъур мыл1мэ абы л1ыгъэ хузепхьэнукъым. Уи жэгъуэгъур зэхэбдзынущ. Уи жэгъуэгъур уэр хуэдэу плъытэнукъым.
Маргъущ Везир
05.09.2018

5 Eyl 2018 18:33

Адыгэм хуэдэ Адыгэл1хэ... бжыгъэк1э мащ1эми, ди1эхэщ... Панлы къуажэм сщы1ащ нобэ... Ныбжьыщ1э 20 хуэдизым Адыгэбзэ зрагъащ1э... Адыгэбзэ курс зэ1уахащ... Бзэр язгъащ1э Адыгэл1ым и ц1эр сигу ихуащ ауэ абы и дэ1эпыкъуэгъу нэхъыщхьэу сэри къыздэ1эпыкъуагъа л1ыхъужьыр хэтми сощ1э... Ахэр зэрыди1эр сыту гуапэ... Адыгэ фащэ зыщызт1агъэу зызгъэгъубэрэпщу щыт, ахъщэм игъэудэфа, Адыгэ зф1эщ1ижхэракъым Адыгэр...
Нобэ сызхуэза ди Адыгэл1хэм я бжыгъэр Тхьэм хигъахъуэк1э.

24 Ağu 2018 21:52

Дыгъэр къыкъок1.... Дыгъэр щык1уэхьэк1э бгыхэм тридзэ бзийхэр щыдыгъэнэпск1э къыщыкъуэк1к1э бгыхэм тридзэ бзийхэм ДЫГЪЭ ГУФ1ЭПС ф1ызощыр. Джанэи къыхуэсщэхунумэ...

17 Ağu 2018 06:43

Щхьэ пщысэк1э яухуа дунейыжьым дэр хуэдэуэ гук1э гупщысэхэр зыми тщымыщу ди щхьэжьхэр къыдолъэф1эк1ри дытетщ. Бэуап1э къыдамыту допсэу. Дигу зыдыримык1уэм дыримк1уэн папщ1э куэд дищхьэ къырок1уэ.

6 Ağu 2018 00:12

МАТРУШКА ГУАЩЭ
Матрушка гуащэ хуэдэу
Зэрыдох, зэрыту зэф1элъ пэжыр.
Пэмыщ1 къызэримк1ыныр зэрытщ1эу
Дымувы1эу зэрыдох.
Къик1ыр зыщи
Пэжыр зэхъуэк1къым
Ик1и ди 1уэху зэф1этхкъым.
Дроджэгури тщысщ пэжым...

Маргъущ Везир
02.08.2018
22:51

2 Ağu 2018 22:51

ПСЭ ХЭК1УАДЭ
Лъэпкъым щхьэ дылэжьым ди псэр дыхэлъщ... Лъэпкъым, тыгъэ хуэтщ1а ди псэхэр ик1и ф1эф1у ды1ех ик1и ф1ыщ1э намили къыхуищ1къым... Апщыгъуэ дэ дыпсэхэк1уадэщ, дыпсэхэл1эщ.
24.07.2018
23:00
Гъубж

2 Ağu 2018 20:19

ЗЭТЕХЪУЭ
Гум сыт хуэдизу куэд щызэтехъуа! Зэтызох зэтызохри хэщ1 щы1экъым... Хьэлъэр уэндэгъущ. 1эр щ1эбдзмэ 1эр пеп1ыт1ык1; уе1унщ1мэ къыпток1урыйэр. Гур къимлъэтыным нэсащи и псэр илъэтык1ыну къысщохъу. Ныджырк1э гумрэ щхьэмрэ къызролъэфэк1... Т1ури езэшащ. Жагъуэр яужэгъуауэ жьауэ зыдалъыхъуэ.
24.07.2018
22: 51 Гъубж

2 Ağu 2018 20:12

Гур мык1уэдмэ ди щ1ыгур ди гум къыдилъэтынщи анэуэ и бынyр сыт щыгъуи зришэл1эжынщ.

1 Ağu 2018 23:10

Уэркъыр и ахъшэм(парэм/сомым) тек1уадэракъым. Апхуэдэр тхьэмыщк1э ц1афтэщ. И ахъшэр и лъэпкъ 1уэху тезгъэк1уэдэфращ ди лъэхъаным и уэркъыр. Уэркъ дапщэ ди1э?

9 Tem 2018 23:41

Си щхьэгъусэм: Алыхь мы гуэгуш шырхэр Адыгэ къысщохъумэ!
Сэ: Ар сыт щхьэ?
Си щхьэгъусэм: Уеплъкъэ, абы яхуэтщ1а 1усыр зызпашурэ, хуей хуэдэу хуэмей хуэдэу яшхрэ пэт дазэрщхьэщыту джэдхэр адрей лъэпкъхэм хуэдэу 1этк1э мытк1э къыдохьэри я 1усыр ф1ашхижри дожижхэр!

8 Tem 2018 03:26

Зищхьэ удэрэщхъуарэ щIэн хуеймкIэ гурыщхъуэ зиIэм Iуэху худиIэжкъым Адыгэм.

8 Tem 2018 02:06

Мыхъу мыщIэм фыкъыдогъэл жаIэурэ лъэпкъ Iуэхур Iэпэдэгъэлэл зыщI пцIыупсхэм яупэмцIар я нэм щIэIун хуейщ!!!!

2 Tem 2018 03:04

Феужьэрэк1 маржэ Адыгэ 1уэхум! Феужьэрэк1мэ ди щ1эблэращ зи ф1ыгъэ зэк1ынур.

1 Tem 2018 00:37

Адыгэр дунейм трагъэтынкъым ара?! Даф1ытетынущ!!!!

24 Haz 2018 13:24

Псалъэр къырамгъажьэ ипэ ибгыр зэпомуд. (Ц1ыхур кыришэжьа/къыдыришея псалъэм хущ1омгъэгъуэж жыуи1эу)

22 Haz 2018 00:51

Гум гупщысэ пэжыр къыщык1амэ ар изудыфын уэлбанэ щы1экъым.
Адыгэ уэй уэй!
Черкесия уэй уэй!

22 Haz 2018 00:24

Угъуэймэ пщ1эфыныр пф1ок1уэд
Ущыгъуазэуэ пщ1эмэ ущ1эгъуэйын къанэкъым

21 Haz 2018 12:24

Ey Çerkes,
Kendini göstermek için dilini durmadan kıpırdatmaların yeter!!! Azcık da halkın için kılın kıpırdasın.

18 Haz 2018 20:14

Ущыщымы1эм уэр щхьэ зызухъуэнщ1эж, ущыщы1эм уи нэгу къигуф1эж ц1ыху дапщэ хэту п1эрэ уи гъащ1эм 😈😈😈

18 Haz 2018 16:18

Ипэ дипсэр зэщ1эзыщтахэм дазауэурэ зэдыщ1ыдодзэ лъэпкъ зауэм маржэ!!!

18 Haz 2018 01:50

Зигу ящтам/яубыдам Черкес къыхэк1ижынкъым.
М.В.

17 Haz 2018 22:51

Ягук1э зэхъуэну яжьэр зэхъуэхъу ц1ыху ц1ык1у 1энтичэм яубыдащ дунейр 😂😂😂

17 Haz 2018 21:52

Щ1эныгъэ мыгъэзэщ1ар забгъэщ1эгъуэн щхьэщи зыгъэзащ1эр зыщ1эм нэхъри нэхъ лъап1эщ.

11 Haz 2018 23:55

"Адыгэм сытри нэхъ дахэу егъазащ1эр." гупщысэр дунейм къытедгъэхьэжынущ.

11 Haz 2018 23:52

Зым къырихьэжьар адрейм нэтхьэсурэ нэдгъэсынущ Адыгэ 1уэхур.

11 Haz 2018 03:11

Ди лозунгыр/псалъэ-1этар "Адыгэ уэй уэй!!! Черкесия уэй уэй!!!"щ. Дигухэр зы гупщысэм щызэргъуэтым ди 1эхэм а гупщысэр зыда1этыну лъэк1ыгъуэ ягъуэтынущ.

10 Haz 2018 21:30

"Адыгэ уэй уэй!" щыжа1э дэнэи. Мыр дахэщ. Мы псалъэм хуэдэу "Черкесия уэй уэй!"ри дунейм къытегъэхьэн хуейщ.

10 Haz 2018 20:43

Гумрэ щхьэмрэ зэзгъэбгъэж, лъэхъан лъахъэ телъхьэщ мы ди лъэхъаныр.

9 Haz 2018 23:43

Тхьэусыхэныгъэ къудейм къыпхуихьыну закъуэр тхьэмыщк1энығъэщ.

9 Haz 2018 22:55

Пырхъижу умжьей Адыгэ! Къэушыгъуэ дахэщ!!!

9 Haz 2018 03:20

Уи 1уэху удэщхьэхыу, 1уэху зыщ1эм уащыдэхьэшхыу ущысщ. Емык1ущ зэбгъэк1ур.

9 Haz 2018 03:18

Зыбгъэщ1эгъуэжым къик1 щы1экъым ягъэщ1агъуэ 1уэху утыку къомылъхьэмэ.

9 Haz 2018 03:10

Псалъэр къырамгъажьэ ипэ ибгыр зэпомуд. (Ц1ыхур кыришэжьа/къыдыришея псалъэм хущ1омгъэгъуэж жыуи1эу)

9 Haz 2018 02:12

Мыпхуэдиз щхьэк1уэ ирикъунщ Адыгэ! И1э ди щ1ак1уэр дэвгъэщ1!

9 Haz 2018 00:29

Фейсвук комым сыт къомым(къэумым) тщырихьэл1эрэ. 😌😌😌

8 Haz 2018 12:12

Хэт жызы1эр Адыгэр зэф1эмыувэжыфыну!

8 Haz 2018 09:52

Гугъехыр, гум хуэмыхьу щхьэм ихьращ нэхъыбэу.

8 Haz 2018 09:46

Дэ нобэ Адыгэбзэратэмэ къытпхырык1ыр, къытпхырынэнутэкъым мыпхуэдиз гугъехь.

8 Haz 2018 09:45

Дэ нобэ Адыгэбзэратэмэ къытпхырык1ыр, къытпхырынэнутэкъым мыпхуэдиз гугъехь.

8 Haz 2018 09:44

Адыгэр пхырызгъэк1ынур Адыгэбзэщ.

8 Haz 2018 08:03

(Адыгэ)бзэр гъуазэщ, ц1ыхугъэм ухуэзгъазэщ.

8 Haz 2018 08:00

Лъапсэ дымыдзижыфыным къэсащ жыхуа1эу ди лъапсэр къыхатхъри хыф1адзат 1эткэ мытк1эм ауэ лъапсэ дыдзижынурэ дыкъэщхъуэнт1эжынущ.

3 Haz 2018 02:59

Зи ц1ыхугъэм едыгъуэурэ бей хъум и гур тхьэмыщк1эу дунейм йохиж.

2 Haz 2018 03:10

Ди унэгъу щы1э ц1ыхухэм я нахъыбэри язэрхэту ахъшэмрэ(сомымрэ) езбыхэмрэ я зэхуаку дэлъ гъуэгур мащ1э хъуху ц1ыхугъэмрэ езбыхэмрэ я зэхуаку дэлъ гъуэгур зэпэжыжэ махъу хэхэс гъащ1эм.

2 Haz 2018 03:06

Дызщ1эгъуагэк1э зы щымыхъук1э ди макъыр зы тщ1ыуэ ди макъхэм дызыхуейр итлъхьэуэ ди гъуагъэ макъыр къэдгъэщ1эуэ псэуми захэгъэхын хуейщ ди гъуагъуэ макъыр.

18 May 2018 23:0

Насыпым Хуэдз дыкъыридзри хьэ1уцыдз дунейхэм дыридзащ... :(

15 May 2018 15:24

Бзэм и купщ1эм ц1ыхупсэр хэлъщ ик1и ц1ыхугъэр абы хэщ1ыхьащ. Бзэуэ щы1эм янэхъыбэм мыхэр яф1эк1уэдри теплъэгъуэхэмрэ егъэщхьык1эхэмрэ нэхъ къэзмы1уатэ макъ защ1э зэхэхъухьахэщ. Адыгэбзэм иджыи псэ хэлъщ ц1ыхугъэу зэхэщ1ыхьа псалъэ мык1уэда куэд хэлъщ. Аращ бзэмк1э дигур щ1эныкъуэр дэ.

9 May 2018 13:09

А псалъэм солъыхъуэр, сытри ип1э изгъувэну, Тхьэми козмосми пхырык1ыу а сызэжьэр къызпезхьэжьэн...

8 May 2018 22:11

Сытхуэдизк1э узэрщ1агъуэмрэ узэрагъэщ1агъуэмрэ дыф1э1уэхукъым. Уи лъэпкъым щхьэ пщ1аращ дыгъэщ1агъуэр дэ.

8 May 2018 17:24

Ахъшэ зи1эм фэ къещэхури
Къытхуащэ мы лъэхъан пхъашэм
1ущым и 1ур гъуащи псы щхьэ
Бзаджэр псым тет1ысхьащи къыриткъым

6 May 2018 21:55

Япэр сытми хэзы1ухэу зи лъэр Адыгэ 1уэхум хуэмык1уэхэм япэм къырихур сыт!

3 May 2018 00:01

Адыгэ щ1эныгъэл1хэм Адыгэ културэм пыщ1а сытри къалэжьи архивым щ1алъхьэ гъащ1эм хамылъхьэу: "Тхуэныкъуэ хъумэ мык1уэду къэтщтэжынщ, сытщыгъуи къэтщтэжыфынщ." жари.
Т1э сэри сы1урылъ бзэм щ1ыгъуу архивым сщ1эт1ысхьэн сф1ощ1ыр. Абы щ1элъхэм хуэныкъуэнухэм сапэплъэн папщ1э.

17 Nis 2018 13:14

Узгъэудэ1ун щы1экъым. Лэщ1 уи нэпсри уипщ1энт1эпс зыхэгъащ1эи Адыгэ щ1эблэр гъэгуф1э. Апщыгъуэщ уипсэр щыудэ1унури, тщыгуф1энури.

9 Nis 2018 22:48

Ахъшэм зэришэр Адыгагъэм блэшащи къек1уэл1эжыгъуейщ.

8 Nis 2018 16:12

Батэр догъэш, ажэр къыдош
Дымылажэу щ1эхыу дозэш
Дымыжейуэ гъэщ1эгъуэнщи
Нэбэнэушу дызэдо1уэщхъу

6 Nis 2018 22:59

Уи лъэр темувэмэ уи псалъэм упсэхэл1эщ. Уи лъэр тетмэ уи псалъэм мис апщыгъуэ уадыгэщ.

3 Nis 2018 23:22

Жып1эм къик1 щы1экъым, тщ1эры1эн хуейщ.

2 Nis 2018 22:41

1уэху мыгъэк1уатэм и ц1ыхугъэр к1уатэкъым. Зым зым хуэбгъэк1уатек1э 1уэхур к1уатэкъым.

2 Nis 2018 22:40

Зэхомых зыкъэпщ1к1э къыптехуэр зэромыщ1эм и емык1ум ухэк1ыфын пф1эщ1рэ!

2 Nis 2018 22:35

Псалъэр зыгъэбагъуэу щ1эныыгъэм гъаблэ къыхуэзыхь ди куэдщ.

1 Nis 2018 22:51

Уэ Адыгэм къилъхуа Адыгэ бын;
А уи едэжьхэр зщыбгъэгъупщэу къыптехуэр умыщ1эмэ ,Тхьэм ещ1э,
къыпхуэфащэ бэлыхьышхуэр къыптехуэнущ.

1 Nis 2018 22:01

Зыкъэбгъэхъук1э хъутэмэ дэ хэхэсхэм къытпэхъун щы1энтэкъым.

31 Mar 2018 23:05

Уздэмыплъэу узхуэплъэрэ узхуилъижк1э зэдэплъагун щы1экъым.

30 Mar 2018 00:43

Псэури къыщ1эдлэжьыр унэм етхьэл1эжу къэдлэжьамк1э унагъуэр дригуф1эн щхьэщ. Лъэпкъым ди унэри Хэкуращ. Зыри къэдмылэжьмэ ди унэм щхьэ дызщыгуф1эн махуэи димы1эу пэмыщ унэхэм дахъуапсэурэ уэрамым дыдэк1уэдэнущ хьэулейыжьу.

29 Mar 2018 22:11

Уипсалъэхэм зыкъыребгъэхыу тхьэк1умэхэм дахэ зэхебгъэх защ1эк1э уи лъэпкъымк1э пщ1эн хуейр бгъэзэщ1а хъукъым. Уи пщ1энт1эпс зыхэмылъым уи 1уэху хэлъкъыми уи жьэр убыд.

27 Mar 2018 22:51

Ц1ыхугум и псалъэр пхырымык1ыу псэ зыхэмылъ макъыр псалъэу зыпхырык1ым яубыдащ сытырик1, къатехижын хуейщ !!!

25 Mar 2018 22:55

Псалъэ шэрыуэк1э
Зыб'ухьым къик1 щы1экъым
Шэрыуэуэ 1э псыпщ1эуэ
Феужьэрэк1, лъэпкъ 1уэху фщ1э

17 Mar 2018 00:13

Пэжыр фигу хэхьау зэрызхэвмылъхьам щхьэк1э пэжым ищхьэр ирихьэжьэжри ежьэжащ си Адыгэ...

15 Mar 2018 21:36

Псалэр зэпкъырыплъхьэк1э
Зэпкъырыхьэжкъым лъэпкъым и пкъыр.
Мыц1ыху щохъуиж пкъым щыщыр
Бзэр мызмэ хэзагъэжкъым.

15 Mar 2018 19:51

НЭФ
Зытщ1эжкъым
Зы дыщ1эжкъым
Зыкъэтщ1эжыфкъым
Бзэр ядгъащ1атэмэ щ1эблэм
Зыздэтщ1у тщытатэм
Къэпщ1ижынут къыщхьэрипхъуар

Маргъущ Везир
15.03.2018
19:40

15 Mar 2018 19:41

Къыщыптек1уахэм щыгъуэкъым, уэ иужь ущик1ижа щыгъуэм дежщ щыбгъэк1уэдынур жи Че.

15 Mar 2018 10:46

Дыгъэмрэ гугъэфIымрэ сыщищIасIэкIэ Тхьэр сыздырикIуэм гъуазэ схуэхъунурэ зикI гъуэгу сыкъытенэнукъым.

11 Mar 2018 00:26

Гури зэгъэнущ, дыгъэри сэ къысхукъуэкIынущ, гъащIэми зиужьынущ.

11 Mar 2018 00:16

И псалъэр жану и зыгъазэр зы мазэуэ щыт куэд къизэрыхьащ мы Фейсбукым.

10 Mar 2018 10:13

Уимы1эуэ пщ1эмэ гум уимгъэзагэу уи жьэм же1эри абдеж къыщонэ. Уи1эмэ бощ1эф умыщ1эри жыбо1эф.

5 Mar 2018 23:41

Пэжым дзыхь хуэзмыщIым щIыхь хуэфащэкъым.

3 Mar 2018 02:09

Жы1э да1уэ тхъуатэмэ адыгэбзэм къыджи1эр тхурикъунт щ1апхъэу.

2 Mar 2018 18:48

Ды1уэщхъмэ е дыбэлэрыгъмэ Адыгэр, гъащ1эр хьэщхъуры1уэ хъуащи къыдэ1энурэ хьэщхъуры1уэ дищ1ынущ.

2 Mar 2018 16:57

Хабзэмк1э гъащ1эр дыбзу, дыдижу зэрщыдмыт1эгъам папщ1э гъащ1эм дигухэр зэхибзэри хьэ удэфам хуэдэу тф1ишхащ.

2 Mar 2018 16:54

Адыгэбзэм ц1ыхур зырегъэзахуэр.

28 Şub 2018 19:12

Бзэ уи1эу умыбзэмэ оулъийри олъэлъэж. :(

28 Şub 2018 13:25

Угу1эфмэ гу пк1уэц1ылъщи аращ. :( :)

13 Şub 2018 15:12

Хамэм дахэсурэ дахэсыхьижащ ик1и зыдмыгъэхъеурэ ямэ къытщыуащ. Тщыуащ ик1и Адыгагъэм тщыуащ. :(

9 Şub 2018 01:11

"Дауэ зэрыхъунур?" жыт1эным тк1эрык1ыу "Щ1эмыхъун хуей щы1экъым!" гупщысэк1э гъуэгум ттехьэн хуейщ.

1 Şub 2018 00:42

Еплъык1э уимы1эу уигур быгъэплъ къудейк1э уи 1уэху к1уатэкъым.

27 Оса 2018 18:14

Адыгэр зэргупщысэр гущ. Адыгэм игур зехьэмэ Адыгэ псэук1э утыку къохьэ. Нобэ хэхэсым Адыгэ псэук1э щ1ыщым1эжым и къежьап1эр мис мыращ. Адыгэм игур зехьажкъым куэду. Дищхьэм химышыр мис мыращ. Адыгэм щхьэ гупщысэр ипэ иригъэщмэ къызэф1эувэжын къытщохъу щхьэ ткъызф1эувэжыфкъым. Адыгэм гум и гупщысэр ипэ иригъэщижу щхьэ гупщысэм дригъэк1ун хуейщ гум и гупщысэр. Гур тф1эк1уэдащи ди шыр жэжкъым. Гу хэгъувэжын хуейщ ди гъащ1эм.

24 Оса 2018 22:04

Уи к1уэц1м щыблэ нэху илъымэ шынапхъэр уэракъым. Умышынэ, ирик1уэ уи гъуэгу! Гъуэгум нэхугъэ куэд къыхуэзэнурэ нэхур нэхушхуэ зэдэхъунурэ к1иф1ыгъэм тек1уэнущ. Уи нэхур жылэщи, уи гъуэгури щ1ы хэлъхьап1эщ. Хэсэ уи нэхур! Плъагъунущ нахуэныгъэр пхъэщхьэмыщхьэ зэрыпхуэхъунур!

17 Оса 2018 16:54

Лъэпкъ 1уэхумк1э унэфрэ удэгумэ; нэфым хуэдэу узэрашэри, дэгум хуэдэу сытри къыпхужа1э. Пхуэшэчмэ мыр, шэчыншэу у напэншэщ!

17 Оса 2018 16:41

Уубзэурэ, зыбыбзыщ1урэ быбзыщ1ым пщ1э къыхуэпхькъым, тхьэмыщк1э!

15 Оса 2018 00:53

"И1э!" жыт1эу тхуемыжьэмэ къытхэ1эурэ тхьынущ зыщ1ып1и дызмыхь, тхуэмыхь ди гъащ1эхэр.

15 Оса 2018 00:10

Сщыц1ык1ум зитхъу щ1аха (зи шатэ траха) кхьуейт си насыпыр дызэртхьэмыщк1эм парщ1э... Ныджыи зи Адыгагъэ хаха гъащ1эм сыритхьэмыщк1эщ. :)

14 Оса 2018 22:12

Сэ сы Маргъущщ. Хэкум щыжа1э абы щы1ауэ щта Маргъущейм щхьэ:
"Маргъущейр игъущык1ащ. :( " жоуэ.
Догъущык1 Адыгэр тщык1ыурэ хамэ щ1ып1эхэм. :(
Аращи 1ущ дыхъуу ди къэру зэхэтлъхьэн хуейщ. Лъэхъанэр бзаджэщи дыгъэ дзакъэ хуэдэщ. Зы дыхъуу лъэхъанэм дыкъезгъэлын жьэуап1э быдап1э дыщ1у зытхъумэн хуейщ. Дызэбгырылъэлъыху зэрызурэ дипсэхэр гъущурэ хэук1уадэри сабэ махъу.
Догъущык1 маржэ!

14 Оса 2018 13:44

Нобэ лъэпкъ 1уэхум щхьэ фи ахъшэм фемыпхъуэм пщэдей къывэпхъуэнухэрэ фызэпкъыратхъынущ. Ахэм сытри ягъуэт. Ахъшэи я1эщ. Ик1и яц1ыхур фызэпхъуапхъэм фызэремыпхъуэу псалъэ гъущэк1э фазэрезауэр. Быгъэ1ылъыр къэпщтэжынущ. Нобэ сыт фи1э къихьми фыгъэ1ылъ, зэхэфлъхьэ лъэпкъым щхьэ.
"Къэхь!" жып1э къудейк1э "Мэхь!" жоуэ къыуаткъым зыри. Къэблэжьын, уи лэжьыгъэмк1э къэпщэхун хуейщ.

14 Оса 2018 13:28

Узыщыщыр бгъэгъуащэмэ щ1ым щыщ охъу!

14 Оса 2018 12:29

Махуэм махуэ къилъху щхьэ я псалъэр бгъэщи куэдым, езыхэри уэлбанэ хэлъхуэу ди1эхэщ шэи къэщ1эмк1ижу.

13 Оса 2018 00:03

Адыгэбзэмк1э гъащ1эр дыбзынурэ хуэфащэу щытт1эгъэжынут гъащ1эр. Ауэ мис си гур бзыгъэ бзыгъэщи гъащ1эм щыдэжын хуэхъуащ. Сыдэкъым мыр сэ, гъащ1эм си фащэр къыхэздык1ынущ!

8 Оса 2018 23:46

Гум хуэмхьижым гугъэр бы1эщ1ех. Ауэ сэ си гугъэр а ди Адыгэу Тхьэ хабзэк1э щ1ыналъэм тетахэм яйращ. Апщыгъуэ Тхьэм си гугъэм гъуэгу къыритын хуейщ.

8 Оса 2018 23:18

Анэдэлъхубзэр хуабэщ, анэри дэлъхури мылым хуэдэу къызощ1э1эк1 мы лъэхъан бзаджэм. Бзэджэнаджэщ гъащ1э есхьэк1ри. Къызэхьэлъэк1урэ изохьэк1 гъащ1э сытелъыр. Къыстелъыр къыщызнэу хуэфащэр фащ1э сыщ1ын хуейщ. Зы дакъикъа сыхуэхьижынукъым сэсмейуэ си гум хуэмхьижхэр.

8 Оса 2018 23:11

ЦIыхур, илъэр щIэхуу джэлэхукIэ иужъ итын хуейщ и гугъэм псэ хэлъхьэу щIыналгэм къытегъэхъуэным. Нобэм ди макъыр щынэсу щыщыткIэ Адыгэ Хэку/Черкесям, икIи я макъ къыщыднэсу щыщыткIэ дэ; лIо ди гугъэм тщIылъэмIэсуну щIыщытыр!

7 Оса 2018 00:37

Уи Хэкур зейыншэ пщ1ымэ узейыншэщ.

6 Оса 2018 20:17

Хэкур зей Адыгэ лъэпкъыр Хэкум ирагъэхьэжынукъыми хэкум дгъуасэ къихьу къущхьэм тесахэр зэрхуейуэ а хэкум исынущ ара!!! Ахэр дауэ ирахуа нэужь къэк1уэжыфынхэ пап1щ1э сытыр хуащ1ами Хэкур зейыпэ Адыгэми бжэр хуза1уахынущ, ф1эк1ып1э и1экъым!!!!!

28 Ara 2017 17:19

Зэрыхъунур мыращ, уэ уи хэкур убгынэмэ мис мыпхуэдэ 1улэхэм зыралъэфал1э уи блэк1ари уэри дунейм уиемта укъагъэхъу...
Фыкъэуш Адыгэ, Черкесяр дэдейщи фыкъыщхьэщыж.

28 Ara 2017 17:13

Ц1ыхум скъыщхьэщож жоуэ ущыуэу абы и пц1ым укъыщхьэщымыщ.
Ц1ыхур умгэпыуд ауэ абыи и къуэншагъэр домубыд.

19 Ara 2017 12:23

Пц1ык1э ныбажэ хъуа куэд къак1эщ1эжым ирогушхуэ нобэхэм. Ахэм ягухэри къэк1эщ1эжым яхэзэрыхьижащ...

19 Ara 2017 12:17

Псалъэм уф1эк1ыу зыри щыпхузф1эмык1к1э ущхьэхынэ къудейкъым, у ц1ыху гъэпц1эщи епхьэк1 гъащ1эри пц1ы защ1эщ.

19 Ara 2017 12:09

АДЫГЭ ХЭКУ/ЧЕРКЕСЯМ И БЫНХЭ
Узыхуейр мы нахуэмэ уи гъуэгур нэхукъым. Дызыхуейр нахуэу ди цIыхум къыжиIэнущ ипэ Iуэхууи адрей цIыхухэми ди гъуэгум дызертетынумрэ, дызыхуеймрэ ягурыIуэнурэ ди гъуэгум тхуихьынущ ди гугъэм.
Хэкурысым быдэу триубыдэнущ: « Ди лъэпкъэгъуу ди хэку патхъахэм -дунейм зэращIэ и цIэкIэ Черкесям патхъахэм- хэт и хэку къэкIуэжын фIэфIми зэфIыныгъэ хабзэм тету и хэку къигъэзэжыфын хуейщ.» жоуэ.
Хэкурысхэм быдэу траубыдэнущ: «ЕтIыуэнэрей дунейпсо зауэ нэужьым Черкеся ирагъэкIа Къэрщейхэмрэ, Балъкъархэмрэ Чэркесям къызэрагъэзэжыфа хабзэм хуэдэу зы хабзэ зы унафэкIэ Черкесям и цIэр зыхуфIаща Адыгэхэми къэгъэзэжыфIын хабзэ къахудэгъэкIынкIэ.»
Хэкурысхэм унафэ къэщтэн хуейщ: «Хэтым, сыт дуней еплъыкIэ зиIэм хэкубжьэр хузэIухын хуейми.»
Хэкурысым лъэщу и макъыр къыригъэкIын хуейщ: «Хэт Урысей Федерецием, сыт щхьэусыгъуэкIэ пасэм икIар къэралыгъуэ цIыхуу щабжкIэ дэ ди цIыхухэри къэралъыгъуэ цIыхуу фыбжын хуейщ жоуэ.»
Хэкурысым фIигъэнэн хуейщ: «Урысей Федерацием Адыгэхэм я Iуэхур къэралыгъуэ Iуэхуу зэфIихын зы къудамэ дунейм къытытигъахьыу ар игъэлэжьэнумкIэ.»
Зыми тхуейкъым зауэрэ банэрэ. Псэуми дызыхуейр ди бзэрэ ди хабзэрэ пщэдейм нэхьэсынщ. Жагъуэи, жэгъуэгъуущIэи тлъыхъуэкъым. Хэт Черкесям патхъамикI ахэм хэтыр хуейми абы ипщIэнтIэпсыр хэкум и нобэмрэ лъэпкъым и пщэдеймрэ хэлъхьэн Iуэхур дызхущIэкъу Iуэхугуъэращ.
Хэкум папщIэ илъэсищэкIэ зэуа лъэпкъым я щIэблэр я пщэдейм щхьэ пщIэнтIэн хуейщ нобэм. Ди блэкIам IэщэкIэ тхуахъумар дэ акъылкIэ пщэдейм нэтхьэсын хуейщ.
Бзэ-хабзэ-Хэку(Черкеся)
Маргъущ Везир
**22.12.17**

22 Ara 2017 22:45

Фи ц1ыху фыкъыщхьэщымыжу фи ныбэрэ фи бэкъурэ я чэфым нэхъ зыми фыкъыщхьэщымжижмэ 1уэхум и пэжым, ныбэфрэ лъакъуипл1рэ жыхуа1эм фыхуэдэщи зык1эрывупц1а лыри хьэрэмщи хьэп1ац1эм нэхъ зыми ф1эф1къым.

19 Ara 2017 01:27

Фи пэж псалъэ гъущэм фкъыщхьэщымыжу 1уэху пэж иужь итым фкъыщхьэщыжамэ псэури 1уэху пэж пэрыувэнти ди 1уэхури к1уэтэнт.

19 Ara 2017 01:13

УСЭЩ
Гум къыбгэдэк1ыр
Бгъэдэхьэмэ адрей гухэм
Е абы зыбгъэдишэмэ псэхэр
Усэщ ар,
Фыщ1эдэ1ук1.

Маргъущ Везир
30.10.2017
22:13

30 Eki 2017 22:13

Къыздэш1 щымы1эурэ гъащ1э хэщ1ым гур хигъэщ1урэ дэнэ сыздынэсынур... Сыщ1къым... :(

29 Eki 2017 23:57

Адыгагъэм и унафэм щ1эк1ахэу пэмыщ1 унафэ къытхуэзыщ1хэм дауэ "адыгэщ" жоуэ дакъыщхьэщыжыну!!!

26 Eki 2017 20:57

Зэк1уэк1ауэ пэмыщ1ым къадек1уэк1хэм ди ц1эр зырахьэурэ лей къытхузэрахьэри зэхъуапсэ ц1э зи1эхэм иреджэхэ, дэ къыдэджэу къыдбгъэдыремыпщхьэхэ. Дабгъэдэтынукъым, ахэр дэдейижкъыми!!!

25 Eki 2017 23:21

Зэр Адыгэ къудейм щхьэ дыкъыщхьэщыжкъым зыми. Адыгэ гугъэ зыхэлъращ дызыкъуэтыр.Адыгагъэр и 1эпэдэлэлу пэмыщ1 гугъэхэр зыхэлхэм дакъуэткъым. Адыгагъэр ипэ щырамгъэщак1э езбы я гъуэгу ирек1уэхи дэри гукъанэ къытхурамыщ1.

25 Eki 2017 23:14

Гур нэху къырек1, гугъэхэр зэф1ырек1, гур джабэ лъагэм щыхьэдырек1, зыри къыпыремгъуэк1ижу зыдежьам нэсхьэсын шым ирешэс...

20 Eki 2017 00:38

Дищхьэ дипсэ къырик1уар, ищхьэ ипсэ ирик1уэнущ зэхэзмыщ1э бзэджащ1эхэм.

14 Eki 2017 20:50

Ди тхыдэр фыбзыщ1к1э ар тщыгъупщэнукъым, мис утыку дитщ Урыс Унэфэщ1у бзыщ1ак1уэхэ!!!
Е хуэфащэк1э блэк1ар ип1э идгъувэжынурэ пщэдейр дахэу зэдэдухуэнущ, е фэр хуэдэхэм сытк1и фищхьэр фэдгъэужэгъунущ. Къик1уэт ди1экъым мыр зэвгъащ1э!!!
Лъэпкъит1ым я зэф1ыныгъэр 1эщэ тщынурэ мыбы фыпэлъэщынукъым!!!
Фэдгъэбзыщ1ынукъым зыри!!!
Дызэкъуэтщи дыздэлъэщщ ныджы нэужь!!!

10 Eki 2017 21:31

Дипсэм узыр къызэре1эр къыдгуры1уэри дыкъызэдэушащ.

30 Eyl 2017 21:25

Урысейм и унафэ гъэзащ1эхэм а кууэ дигу щ1эхьа ди узышхуэр тщагъэгъупщэн щхьэ сытри ящ1э ауэ а гуузыр зэр лъэпкъыу дигухэм къыщыушижу щ1идзащ. Ахэм зыф1амгъэыгуэрэурэ я щытык1эмрэ зытет гъуэгу щыуагъэмрэ къихьащ мыр. Нобэ а ди гуузым и гушхуэныгъэм гъуэгу ттришащи ахэм я зыф1эмгъэщ1ыныгъэр щ1ым щыщ ищ1ынущ ди гуузым къыбгъэдэк1 дызхуейыпхъэхэм и макъым.

30 Eyl 2017 20:53

Ик1и умбагъу, махуэ къэс ухэщ1у
Ик1и уи 1уэху уемлэжу махуэ къэс зыбгъэбэгыу
Ик1и ухуейуэ ик1и утхьэусыхэ къудейуэ
Ик1и узэрышхыу ик1и уи лъэпкъ ущытхъуиж закъуэу
Ик1и зыбгъэерыщу ик1и утыку укъимхьэфу
У лъэпкъ гъэк1уэд закъуэщи уздэк1уэ щы1экъым :(

27 Eyl 2017 00:15

Лъэпкъ 1уэху утыку щилъым ипхэк1э уик1уэтурэ лъэпкъым и насыпыр быгъэк1уэтэфкъым. Псалъэм ипэ зыкъибгъэщу, унафэм ипэ зибгъэщу 1уэху уипщэ дэлъыр адрейхэм яхуэбгъэк1уатэк1э лъэпкъыр к1уатэкъым, уи ц1ыхугъэри к1уатэкъыми уи ц1ыхугъэр йок1уэтык1.

27 Eyl 2017 00:06

Джэдурэ пэт и ф1ейр щ1ехъумэж.
Жэмрэ пэт ущ1эхьэмэ къотэджыр.

18 Eyl 2017 20:59

Къэхъу къащ1эр гурымыхьмэ шхыныр гум п1ихкъым... Руслан и гум 1ихкъым лъэпкъым къырапэсри мис и гум 1ихкъым шхыни мыпхуэду псэуни... 1уэхур мыращ зытетри Адыгэгур нэщ1у щытщи къызэщ1этаджу къэлэжьын хуейщ 1ырихын шхыныгъуэр!!!

17 Eyl 2017 00:27

Лъэпкъ 1уэхум ахъшэ къыхэтхын щхьэ яужь димытми ахъшэншу куэд тхуэщ1экъым. Абы папщ1э ахъшэ зи1эуэ ди лъэпкъым и къэк1уэным щхьэ гузавэхэр я ахъшэ къэрук1э, лъэпкъ 1уэху яужь итым зыщ1агъэкъуэн хуейщ 1уэхур к1уэтэн папщ1э хэхэсым.

7 Eyl 2017 20:11

Фопсалъэри дунейр фогъахъэ, ауэ л1о зыщ1эвмыгъэхъейр!!!

7 Eyl 2017 03:47

Жэщыбг хуащ.

Жэщ Бгым и щхьэщыгум сису вагъуэхэм сахудоплъей. :)

6 Eyl 2017 01:25

Угъумэ т1ымэк1э къахыыу къыбжьэдалъхьэтэмэ аслъэныр зыдэщысым и ныбэ из хъунт. Аслъэным и ныбэр из зыщ1ыр и гъумэ т1ымэнракъым, ц1ыхур зыгъэлъагэр и зыщытхъуракъым. Ди ц1ыхухэм хэт аслъэн къэумхэ, моуэ ефхужьэ ди 1уэхур аслъэным хуэдэуи лъагэм фыдывгъэ1эт!

5 Eyl 2017 00:16

Лъэпкъ 1уэхум фи мылкумрэ фи къэрумрэ щыщ хэвмылъхьэмэ мылкуми къэруми нэлъатыр догъуэгурык1уэ, фагъатхъэкъым т1уми пшыныпхъэр фымыпшынмэ.

4 Eyl 2017 22:54

Гур дэмэдазэти гупщысэ куэд къысхуеблэгъащ. Гъэхьэщ1эным сыкъелкъым.

4 Eyl 2017 00:26

Жэщ къэс хьэри кхъуэри зэгъажыху сщос ауэ гур нэху къытыридзэху загъэкъым :)

4 Eyl 2017 00:21

Гум ирихь псэур гум хуэхькъым.

3 Eyl 2017 23:04

Унэгъущ, а махуэри къэсынущ. Гум хъэн хуейуэ жи1эр си гъащ1эм щызгъэхъэнущ.

3 Eyl 2017 00:30

Ахъшэр Iэщэмэ
ИкIи фащэмэ
ЛIыгъэр пэмлэщмэ
Укъэукl сэр хуэдэу
Пцlану, гупlцlану
...

31 Ağu 2017 23:56

Унафи дим1эжу, ди унафи дытемтижу пэмыщ1хэм я унафэк1э лъэпкъ дыхъуфынукъыми унафэншэу дыпкъырыпкъщ.

29 Ağu 2017 15:56

Зыр зыр дыгъэгушхуэу дыздэгушхуэмэщ лъэпкъышхуэ тщыхунур.

24 Ağu 2017 21:02

Уэ си лъэпкъ,
Е ужейынущ е укъэушижынущ. Ужеймэ жэщтеуэ пщIыхьэпэм укIыхэзмыгъэкIыныр, укъэушми пэжыгъэхэмкIэ гъуазэ сыкъыпхуэхъуныр си пщэрылъ тхьэрыIуэщ.

30 Tem 2017 02:27

ИпIэ икIар ибгъувэжьыныр Iуэхушхуэщ ауэ ипIэ икIар игъувэжыным уи гъащIэр хуримкъуну щытмэ ипIэ икIар ипIэ изгъувэжыну уэ уи пIэ иувэнухэр нэхъ Iуэхушхуэщ.

30 Tem 2017 02:03

(Хэхэсрас зыхуэгъэзар)
Адыгэр джэгу жып1эмэ зэхосыр мыр хъэрзынэщ... Мы зэхуэсам я пщэдейри джэгу хъуфын щхьэ зыхуэныкъуэхэри ятхьэк1умэм лъэщу, 1ущу и1ущащэу, пщэдейм щхьэи джэгупщ1э ягъэт1ылъын хабзэ къыкъуэхын хуейщ... "Мы джэгум щызхуэсахэм мор ди лъэпкъ 1уэхущи ар дыгъэзэщ1эну фэри фи1э къихь къытхуэфщ1э..." хуэдэу. :)

28 Tem 2017 23:54

Адыгэр зыдырик1уэну гъуэгумрэ зыхуэк1уэнумрэ и унафэ къэтщтэн хуейщ хэхэсым, Хэкум дечэнджэщурэ. Гъуэгум къытехьамрэ дызхуэк1уэнур гугъэ зыщ1ымрэи япщэ дэлъхьэн хуейщ хуэфащэр. Гугъэм хуэк1уэ гъуэгум теувэ ц1ыхур хунэсынущ абы. Зэры жылэу гъуэгу тщыхутемшэнук1э Адыгэм и пщэдеймк1э гу къыхэщтык1 зи1эращ ди 1уэху зыхэлъыр.

25 Tem 2017 19:40

Лъэпкъ Iуэху зипщIэнтIэпс хэмылъыр и жып ифыхьа ахъшэкIэ уэркъ хъуа зыфIэщIиж щхьэ ар цIыху пэщIижрэ ахъшэ унэIутрэ нэхъ зыри хъуфакъым.

24 Tem 2017 03:17

ЗЫ АДЫГЭР
ТщыцIыкIум мыпхуэдэ зы гупщысэ тхэлът:
Зы Адыгэм ищIэ Iуэхур псэум нэхри нэхъ дахэу егъэзащIэр, Нэхъ дахэу утыку къырелъхьэр... Iэщым и нэхъыфIр, блымышхуэм и нэхъ уардэр Адыгэращ къэзгъэхъур. Унэм хэлъ бжэм я нэхъ екIур Адыгэращ зи IэщIагъэр... Адыгэм хуэдэу фIыуэ еджэф, Адыгэм хуэдэу зи гугъэм хущымыуэу хуэлажьэ щыIэкъым... Сэ гъащIэм сызезгъакIуэри, сыздэщыIэм сыкъэсхьари мис мы гупщысэхэращ.
07.04.2008
Маргъущ Везир

24 Tem 2017 01:06

Нэхур и нэм щIидзэ щхьэ кIыфIщ жызыIэу Iэбэлъабэ зищIу жьэрэIурэм и нэр къитхъын хуейкъэ!

23 Tem 2017 03:42

Пц1ы яупс, яупс, яупсри мак1уэри гу къэбзэхэм ирик1уэц1отыхьхэр. Т1ани фэщ1ыгъэ фащэр зыщакъуэри ц1ыху зыф1ощ1ижхэр.

21 Tem 2017 21:11

Дызыхуейм хуэдэ1ыми до1уэщхъу, псэури дыздо1уэщхъури, гурыщхъуэк1э дыздогъуэгурык1уэр.

21 Tem 2017 14:58

Дызэф1ынущ, дызщыгугъунущ, дызэгуры1уэнущ, дыздэпщ1энт1энущ мис мыпхуэдэк1э дыгъуасэм и у1агъэр дыгъэхъуижынурэ пщэдем лъэщыу дызэкъуэтынущ зым и къэрур адрейм дыхэхъуу, къэрур ц1ыху гъэк1уэд тедмыгъэк1уаду пщэдейм и дыгъэр къыттепсэнущ дригуф1эу, зридгъаф1эу.

13 Tem 2017 17:21

Гур маплъэ щхьэ нэм къыщхьэрепхъуэ, щхъэм хишкъым мы лъэхъан пхъашэуэ бзаджэм.

4 Tem 2017 00:49

Адыгагъэм зедгъэхьу къэдмыпсэлъыф щхьэ, зэманым къытхуихьау Адыгагъэм хуэмыфащэу гъащIэ етхьэкIхэм мыхъумыщIагъэ куэд зэр хэтри къэдмыпсэлъмэ кIэ ядгъэгъуэту Адыгэ Iуэхум гукIэ псэкIэ зеттыфынукъым хэхэсхэм.

24 Haz 2017 00:12

Уи гуащ1э зыхэмылъым уи псалъэ дыджыр хыомылъхьэ.

16 Haz 2017 22:49

Пц1ык1э ежьэр мэк1уэд, пц1ык1э зэдежьахэр зэф1ок1уэд т1анэ лъэпкъыр зэф1агъэк1уэд.

6 Haz 2017 03:03

Хэхэсымрэ Хэкурысымрэ я лъэмыжри я гукъыдэжри Адыгэбзэщ. Адыгэбзэр лъэщу зэдывгъэхьэ.

1 Haz 2017 21:20

Адыгэм и хэк1ып1э къудейр зэрыхэкурысу зэрыхэхэсу зэф1ыныгъэ гупщысэк1э зызэпищ1эжыу утыку иувэнращ.
Жэгъуэгъу зылъыхъуэу жэгъуэгъугъэм хущ1экъухэр адыгэ 1уэхум изэтекъутак1уэхэщ. Ахэр к1апсэк1э ягъэджэгу гуащэхэщи акъыл яхэлъкъым.

30 May 2017 21:15

Гуауэр пщхьэшыдмыхыфми дигук1э дриуыгъусэщ ди шыпхъу.

11 Kas 2015 14:05

Хэхэсым зигу зи1эмыщ1э ислъхьэу Хэкум нек1уа ди лъэпкъэгъухэм хуабжьу къыщыгуф1ык1а, хуабжьу зыгъэлъэпIа ди Хэкурысхэ; псэум ф1ыщ1э фыхудощ1ыр.
Фэ мамырыгъэмрэ ц1ыхугъэмрэк1э Адыгэ 1уэхум щхьэ фыкъызэщ1эхъеймэ Адыгэм и къэк1уэнур нэху хъунущ. Зэф1ынығъэк1э зызэпытщ1эу ди 1уэхур зэф1ыныгъэк1э етхьэк1мэ зэхэзехуэ дымыхъу ди 1уэхур ф1ык1э ик1э нэтхьэсынущ.

29 May 2017 22:00

Ди хэкурысхэр магъэ нэхъ лъэщу, нэхъ зэкъуэту благъэк1ащ щыгъуэ махуэр къызэрыслъытамк1э. Хуэфащу, зауэ банэм демыджэу, зэф1ыныгъэр зи купщ1э еплъык1эк1э дызэкъуэту дыздэлажьэм ди 1уэхур зэф1этхынущ. Псэури дызыхуейр мамырыгъэ/зэфыныгъэм епхауэ ди хэку дыгъэк1уэтэн, ди хэку къэдгъуэтижынщ. Урысри пэмыщ1ри дэр хуэдэу ц1ыхущ. Ц1ыхугъэм зэрзыхихыну, Алыгэм хуэфащу ди 1уэхум макъ еттмэ а макъыр гъащ1эм уэрэду щ1ыхэмувэн щы1экъым. Дэ зыри зэтеткъутэн ди гугъэкъым. Мамырыгъэрэ гъащ1эр дахэ щ1ынрэ нэхъи зыми зыхуэдгъэпсакъым.

24 May 2017 21:43

Уэ уи 1уэху пэмыщ1к1э хэт и1уэхуи быгъэзащ1эу уэуейр 1эпэдэгъэлэл пщ1ымэ зыми укъырадзэнкъым мис мыпхуэдэу уэ си хэхэс адыгэ лъэпкъ!!!

22 May 2017 13:43

У Адыгэ хуэдэу дунейм утемытмэ Адыгэуэ фэ къыуаплъкъым. Адыгэ хуэдэу дунейм дытевгъэт.

21 May 2017 23:48

Дыгъуасэрей дунейм ди едэжьхэр щIэзэуамкIэ нобэ дэ дымдауэмэ нэлъатышхуэр къыттехуэнущ

20 May 2017 22:15

Дунейм пэувыфын гу зык1уэц1ылъ Адыгэм, къыпыщ1элъ езбы и 1уэхур зеримгъэзащ1эр сытк1э къыбгуры1уэн!!!

20 May 2017 22:09

Хэкур дыIэщIатхъами, гъащ1эм дырихужьами дымгужьейуэ тхущ1экъумэ пщэдейм уэху жыт1энущ

20 May 2017 22:04

Адыгэ Iуэхур лIыгъэкIэ зэхуэлъэфэсахэракъым, гукIэ къекIуэлIахэращ зыгъэзэщIэнур.

20 May 2017 21:09

А зи псэк1э Хэкум и лъапсэр зыхъумэ ди адэжь анэжьхэм я псалъэр зэхэзыхращ Адыгэ 1уэхур зэхэсжижынухэр

20 May 2017 21:59

Псэури зыгуэрурэ мабжэр.
Нэхъыбэм е и ахъшэр ебж е и жьэм къихьыр къебж... :)

17 May 2017 19:40

Зомгъэхъейуэ уижьэ къудейр быгъэхъейк1э зри зэщ1эхъейэкъым.

17 May 2017 19:06

"Узыхэхьэм зыхэбгъэгъуэщэн хуейщ. " жи Адыгэ псалъэжьым. Ауэ Хэхэсым ар пхэнжу къэгуры1уащи зыхэсым зыкъыхагъэщкъым.

17 May 2017 11:49

"Ищхьэк1уэщ Адыгэм Хэкур зэрагъэбгынари хэт щыгъупщэжами а щхьэк1уэр абы Тхьэм щигъэгъупщэжынущ а дыджыр а дыджым нэхъри нэхъ дыджым ипсэр хидзэнурэ." жи си гум.

16 May 2017 22:57

Кытхубощэ къудейри ди пщэдейр ощэ, зыбогъэхъу щхьэ лIыгъэ пхэлъкъым.

16 May 2017 21:47

Нобэ уиIэм и пщIэр умцIыхумэ пщэдей узэкуэфэуэжынщ ауэ быIэщIэкIар быгъуэтижынкъым.

16 May 2017 21:45

Адыгэр къэушыфтэмэ зыщызэщ1эхъеям щыгъуэ дунейр зеригъэхъейыфынум гу лъитэнут.

13 May 2017 02:52

Зэхуэмыдэ зэдэфэкъым, зэдэмфа зэрышэкъым.

10 May 2017 00:03

Ц1ыху жьейуэ зи жьэм зи бзэгу къилэлу банэ къудейхэм уащымгужьей. Ахэм дзакъэну гу як1уэц1ылъкъым.

9 May 2017 23:57

Гъащ1эр шылэти къызэшхыдэурэ зызигъэущэхуат. Ауэ а зи хэкум псэ 1утлъэжынк1э къытщыгугъу ди едэжьхэм дэ дагъэ1уэтэн щхьэ яшэк1ар си гум итхьэк1умэм къи1ущэщэжащ япсэр. Гук1э сыук1ытэри си жьэр зэщ1эсхижащ япсэм ире1уэтэж жоуэ. Сэ ахэм сырабынщ...

9 May 2017 00:04

Къиптхъу утхъэжын! ( постмрлерн адыгэ псалъэжь)

26 Nis 2017 14:27

Хэтым и ц1ыхугъэр и гумк1э игу хэщ1урэ, лъыпс къыщиудурэ, джалэмэ къэтэджижурэ егъэпэж. Хэтыми и ахъшэмк1э зы ц1ыхуфэ къетхъыхъри гу к1уэц1ымылъу мэпсэури фэ ет1ыуэнэрейм ищ1эр нэхъ пэжу фолъытэр.

25 Nis 2017 17:55

ФыкIэрыкI Адыгэ Iуэхум щхьэ пхьэными лIы хуэдэу фыкъеувалIэ Адыгэ Iуэхум

23 Nis 2017 19:04

ПцIыкIэ фыкъызэубзэрэ фыкъызэхъуэхъу нэхрэ пэжкIэ фыкъызэшхыдащэрэт!!!!

23 Nis 2017 18:18

Ипхэк1э ик1уэтыр ипэк1э к1уатэкъым.
Адыгэр ипэк1э куэтэнщ хуэфащэр.

20 Nis 2017 22:29

Уижьэм къыпыщыщ дахэр уи1эм къыпымщыщмэ къыппыщыщыр сабэ къудейщ. Бопхъ къудей.

12 Nis 2017 16:14

Л1эмэ нэрыбгэ нэрыбгэу хьэдэ1ус зыхуаугуэшыну щыта ди л1эпкъыр хьэдэуэ 1ус яхуэхъуащ хьэк1э кхъуэк1эмрэ бдзэжьеймрэ. Из ныкъуэри хьэдэ жадэу зэрахуэу къытенащ атк1э мытк1эм. Уей уей Адыгэ жезгъэ1ахэм Уей Черкес Тхьэмыщк1э жыра1ащ...Илъэсищэм щ1игъу лъэхъанк1э зызхъумэжыфа ц1ыхухэм ипэ игум и лъапсэр, т1ани и лъэм и лъарсэр хэкум щагъэури мэлуанитым щ1ыгъу ц1ыхур жьыбгъэ к1эрахъуэм хадзащ истанбылымрэ инджылизымрэ я л1ыкуэ щхьэ гъэудэрэщхъуак1уэхэм.
Зигури зи лъэри хэкум памытхъахэращ лъапсэ зыдзу жыг хъуижыфынур. Дэ хэхэсыу жьыбгъэм къы1эщ1эк1ыф къытхэк1ми ахэращ лъапсэ зыдзижынур зыуи.

8 Nis 2017 11:46

Псалъэ гъущэкIэ дызгъэIущу езыр адыгэ Iуэхум и гъуэгум щыгъуэща куэдщ...

2 Nis 2017 15:48

Псалъэ гъущэм Адыгэ Iуэхум гуащIэ хилъхьэркъым, Iэр зынэсращ гуащIэр зыпылъыр.

2 Nis 2017 15:44

Уи жьэмкIэ бгъэхъэм щIагъэ щхьэпэ пылъкъым, уи IэмкIэ быгъэхъейынращ щIагъэ щхьэпэр.

2 Nis 2017 01:29

Аращэрэт... Мыращэрэт... Зэйы си гур загъащэрэт....

27 Mar 2017 22:49

Iэрысэ хъун хуейщ гупшысэр гъащIэм щыхэсэн щхьэ. ГъащIэм жыгышхуэ щыхъуу пхъэщхьэ мыщхьэкIэ жылэр игъэгуфIэн щхьэ.

21 Mar 2017 20:27

Сигури си псэри хэслъхьэнумэ зы зауэм абы сыадыгэуэ зы фIыгъэ
къысхуимхьынумэ ар лIо си зауэ щIэхъунур, лIо абы сыщIытекIуэдэн щIыхуейр!!
Хэхэсу мыращ нобэ нэс къэхъуахэм къыхэсхар жи Tarık Topçu..

19 Mar 2017 20:04

НафIэ зыщIэмылъу къавэм хуэбагъэ быгъэдэлъкъым.
Мышууэ шыгъу зыхэмылъым и пIастэри мышущ.

(постмодерн адыгэ псалъэщIэхэ :) )

16 Mar 2017 22:13

Хэкурысу Адыгэ Iуэхур зымгъэкIуатэ пшэгъу нэпцIхэм факIэрыкIи хэкум и цIыху
Адыгэгу зэрылъ цIыхухэр пшэгъу фыщI. Ирикъунщ дызэрщхьэдашар.

16 Mar 2017 21:30

Хэкурысмэ Хэхэсхэмрэ зыр зыр зэпызыщIэн IуэхукIэ пшэгъу щызэрыхъуам дежщ
ди Iуэхур ипIэ щиувэнур.

16 Mar 2017 21:25

Бзэ хьэхукIэ нэху хъунукъым ди пщэдейр.

13 Mar 2017 23:33

Хэкур яхъумэн щхьэ я джатэ зылъу ялъкIэ хэкур зыгъэфу щытахэм я щIэблэ
гуэрхэу хэхэс гуэрхэм я дзэмрэ я псалъэмрэ зыхуалъурэ къолъхэр нобэхэм.

12 Mar 2017 22:15

Алыгэу, адыгэбзэу, адыгэ гупщысэк1э макъ еттынущ ди пщэдейм. Хэкум
тедгъэпсыхьынущ ди пщэдейр. Дипкъыр нэмысми зыгуэрурэ ди къэрур
нэсыным гъуэгухэр и1эщ хэкум. А гъуэгухэращ дызылъыхъуэри дызыпылъри...

2 Mar 2017 17:20

ГУКIЭ ЖЫСIЭХЭР

Къаршейхэмрэ Балкъархэмрэ Адыгэхэм дэгъусу республика тIум исхэщ. Къаршейхэри Балкъархэри 1944 гъэм зыдисхэм ирахури илъэс 14 нэужьым здырахуам къэгъэзэжыну хуит ящIижащ. Къэралыгъуэри ядэIэпыкъурэ езбы зыдикIахэм къыщымынэу Адыгэ щIыгужьхэм итIысхъахэщ. Адыгэм и %90 хуэдиз цIыхур 1864 нэужьым и хэкум ирахуат. Къаршейрэ Балкъархэмрэ нобэ хэхэсым щыIэм уеплъмэ мин 100 хуэдизым нэс нэмысщ. Ауэ Адыгэ хэхэсым уеплъмэ мэлуан 5ым куэдкIэ фIокIыр.

Къэршейхэмрэ Балкъархэмрэ нобэм Черкеся зицIауэ щыт щIыгухэм ису щыт Адыгэхэм дэгъусу Адыгэхэм яцIэ зезыхьэ республикахэм яцIэхэр гуэту республикитIым дигъусу исхэщ. Республикахэм ди цIэхэр щыгуэткIэ дэри ныкъуэ ныкъуэу дызэIэхьэгъущ жари утыку къоувэфхэр. Адыгэуэ хэхэс хьуа цIыхухэм ибжыгъэмрэ я хьэкъымрэ зыфIагъэщIкъым. Езыхэм ябжыгъэр Адыгэр и хэкум щисым куэду зэр нэхъ мащIэр зыми жиIэкъым, 1944 гъэм езым ящхьэ къырикIуар зэпымычу жаIэр. Езыхэр къэкIуэжа нэужь зэтеувэжа я бжыгъэмкIэ ди Iэхьэгъуу ди щIыр яугуэшыну я мурадщ. Мыр яхуэдденукъым. ЩIыр гуэшын Iуэху тхэхьэнумэ тщыхэхьэнур Адыгэми къыращIар ипIэ игъувэжа нэужьщ. Къэршейри Балкъарри къызэрагъэзэжам хуэду Адыгэми къэгъэзэзыфын Iуэхур мытэрэзауэ, Адыгэм и хьэкъыр мытэрэзауэ зыри яхуэдденукъым.

04.03.17

Маргъущ Везир

00:15

4 Mar 2017 00:32

Гупщысэ екIу къудейм зыри къикIкъым. А гупсысэр лъэпкъым гъащIэм хибзэу хабзэ хуэмыхъумэ.

25 Şub 2017 16:24

Лъэпкъ Iуэхур зылэжь езбы и цIыхур зымгъэлъапIэ цIыхухэм хабзэр Iуэрдэвардурэ щагъэлъапIэ мы Фейсбукым. Сыту гуфIэгъуэшхуэ дыдэ!!!!!!

19 Şub 2017 22:11

Адыгагъэм щхьэ псалъэм псапэ къихькъым, Адыгэу зы гуэрэм и к1апэ зыубыдращ псапэр зейр.

16 Şub 2017 22:57

Хабзэм бзэ хэмылъмэ хобзэр. Атк1э мытк1э щыдэжьын хуей махъури гъащ1э щэк1ым къыхэщ1ык1а фащэр къыдэк1укъым, тхуэхъукъым.

16 Şub 2017 21:01

Сэ а зэхэсх, бзэм къызжи1э дахэращ 1э къыздэзылъэу мы адыгагъэр уагэ щыхъуа лъэхъаным хъуэт щызрызихьа, лъагъуэ зим1эж гъуэгум адыгэн гугъэр сэзмыгъэухыр...
А макъым щхьэщ псэр гуф1эуэ щ1атыр.
Сэ си тыгъэр симыпсэми сипсэр зыхэлъ сылэжь т1эк1уращ.

16 Şub 2017 20:14

Адыгэ щыIэщ зыи Адыга щыIэщ. ЦIыхур Адыгэмэ ещIэр, елэжьыр Адыгэм щхьэ. Ар Адыга къудеймэ мэпсалъэр, щхьэр еубатэр, зыкъегъэхъур, ныбэрыцIэщи и ныбэрэ и бэкъурэщ щIэпсэур.

2 Şub 2017 20:30

ДафIэлIыкIыурэ, лIы дауэ тхъуну! ДафIэлIыкIыурэ дауэ дефIэкIуэкIыну? КъытфIэлIыкIхэмэщ лIы тщыхъунури, тщефIэкIуэкIынури!

27 Oca 2017 21:45

Зы"гу"рымыIуэм "гу" зэркIуэцIымылъым щхьэщ щIыгурымыIуэр...Абы и гур дэгущи иIуэкъым.

27 Oca 2017 20:56

Хъур зымыщIэу зыкъэзгъэхъу ди куэдщ. Аращ мыхъуныгъэр дыщIиIэнатIэр.

27 Oca 2017 19:40

УмIущмэ ущащэ мы лъэхъаным пэмыщIым уари ахъшэщ(сомщ).

25 Oca 2017 19:55

Бзэр гъащ1эм псэуэ щопсэу. Гъащ1эм хэмытыжмэ хуэфащэу, ар ипсэм йоджэ.

13 Oca 2017 09:40

К1ыф1ыр къыддэгъуэгурык1уэми дэ нэхумк1эщ дыздэбакъуэр.

24 Ara 2016 19:05

Гум ирихьым гъащ1эр имыхьмэ гум хуэхькъым.

22 Ara 2016 19:30

ХЭХЭСЫМ,
Зыщыщыр зыгъэгъуащэр щ1ым щыщ мэхъур. Ауэ зыри къыщымык1ыу щугъэу, гуащ1эу щ1ыр зэщ1ейэри щ1ыр еуц1эп1.

10 Ara 2016 16:11

Дэ нобэ л1ы дыхъумэ, пщэдейр махуэ тхуэхъунщ.

29 Kas 2016 09:21

А щ1ым хэкуэдауэ зипсэ нэхухэр си гум къиунахуэхэм я гугъэ нэхум къызигъэхъул1энущ ф1эк1ып1э имы1эу си гум илъыр.

26 Kas 2016 23:07

"Адыгэр мопхуэдэщи, мыпхуэдэщи, сэри сы адыгэщи, арати, мырати..." жызы1э куэдыр адыгэл1къыми адыгэр зыл1щ. Ар мыхъуамэ адыгэл1 хуэдэу утыку къиувэнхэти, адыгэм и пщэдейм япщ1энт1эпсыр хагъэт1к1уэнт.

20 Kas 2016 17:42

Зэпыреч сезыпхыр
Зэпыреу уагэр
Къырепс зэи сэр щхьэ дыгъэр
Ипсым иретхьэщ1 уф1ыц1агъэр

17 Kas 2016 23:32

Щ1ыналъэр къырехьэк1 гум
Ауэ щ1ыналъэм гур хуэхькъыми
Гурымыхьщ мыр.

25 Eki 2016 23:56

Гугъукъэ т1э ,
Гъащ1эм уил1у
Адыгэл1 ухъуныр...
Умыл1эмэ л1ы уохъ жа1э,
Махуэ къэс уил1мэ гъащ1эм
Псэр п1урык1у къып1урыхьэжу
Махуэ къэс тщыл1эк1э
Л1ы тхъуфын гугъэ щы1э...

17 Kas 2016 23:24

Зыдэпщ1э зыри щыщым1эжк1э уздызэдэк1уэни щы1эжкъым. Пщ1эр къыбдамубыду псалъэ гъущэк1э къыпкъуэтхэр уи жэгъуэгъущ нэхъ уи щ1асэкъым.
Лъэпкъым щхьэ зи 1эпхъуамбэ зымгъэхъейуэ дунейр зыгъахъэхэр ди жэгъуэгъу нэхъыщхьэхэщ.

7 Kas 2016 21:33

Сэр, хуэмыфащэм 1эщ1элъымэ ц1ыхум и псэхэхщ.
Диныр, хуэмыфащэм и 1эщэмэ ц1ыхур егъэ1уэщхъу.
Адыгагъэр, хуэмыфащэм и гу шэрхъмэ ц1ыхур щхьэдещ.
Апщыгъуэ псэуми к1эрык1и пхэлъыр къыщ1эгъэщи уц1ыхурэ умц1ыхурэ дэгъэц1ыху.

25 Eki 2016 18:39

Си закъуэ сщыпэмлэщкIэ, мыр лъэпкъ Iуэхущ.

4 Eyl 2016 23:23

БэмпIэгъуэмэ цIыхукIэ зэджэр
Къыпхуреджэр ээгуэудыгъуэр.
И гур мыФIым зы цIыхущхьэм
ЗдырикIуэ щIыпIэр мэуФIей.
Зи гур зэву зицIэр цIыхум
ЗэхеуцIапIэ цIапIэу дунейр.

Маргъущ Везир

23 Tem 2016 01:17

Аращи куэд мэхъу, куэд къыщохъу хэхэсым.
Хэхэсым сыным хуэдэу дитщ, ФIыуэ дыкъыщIалъагъуни щыIэкъым. ТIэ, хэт кхъэм хэт сыныр ФIыуэ зылъагъунур!... Нэсижын хуейщ хэкум. Нэсижу жылэу зыхэсэжын хуейщ :(

25 Tem 2016 01:28

Диущыкъуеихьащ хэхэсым, дыпсокъым, ды хьэдэжадэщи дипсэр пыжащ. Зы дызыщ1ижынури, псэ къытхэзылъхьэжынури, псо дызщ1ижынри Адыгэбзэращ.

19 Tem 2016 00:25

Сэ, "дэ" тщыздэхъум щыгъуэщ "сэ"уэ сщыщытыр.
( "1убунту"к1э зэджэ африкэ еплъык1э)
Адыгагъэм и купщ1эу дыгъэк1уэдар мис мы гупщысэращ.

12 Tem 2016 00:48

Адыгэм щыгъупщар "1убунту"щ. Амратэмэ куэд тхузэф1эк1ынт. :(

11 Tem 2016 16:08

Адыгэбзэр ц1ыхугъэм и 1унк1ыбзэщ. И1э, фэри 1эпэ щ1эвдзэ.

29 Haz 2016 22:21

Лъым итхьэщ1 хуэфащэр гуращ. Лъы къик1ам зри итхьэщ1къым, мапц1эри гъащ1эр егъэуф1ыц1.

26 Haz 2016 03:26

Хьэдрыхэм зри зыдэдмыхьыфу жа1эр, пц1ыщ. Гум ипщ1амрэ псэм хэпщ1амрэ дэни къыщыддэк1уэк1э абыи тщиут1ыпщынкъым :(

24 Haz 2016 00:54

Гугъэр хуэфащэмэ бжэхэр къытхузэ1ук1ынущ :)

12 Haz 2016 22:07

Пц1ык1э ежьэм пэжыр щ1ымахуэ хохъури пц1ы зыупсар пц1энабзу шылэм къыхонэр.

29 May 2016 20:51

ПЩЫ
Сопщ гъащ1эр
Гъащ1эм сызхепщыхьэжри
Сыземк1уэфу сопщ.
Гъащ1эм уипщ1эр
Блымк1э щапщ,
Пщ1эм къихь щы1экъым
Зызмыщ1эжыр мэпщ

Маргъущ Везир
21.06.2016
00:52

21 Haz 2016 00:54

У1ущмэщ ущылъэщыр.

23 May 2016 00:30

(къысхуэвгъэгъу псалъэр т1эк1у пхъашэщ)
Зи ц1эмк1э и жэгъуэгъур зыгъащту щыта Адыгэм и щ1эблэм и нахъыбэр нобэм и къэкхъум щощтэжри мыр сыту гууз :(

22 May 2016 17:39

Зипсэхэр маф1эм исурэ и хэкум къыпатхъа ди едэ-енэшхуэхэ,
Фэ хэкумк1э фи1а гугъэр нобэ дэри дохъумэр.

18 May 2016 21:54

Майым и 21м теухуауэ:
Ди едэшхуэ-енэшхуэхэм щхьэ щыгъуэн 1уэхур дыгъэт1ыльу ахэм я хэкум щхьэ зыратижа псалъэр къэтщтэжу дыгъэпэжын хуейщ. Ди хэкум дигури дилъэри етпхижын хуейщ ди щыпэ 1уэхуу.

18 May 2016 20:10

Лъэпкъыр зыгъасэри, пщэдейм нэсхьэсыри бзылъхугъэращ. Абы щхьэ бзылъхугъэр нобэ дызхэтыр фык1э зэгъэк1уэк1ыным и къэру нахъыщхьэщ. Мыбы щхьэ адыгэ 1уэхум ахэр гук1э хэтшэнхэ хуейхэщ.

18 May 2016 13:04

МЫСМЭ
Мысмэ адыгэпсэр и лъэпкъым папщIэ
Щысмэ мыкIуатэу уэ хъунур къащIэ
Апщыгъуэщ щысынур абы ипщэдейр
Пщэхъур щылъысу щихъунур ипщэр

Маргъущ Везир
16.05.2016
23:39

16 May 2016 23:40

Майым и 21м пыхьэм дык1эрык1ыу ди лъэпкъ 1уэхум и ужь дихьэн хуейщ и к1эщ1ып1эк1э.

16 May 2016 21:24

Уэршэрэгъуу къырамыдзэм, псалъэн нэхъ, ц1ыхугъэ зыхэмылъхэм я къэвап1эщ нахъыбэу мы facebookыр.

13 Mar 2016 18:24

Гум и дыгъэщ адыгэ бзылъхугъэр.

7 Mar 2016 18:09

Уи псалъэм псэ хэмылъмэ гъащ1эр зыщ1оулъийэри сабэм хэузэрыхь.

1 Mar 2016 19:40

Ди Адыгэм я нахъыбэр къэплъэнэф хъуа къысщохъу хэхэсым. Амратэмэ дыщ1эзп1ытэ ди хьэлъэм къеплъхэу, и къуапэр ямубыду щытыфынхэтэкъым Адыгэм къилъхуахэу щытхэмэ.

1 Mar 2016 19:35

"Гупщысэр къыбдэз1ыгъщ" жызы1э къудейр пц1ыупсщ, ар уизакъуэ уигъэхьыу щытмэ.

29 Şub 2016 11:07

Псалъэк1э дунейр дыгъэхъей дызф1ощ1иж ауэ дипсалэм игъэхъей къудейр жэм къыщыжьдэк1ым деж жьыр зэригъэзджыдж къудейращ. Псалъэм псэ хэтын, къэппсэлъым псэ хэлъхьэн хуейщ. Хьэдэ жадэ 1ущащэм псэ игъуэткъым.

16 Şub 2016 20:24

Зомгъэхъейуэ уигур зэщ1эхъейыныр щхьэ гъэпц1эщ

16 Şub 2016 20:08

Псалъэм псэ хэлъ щхьэ псалъэ къудейм къыщыбнэр дунейм къытехъуэкъым.
“Мор мырат”ым, “и пэжыр сэ сощIэр”ым къикI щыIэкъым. Гу лъытэнми къикI щыIэкъым. Гу зылъыптам гукIэ ухущIэмыкъумэ а гу лъытэми пщIэ иIэкъым.
Псэуми жыдоIэр “Адыгэр дунейм хуэФащэу пщIэ игъуэтыу тэтын хуейщ.” Жоуэ.
Ауэ мыр псалъэм къыщыдонэри, псэ едгъэгъутыФкъым. Аращи псалъэ гъущэр гъуазэ хъуФыркъым.
Лъэпкъым щхьэ зыгуэрэхэр щIэн хуейщ жыдоIэр. ДыщIэну дигу идоубыдэр ауэ пщэдейм къэдгъанэурэ илъэс куэдкIэ зыдмыгъэхъеу дыщосыр. Дыздынэси щыIэкъым.
Щсыгъуэкъым, батэ гъэшыгъуэкъым… Псалъэм псэ егъэгъуэтыгъуэщ. Гу зылыттам гукIэ къэру тегъэкIуэдэн хуейщ. Ауэ пщэдейкъым мыр ,иджыпстыущ!
Маргъущ Везир
23.12.2015
23:47

23 Ara 2015 23:55

ЗызмыщIэжыр зыфIощIижыр :)

18 Kas 2015 17:17

Нобэ жыпIам пщэдей утемтынумэ, уэ егъэщIэкIэ теувапIэ быгъуэтынукъым.

11 Kas 2015 23:53

Псэм къыхэпс псалъэр щыпхырымыкI мы лъэхъаным ахъшэр сытми пхырокI, апхуэдизкIэ пхырокIри гухэр пхыреудри цIыхум и лъэр щ1еудыр.
(Маргъущ В.)

2 Eki 2015 00:02

Адыгэ лIыр мылIмэ, АдыгэлIщ(Адыгэныр зыл1щ).

28 Eyl 2015 09:44

Умшынэ!
Умщынэ!

13 Eyl 2015 01:25

ДИ БЗЭР
Лъагъуныгъэщ, Тхьэ Лъагъуэщ
Долъагъу мисыр гум къолыдэ
Ар дэ дипсщи дипсэр йоФэ
...
Псэ зыхэт зы макъамэщ
Зэхыдохыр ар ди Тхьэ макъщ
29.08.15
Маргъущ Везир
02:20

29 Ağu 2015 02:27

**ГЫБЗЭ КIуэцIырреху ипрреклуэдиж КIуэцI зимыIэ цIыху пэщIижхэр яФIэмыщIижыу пэр щIым щыхъуау. ... я куцIыр куыгъум ирреФыкIи Иррегъэгъу зи кур цIапIэр Ирреджали зэгурреуд Я Фа кIуэцIыр щIыгум щыщыу.**

3 Haz 2015 22:47

Щхьэ Iуэхум нэхри лъэпкъ Iуэхур нэхъапэщ. Хэт лъэпкъым щхьэпэну зыгуэрэ ищIэу абы къыдэдубыт дыхъум мис абдеращ дэ дыщыкIуэтэнур.
"Сэ нэхъыФIыу сощIэр" жыпIэу лъэпкъым и пащхьэм зыри йомылъхьэу икIи зыщIэри бгъэлъэпэрэпэн яужь уитынракъым лъэпкъыр ФIыуэ лъагъукIэр. ИкIи уищхьэ Iуэхур лъэпкъ Iуэхум пФIыхэзэрыхьамэ лъэпкъым хуэпщIэжын щыIэкъым.
Албэч, мис мобы мыр жиIати ищIати жимыIэу и лэжьыгъэр лъэпкъым щхьэ ди пащхьэ къырилъхьащ. МылкукIэ дэдмыбудыФами дигукIэ дэтIыгъщ. Тхьэм игъэФIакIуэ.
ЦIыхур и щIэныгъэкIэщ, и лэжьыгъэкIэщ зэрыпсэлъэн хуейри хэти сыт игу зыхурелъ ар иужь къизмынэр иужьщ дэркIэ.
Хэт лъэпкъым щхьэ зыгуэрэ иIэтми ар дэIэтынращ адыгагъэр. Адыгагъэр, адыгэр пФIэмIуэхуу уищхьэ ФIэлэл закъуэр ебгъэгъэлъэпIэн щхьэ иужь узэрытын гуэрэкъым.
18 Mar 2015 15:05 güncellendi

18 Mar 2015 15:05

Ей Адыгэ,
Уипщ1энтэпс зыхэмылъыр уэуейкъым. Ик1и Адыгагъэри ик1и хэкури...

2 May 2015 13:58

Къыппахыр щаухам де, къыппалъхьэр куэд хъууэ щIедзэр.

12 Ağu 2014 17:18

УипщIэнтэпсыр зынэмысыр уи хэку дауэ зэрыхъунур... ДЫлэжьэн хуейщ.

12 Ağu 2014 00:46

Уибзэр Адыгэбзэу щомгъэ1уфижк1э, убзэмы1ущ тхьэмыщк1э :(

16 Tem 2014 03:12

(усэу къезгъэжъа щхьэ зыми емыщхьижа псалъэхэщ)

къихь слъэгъуакъым гъымрэ пыхьэмрэ...нэпс шугъэ къежэхракъым пщIэнтэпс шугъэращ лIыгъэр....адыгъэ лъэпкъым лIыгъэр дыIэщIэкIуэдыкIащ...дищхьэ къырикIуам дринэщхъещ ауэ дымыпщIантэу нэщхъ зэхэдукIэм дызэхэукIэр, дыкIуатэкъым...

27 May 2014 00:44

Ди Iуэхухэр шIэмыкIуатэр къызгурыIуащ... Iуэху къытпышIэлъхэм и гугъу дошI ауэ зэфIэгъакIыгъуэм Iуэхум и гугъу дымышIыу зыдэщыIэм къыщыдонэ. Абы щхьэ ди Iуэхур кIуатэкъым. ИIэ тхужыIэкъым, иIэ жызыIэм дэдубыдкъым... Зи гугъу дымышIым мыпхуэдэурэ гъашIэр гугъу къытхуешI :(

30 Ağu 2013 23:40

Адыгэм "Зибзэ IэфI мэлым щынищэ шIофыр." жаIэр. Зибзэ IэфI мэлым дыхуэдэщ. Дымлажьэу, дымбанэу, дымзауэу бзэ IэфIымкIэ къэдгъэдела дыфIэшIурэ жылэр, ди шэ тIэкIуур дышIафыкIыр.

5 May 2013 17:16

Адыгэм дщыгъупщэнукъым къытщыщар. Ауэ дыщыгъуэнукъым.
Щыгъуэм къихь щы1экъым. Дылэжьэнущ. Ф1ыр мыпхуэдэу зыхуэдгъэфэщэнурэ а фащэр зщыт1т1вгъэнущ

18 May 2008 15:18

19 Ara 2007 17:30